



## PWOJÈ KORE FANMI

KREYÒL  
AYISYEN-AYITI

# Vaksinasyon

## MANYÈL FÒMATÈ

Yon modil nan pwogram fòmasyon  
pou Ajan Kore Fanmi





## **COPYRIGHT POLICY**

Published by Partners in Health. Subject to the rights of Partners in Health, this publication may be freely reviewed, abstracted, reproduced, or translated provided that all copyright, trademark, and other proprietary notices are included in such use. No portion of this publication may be sold or otherwise used or distributed in conjunction with any commercial purpose. ♦

## **ATANSYON: Manyel sa pa vesyon final. Enfòmasyon ki andan manyel sa ap tann apwobasyon MSPP.**

Manyèl sa a se youn nan modil fòmasyon prensipal ki pou sèvi nan pwojè pilòt *Initiative Agent Communautaire Polyvalent (IACP)* a an Ayiti. IACP se yon travay tèt ansanm ant gouvènman Ayisyen an, Banque Mondiale, UNICEF, Programme Alimantaire Mondial, Partners In Health/Zanmi Lasante, ak World Vision. Objektif pwogram sa a se rann sa vin pi fasil pou fanmi Ayisyen, sitou sa ki pi frajil yo, jwenn premye swen ak sèvis ki pi ijan yo.

Fòmasyon an ap bay Ajan Kore Fanmi (AKF) yo posiblite pou yo byen prepare entèvansyon yo epi pou yo byen fè travay pou yo: 1) bay fanmi yo fòmasyon sou nitrisyon ak lasante; 2) bay fanmi yo materyèl ak sèvis ki pi nesesè yo dirèk; epi 3) ranfòse sistèm referans lan yo pou ede fanmi yo jwenn sèvis lasante ak sèvis sosyal pi fasil.

Se patnè pwojè a ki devlope materyèl sa a nan tèt ansanm. Se Banque Mondiale, UNICEF ak Programme Alimantaire Mondial ki finanse pwojè IACP a.

Nan dokiman sila a gen enfòmasyon ki soti nan : *Programme Elargi de Vaccination(PEV): Manuel de Normes Techniques et de Procédures ak PEV en Haïti*, Ministère de la Santé Publique et de la Population (MSPP) (Pòtoprens: MSPP/Pwogram vaksinasyon, 2009); *Manuel de Gestion des Vaccins et de la Chaîne de Froid*, Ministère de la Santé Publique et de la Population (MSPP) (Pòtoprens: MSPP/Pwogram vaksinasyon, 2009); *Facts for Life*, 4th ed., UNICEF, OMS, UNESCO, FNUAP, PNUD, ONUSIDA, PAM ak Banque Mondiale (New York, NY: United Nations Children's Fund), 2010; *Immunization in Practice: A Practical Guide for Health Workers*, World Health Organization (Geneva: World Health Organization, 2006); and *Modil Resiklaj Vaksinasyon*, World Vision (Pòtoprens: World Vision, 2006).

© Tèks: Partners In Health/Zanmi Lasante, 2012.

Foto: Partners In Health/Zanmi Lasante

Konsiltan: Bonnie Kittle

Konsepsyón: Mechanica, Annie Smidt ak Partners In Health/Zanmi Lasante

Kote ki Enprime Liv la: ID Plus

Vèsyon Kreyòl tès pilòt la te pibliye an me 2012

Nou dedye mènyèl sa a pou tout travayè lasante ki fè misyon nou an rive fèt akòz gwo travay yo. Se yo ki potomitan pwogram pou sove lavi epi pou pote yon lavi miyò nan kominote pòv yo. Chak jou, yo al vizite moun nan kominote sa yo pou yo ofri yo sèvis, fòmasyon ak sipò epi yo fè nou konprann: solidarite pratik se pi gwo remèd kont maladi ki ka gaye toupatou, lamizè ak dezespwa.





# Sa ki nan liv la

## Vaksinasyon

Entwodiksyon .....	viii
Kontèks .....	1
Objektif .....	3
Tan ki nesesè .....	4
Rezime modil la .....	4
Pati enpòtan yo .....	11
<b>Sesyon 1:</b> Entwodiksyon ak objektif modil la .....	12
<b>Sesyon 2:</b> Prensip pou fòmasyon an ak bwat kesyon sekrè yo .....	14
<b>Sesyon 3:</b> Pre-Tès 1 .....	17
<b>Sesyon 4:</b> Entwodiksyon sou vaksinasyon .....	23
<b>Sesyon 5:</b> Maladi vaksen ka anpeche moun trape ak siy maladi sa yo .....	27
<b>Sesyon 6:</b> Kalandriye vaksinasyon .....	41

<b>Sesyon 7:</b> Kat vaksen, rejis vaksinasyon ak kaye vaksinasyon . . . . .	49
<b>Sesyon 8:</b> Enfòmasyon ak materyèl sou fason pou yo bay vaksen . . . . .	67
<b>Sesyon 9:</b> Espas pou bay vaksen . . . . .	72
<b>Sesyon 10:</b> Konsève vaksen . . . . .	75
<b>Sesyon 11:</b> Dirije yon sesyon vaksinasyon nan yon pòs rasanbleman . . . . .	88
<b>Sesyon 12:</b> Pòs-Tès 1 . . . . .	95
<b>Sesyon 13:</b> Pre-Tès 2 . . . . .	101
<b>Sesyon 14:</b> Kijan pou nou bay vaksen . . . . .	106
<b>Sesyon 15:</b> Kijan pou nou prepare vaksen ki pa gen danje epi pou nou sèvi ak yo . . . . .	122
<b>Sesyon 16:</b> Dezagreman vaksen ka lakòz . . . . .	135
<b>Sesyon 17:</b> Bay manm kominate yo enfòmasyon sou vaksinasyon . . . . .	140
<b>Sesyon 18:</b> Pos-Tès 2 . . . . .	150
<b>Sesyon 19:</b> Evalyasyon ak bwat kesyon sekrè . . . . .	155
<b>Sesyon 20:</b> Estaj . . . . .	158
Fòm evalyasyon . . . . .	162

Esplikasyon pou sesyon revizyon .....	164
Kesyon pou revizyon .....	167
Nòt .....	176
Pre-tès ak pòs-tès pou patisipan yo .....	177
Metòd Yo.....	192

## **ENTWODIKSYON**

Dwa moun se yon dwa tout moun genyen, kèlkeswa ras yo, gwoup etnik yo, laj yo, reliyon yo, sèks yo, opinyon politik yo, peyi yo fêt, oswa sitiyasyon sosyal yo. Dwa moun etabli prensip moun yo bezwen pou yo viv avèk diyite. Dwa moun se dwa ki egal ak inivèsèl pou tout moun.

Pami dwa moun, tout moun bezwen pou viv libelibè nan diyite, gen dwa pou jwenn bon swen sante, dwa pou manje, dwa pou ale lekòl, dwa pou jwenn dlo pwòp, dwa pou rete nan yon kay ki nòmal, ak dwa pou yo jwenn mwayen pou yo fè kòb. Si moun yo jwenn bagay sa yo, y ap pare pou amelyore epi kenbe sante yo ak byennèt yo.

Ajan Kore Fanmi yo vizite fanmi yo regilyèman. Yo chèche fanmi yo toutbon, epi yo evalye fanmi yo pou jwenn fanmi ki pi frajil yo. Y ap refere ka ijan yo bay travayè sosyal, epitou y ap ede tout manm fanmi an jwenn sèvis yo. Y ap vaksinen timoun yo, y ap distribiye moustikè, epi y ap bay premye swen nan kèk ka. Ajan Kore Fanmi yo bay fanmi yo ak kominote yo edikasyon tou sou prevansyon maladi, vaksinasyon, planning, sante repwodiktif, edikasyon, aptitud pou edike timoun, konpòtman pozitif, ijyèn pèsonèl ak ijyèn kominotè ak enstalasyon ijyenik, vyolans ki baze sou sèks, ak sante mantal. Y ap konekte fanmi yo avèk sèvis sosyal ki pi ijan ki kapab ede yo jwenn manje ak opòtinite ekonomik. Finalman, y ap ofri sipò sikolojik ak sosyal enpòtan pou fanmi k ap soufri avèk maladi ak lòt pwoblèm.

Lè Ajan Kore Fanmi yo pran responsabilite sa yo, yo ede pwoteje, retabli, ak satisfè dwa moun fanmi yo. Anplis Ajan Kore Fanmi yo, fanmi endividiyèl yo, kominote yo, gouvènman an, ak kominote entènasyonal la gen responsabilite tou pou pwoteje, retabli, ak satisfè dwa moun. Lè Ajan Kore Fanmi yo kolabore avèk fanmi yo, kominote yo, gouvènman an, ak òganizasyon ki pa fè pati gouvènman yo, yo ede amelyore dwa moun nan kominote yo. Se kominote Ajan Kore Fanmi yo ki chwazi yo, epitou ajan sa yo responsab pou pwoteje, retabli, ak satisfè dwa moun fanmi y ap sèvi yo. Kominate yo chwazi Ajan Kore Fanmi yo paske ajan yo se moun ki gen respè ak konsiderasyon pou lòt moun, epitou yo kenbe enfòmasyon prive fanmi yo an sekrè. Yo gen dwa tou pou fè konnen pwendvi yo, epitou pou moun koute yo. Yo konprann kisa sa vle di pou gen solidarite avèk moun k ap soufri. Yo jwe yon wòl enpòtan nan amelyore byennèt kominote a ak nan patisipe nan devlopman peyi yo.

Non inisyativ sa a an kreyòl “Kore Fanmi” chita sou objektif sipò pou fanmi yo ki se nannan pwojè a. “Patnè pou lavi”, ki se eslogan pwojè a, kore lide nan inisyativ sa a, fanmi yo plis patnè pase senp moun k ap jwenn kichòy pou anpil tan nan pwogram èd ajan devlopman fanmi bay pou ede fanmi yo amelyore kalite lavi yo.

## **MATERYÈL POU FÒMASYON AN**

Chak modil nan fòmasyon an gen yon Manyèl Fòmatè ak yon Liv Patisipan. Kèk nan modil yo gen prezantasyon sou òdinatè, ak bwat imaj tou. Nan lide pou bay fòmasyon an, fasilitatè yo dwe itilize materyèl sa yo ansanm.

- **Manyèl Fòmatè** – li gen tout enfòmasyon ki nesesè yo pou akonpli fòmasyon an, ki gen ladan preparasyon ak lis materyèl yo, etap sesyon yo, pre ak pos-tès yo, ak tout sa sijè yo gen nan yo. Fasilitatè yo dwe li Manyèl Fòmatè a anvan jou fòmasyon an rive, epi sèvi ak Manyèl Fòmatè a pandan tout sesyon fòmasyon an.
- **Liv Patisipan** – li gen tout enfòmasyon patisipan yo bezwen konnen sou sijè a, epi tou nenpòt istwa, senaryo, oswa pyès teyat ki nesesè pou fòmasyon an. Fòmatè yo dwe bay patisipan yo Liv Patisipan an depi nan kòmansman fòmasyon an. Aprè fòmasyon an, patisipan yo dwe pran manyèl la pou ale lakay yo epi sèvi ak li nan revizyon ak ranfose sa yo te aprann yo.
- **Prezantasyon sou òdinatè** – nan sit kote ki gen elektrisite ak retropwojektè ki disponib, fasilitatè yo ka itilize prezantasyon sou òdinatè. Li gen tout imaj ki sèvi pou fòmasyon an. Nan sesyon ki itilize Tablo sou LCD / bwat imaj, etap sa yo genyen ladan yo imaj sesyon yo, ak tèks y ap bezwen pou eksplike imaj ki anba li a.
- **Bwat Imaj** – nan sit san elektrisite oswa retropwojektè, fasilitatè yo ka itilize Bwat Imaj la. Li gen imaj yo menm jan ak prezantasyon sou òdinatè a, ak tèks la sou do paj bwat imaj la y ap bezwen pou eksplike chak imaj ki devan an.

## MANYÈL FÒMATÈ

Manyèl fòmatè a genyen tout enfòmasyon ki nesesè pou byen mennen fòmasyon yo, tankou:



**Rezime** – Yon ti detay sou rezon modil la ak sa ki ladan l.



**Objektif** – Yon lis ki gen ladrès ak konesans patisipan yo pral genyen pandan modil la.



**Kou dèy sou modil la** – Yon tablo ki gen yon rezime tout sa ki ladan l, fason pou montre moun yo, tan ki nesesè, ak materyèl nesesè pou chak sesyon.



**Pati enpòtan yo** – Lide pilye ki genyen nan modil la; fasilitatè a ka rezime pwen pi enpòtan yo nan fen fòmasyon an.

**Sesyon fòmasyon an** – Yon seri aktivite ansanm ak etap-pa-etap enstriksyon ki eksplike kouman pou dirije aktivite yo.

**Pre-tès ak Pòs-tès** – Se Pre-tès ak Pòs-tès la ansanm avèk repons nan

Manyèl Fòmatè a kòm referans fòmatè a. Pou Pre-tès ak pòs-tes ki pa gen repons yo nan fen Manyel Fòmatè a, Fòmatè yo ta dwe fè fotokopi tès yo pou patisipan yo.



**Lis tout sa Ajan Kore Fanmi an dwe fè** – Yon lis ki eksplike wòl Ajan Kore Fanmi yo ak responsabilite ki an rapò ak sijè fòmasyon an. Fasilitatè yo dwe revize lis verifikasyon an ak patisipan yo nan fen fòmasyon an.



**Nòt** – Paj vid kote fòmatè a ka ekri nòt jan sa nesesè.

## SESYON FÒMASYON YO

*Nan lide pou bay yon fòmasyon ki efikas, fasilitatè yo dwe li tout sesyon yo, ranpli tout preparasyon, ranmase tout materyèl nesesè, epi abitye ak etap sesyon yo, anvan jou fòmasyon an. Si fasilitatè yo pa fè sa davans, yo pap byen prepare.*

**Chak aktivite gen ladan l’:**



**Metòd** – Metòd ansèyman yo te itilize pandan sesyon an, pa egzanp, braseline, aktivite an ti gwoup, oubyen prezantasyon.



**Tan Nesesè** – Se tan yo met gwo kontwòl pou ka fè sesyon an. Andan etap sesyon yo, yo bay tan ki nesesè a pou divès pati nan sesyon yo, pa egzanp, 15 minit pou travay ti gwoup, 10 minit pou yon diskisyon, elatriye. Tan yo pa fin ekzak se apeprè yo ye, men fasilitatè yo ta dwe eseye plis ou mwens respekte lè ke yo pwopoze kontwole a. Si sa pa posib, fasilitatè yo dwe ranje fòmasyon an kòmsadwa.



**Preparasyon** – Yon lis sa fòmatè a dwe fè *davans* nan lide pou prepare l’ pou sesyon an.



**Materyèl yo** – Yon lis tout materyèl y ap bezwen pou ranpli aktivite a. Fasilitatè yo dwe revize lis materyèl la ak ranmase tout materyèl *anvan jou fòmasyon* an rive.



**Etap yo** – Se etap ki detaye gid pou fòmatè a nan chak sesyon. Etap yo gen ladan yo tout dokiman pou distribye, model kesyon ak repons pou diskisyon, Tablo sou LCD / bwat imaj yo itilize, istwa, pyès teyat, istwa foto, ak nenpòt lòt enfòmasyon ki nesesè pou konplete sesyon yo.



**Konsèy** – Pwopozisyon pou fòmatè a sou jan yo ka adapte oswa chanje aktivite yo si sa nesesè, fè konsiderasyon kiltirèl, oswa ankouraje patisipasyon.



**Tcheke enfòmasyon** – Senbòl sa make enfòmasyon ki ka chanje (pwotokòl tretman, fòm, elatriye). Fasilitatè yo dwe tcheke nenpòt enfòmasyon ki make ak senbòl sa epi asire yo tou nèf.

### Tout modil nan fòmasyon an kòmanse ak sesyon sa yo:

**Entwodiksyon ak Objektif Modil la** – Patisipan yo prezante tèt yo epi revize objektif modil la.

**Prensip pou fòmasyon an ak Bwat kesyon sekrè** – Patisipan yo reflechi epi etabli prensip pou fòmasyon an, epi aprann sou Bwat kesyon sekrè – yon bwat kote yo ka mete nenpòt kesyon oswa enkyetid yo genyen sou yon bagay nan fòmasyon an si yo pa ta santi yo alèz pou poze kesyon sa yo devan gwoup la.

**Pre-tès** – Patisipan yo ap fè yon tès senp a lekri pou montre sa yo konnen deja sou fòmasyon an.

### Tout modil nan fòmasyon an fini ak sesyon sa yo:

**Pòs-tès** – Menm jan ak Pre-tès la, patisipan yo ap fè pos-tès la pou yo ka wè sa yo te aprann pandan fòmasyon an. Animatè a ap korije pos-tès la ak patisipan yo epi konpare Pre-tès la avèk Pòs-tès la.

**Evalyasyon ak Bwat kesyon sekrè** – Patisipan yo evalye fòmasyon an, epi fòmatè a pote repons nenpòt kesyon li ranmase nan bwat kesyon sekrè a.

## PRE AK PÒS-TÈS EPI EVALYASYON

Fòmasyon sa a gen yon Pre-tès ak yon Pòs-tès ki fèt pou mezire sa patisipan yo aprann pandan fòmasyon an. Manyèl Fòmatè a gen Pre ak Pòs-tès yo ak repons yo, apre chak sesyon pre/pòs-tès, epi pre ak pòs-tès san repons yo nan fen manyèl la. Fòmatè yo ta dwe fè fotokopi pou patisipan yo. Pou rann sa pi fasil pou patisipan ki pa fin fo nan lekti yo, fòmatè yo dwe li kesyon tès yo byen fo youn apre lòt, epi pran poz aprè lekti chak kesyon pou bay patisipan yo tan pou sèke repons la. Fòmatè yo dwe konpare rezulta Pre ak Pòs-tès yo pou wè kisa patisipan yo te aprann epi idantifye ki pati ki plis bezwen pou yo revize pandan yon lòt fòmasyon.

## Vaksinasyon

Si pi fò patisipan yo ta fè yon ti kras pwen nan Pòs-tès la, sa vle di fasilitatè yo ta dwe amelyore teknik fòmasyon yo epi yo fè efò pou fè yon pi bon travay pou fasilite moun yo aprann pi byen.

Fòmasyon an gen ladan l' tou yon sesyon evalyasyon ki fêt pou mete deyò sa patisipan yo panse de fòmasyon an, tankou sa ki te byen pase ak sa ki pat byen pase, ak pwopozisyon pou amelyore lòt fòmasyon kap gen pou fêt. Fòmatè yo ka poze kesyon evalyasyon yo nan pale epi ekri repons patisipan an, oswa mande patisipan yo chire nan Liv Patisipan yo epi ranpli fòm evalyasyon an ki nan do nan Manyèl yo a. Fòmatè yo ka fè fotokopi fòm evalyasyon an ki nan Manyèl Fòmatè a. Fòmatè yo dwe rasanble epi fè revizyon evalyasyon patisipan yo ak fason yo te konprann, epi itilize li pou amelyore fòmasyon ki gen pou fêt.

## PREPARASYON FÒMATÈ

*Fòmatè yo dwe antyèman abitye avèk modil fòmasyon an anvan jou fòmasyon an rive. Yo dwe li tout sesyon yo, ranpli tout preparasyon, ranmase tout materyèl nesesè, e vin abitye ak etap sesyon ak kontni modil yo. Si fòmasyon an dire plis pase 1 jou, fasilitatè yo dwe revize materyèl yo ankò nan aswè anvan 2zyèm jou a.*

Si gen 2 oubyen plis fasilitatè k'ap fè fòmasyon an ansanm, yo dwe reyini anvan jou fòmasyon an pou detèmine pwogram nan epi deside kiyès ki pral fasilite tèl ou tèl sesyon. Yo dwe reyini tou nan fen chak jou fòmasyon an pou diskite sou ki travay ki te fêt byen, ak sa ki pat fêt byen, epi antann yo sou kijan pou kontinye nan lòt jou a.

Fòmasyon sa pa bezwen elabore preparasyon oswa materyèl. Pou anpil sesyon, fasilitatè yo ap bezwen sèlman Manyèl Fòmatè a, Liv Patisipan, retropwojektè oswa tablo prezantasyon, gwo fey papye, makè, ak tep. Sepandan, **kèk sesyon mande materyèl espesyal fasilitatè yo dwe ranmase davans**, pa egzanp, balans MUAC, balans pou peze tibebe, kabann, founiti pou melanje solisyon reyidratasyon Oral (sewòm oral), oswa echantyon nan metòd pou kontwòl fè ptit (planinn).

## LADRÈS ALFABETIK PATISIPAN

Ajan Kore Fanmi yo gen obligasyon pou konn li ak ekri nan lide pou byen akonpli responsabilite yo. Men, nivo alfabetizasyon pami Ajan Kore Fanmi yo varye. Se fòmasyon an ki dwe akomode a nivo alfabetizasyon varye sa yo, pou moun ak ladrès alfabetizasyon limite yo ka aprann nòmalman san pwoblèm. Pa egzanp, Liv Patisipan an enprime avèk gwo karaktè, e sèvi avèk langaj ki senp, li gen anpil foto, epi li itilize yon lis kontwòl ki senp pou transmèt enfòmasyon kle yo. Sesyon fòmasyon yo sèvi ak foto, diskisyon, ak istwa tou kout yo li byen fò, olye pou yo ta fè yon pakèt travay ekri.

Etap sesyon yo anpil fwa gen ladan yo kèk eksplikasyon klè pou fòmatè yo kapab konprann byen kèlkeswa jan li te aprann pale oubyen ekri kreyòl la. Pa egzanp, fasilitatè yo antrene pou li enfòmasyon yo byen fò pou tout moun nan sal la tande, mande patisipan yo pou yo travay de

pa de oswa an ti gwoup pou travay ekri yo pou youn ka ede lòt, ou dwe sèten patisipan ki de pa de yo oswa chak ti gwoup gen omwen yon patisipan ki plis ou mwen konn li, epi eksplike tablo sou LCD oswa bwat imaj yo dousman epi byen klè.

Non sèlman swiv enstriksyon sa yo, fasilitatè yo dwe toujou pran nòt sou nivo alfabetizasyon patisipan yo ap bezwen pandan fòmasyon an epi planifye kòmsadwa. Pa egzanp, si fasilitatè yo remake gen kèk patisipan ki pa ka li, oswa ekri, yo dwe ofri èd yo ak sèten lòt patisipan yo ede yo tou.

## ADAPTE FÒMASYON AN

**Aktivite Fòmasyon yo fèt pou gwoup 20 a 30 patisipan konsa**, men li reyisi byen tou ak pi piti gwoup tankou 12 a 20 patisipan konsa. Si fasilitatè yo dwe travay ak pi gwo gwoup patisipan, yo ta dwe adapte sesyon yo kòmsadwa. Pa egzanp, pou aktivite kèk ti gwoup, fasilitatè yo ka bezwen kreye ti gwoup 10 patisipan yo chak pito pase 5 patisipan yo chak. Pou pyès teyat, fasilitatè yo ka bezwen limite tan pèfòmans yo.

Pafwa sesyon yo konn gen ladan yo konsèy sou fason pou adapte aktivite yo, pa egzanp, konsèy sou jan yo ka diminye sesyon an si tan an limite oubyen si patisipan yo fatige anpil. Anplis de lekti konsèy sa yo, fasilitatè yo dwe itilize pwòp jijman pa yo epi adapte sesyon yo kòmsadwa. Pa egzanp, nan kèk sans, fasilitatè yo ka bezwen adapte kesyon diskisyon, pyès teyat, oubyen istwa yo selon kilti nou oubyen temwayaj sou kwayans yo.

Fasilitatè yo dwe swiv pi pre enèji patisipan yo ak nivo enterè yo de tanzantan, epi adapte oswa chanje plan si enèji patisipan yo oswa konsantrasyon yo diminye. Si, nan apremidi, patisipan yo gen pwoblèm pou konsantre, fasilitatè yo ta dwe ajoute plis chalè, bay yon poz an plis, oswa fè yon ti pyès revizyon pou reveye enèji patisipan yo.

## DISKISYON

Manyèl la bay kesyon klè ak modèl repons pou tout diskisyon. Echantyon repons yo parèt an lèt fen ki panche. Fòmatè yo dwe eseye pwovoke repons sa yo pandan diskisyon an, olye yo senpleman reponn pou kont yo. Fòmatè yo ka repoze yon kesyon plizyè fwa, oswa bay yon egzanp, nan lide pou jwenn repons nan men patisipan yo. Men, fòmatè yo ta dwe sèlman bay repons apre patisipan yo te gen ase opòtinite pou reponn, li ta dwe sèlman bay repons patisipan yo pat reponn pou kont yo.

## PRENSIP POU GRANMOUN APRANN

Fòmasyon sa a baze sou prensip enpòtan pou granmoun aprann, tankou:

- **Respè** – Elèv granmoun yo dwe santi yo respekte epi santi yo trete yo egal ego.

- **Afimasyon** – Elèv granmoun yo bezwen resevwa lwanj, menm pou yon efò tou piti.
- **Eksperyans** – Elèv granmoun yo aprann pi byen lè yo sèvi ak konesans epi pwòp eksperyans pa yo.
- **Pètinans** – Aprantisaj la dwe satisfè bezwen nan lavi chak jou moun nan – pou travay yo, fanmi yo, elatriye.
- **Dyalòg** – Ansèyman ak Aprantisaj la dwe fèt de fason, pou elèv yo ka antre nan yon dyalòg ak pwofesè a.
- **Angajman** – Elèv granmoun yo dwe alèz nan sijè yo, nan dyalòg ak diskisyon ant kamarad.
- **Imedyat** – Elèv granmoun yo dwe an mezi pou aplike sa yo fèk aprann yo imedyatman.
- **Règ 20-40-80** – Elèv granmou yo sonje jan yo te aprann nan 20% nan sa yo tande, 40% nan sa yo tande epi wè, epi 80% nan sa yo tande, wè, ak fe.
- **Panse, santi, ak aji** – Aprantisaj fèt pi byen lè li enplike panse, santi (emosyon), ak aji (fè).
- **Sekirite ak konfò** – Elèv granmoun yo bezwen santi yo an sekirite, alèz nan lide pou yo patisipe ak aprann. Yo bezwen konnen yo pap pase lide yo ak kontribisyon pa yo a nan pyès betiz oswa desann valè yo.

## METODOLOJI

Pou mete prensip aprantisaj granmoun sa yo an pratik, fòmasyon an itilize plizyè **metòd patisipasyon** tankou gwo ak ti gwoup diskisyon, pyès teyat, ak istwa. Aktivite sa yo fèt pou moun kap aprann sou eksperyans epi konesans patisipan yo, ankouraje diskisyon ak refleksyon sou pwoblèm kle, bay kout men nan pratik sou kontni aprantisaj, epi ede patisipan yo aprann youn nan men lòt.

Gen kèk sesyon ki gen ladan yo ti prezantasyon fasilitatè tou kout. Men kontrèman ak anpil manyèl fòmasyon, manyèl sa a pa itilize prezantasyon fasilitatè a kòm pwemye metòd ansèyman. Men pito, li itilize aktivite yo kòm metòd patisipasyon ki ankouraje plis konsèvasyon nan sa yo aprann, angaje, ak pou sipòte anviwònman aprantisaj. *Sonje byen, elèv granmoun sonje ekzakteman 20% nan sa yo tande, 40% nan sa yo tande epi wè, epi 80% nan sa yo tande, wè, ak fe. Kondisyon pou Fòmasyon efikas seke patisipan an nan tande, wè, ak fe.* Si patisipan yo sèlman tande konferans fasilitatè yo tout lajounen, yo pa pral aprann oswa konsève enfòmasyon yo tout bon vre.

Metòd patisipatif yo gen ladan yo:

- Aktivite an ti gwoup
- Aktivite an gwo gwoup
- Diskisyon an ti gwoup
- Diskisyon an gwo gwoup
- Reflechi
- Pyès teyat
- Istwa
- Brase-lide
- Demonstrasyon
- Prezantasyon fasilitatè
- Foto istwa
- Fòmasyon ant kamarad

*Metòd yo dekri nan fen Manyèl Fòmatè a.*



## FASILITASYON AK LIS KOMINIKASYON POU TCHEKE YO

- Defann prensip pou aprann granmoun yo.
- Fè respè.
- Trete tout moun egal.
- Koute epi obsèye.
- Kenbe bon kontak zye.
- Itilize yon langaj kò ki amikal.
- Rete fleksib epi ranje sesyon fòmasyon an ak apwòch jan w bezwen li an.
- Pran pasyans, rete ouvè, epi disponib.
- Ankouraje patisipasyon tout patisipan yo.
- Bay patisipan yo tan pou yo reponn kesyon yo.
- Lè patisipan yo poze kesyon, pran yo oserye epi reponn byen vit.
- Bay patisipan yo kòmantè konstriktif e pozitif.
- Fè atansyon nan enterè patisipan yo, enèji, ak nivo konpreyansyon yo.
- Fòk ou onèt. Si ou pa konnen repons yon kesyon, di sa. Lè sa a, di patisipan an kote li ka jwenn enfòmasyon sa a, oswa jwenn enfòmasyon an apre sesyon fòmasyon an epi bay patisipan an li apre.
- Fè atansyon ak nivo alfabetizasyon patisipan yo epi ajiste sesyon yo kòmsadwa.
- Remèsyé patisipan yo pou patisipasyon ak efò yo.



## PREPARASYON POU FÒMASYON AK LIS LOJISTIK

### Anvan fòmasyon an

- Idantifye lè fòmasyon an pral fêt.
- Idantifye ki kote fòmasyon an pral fêt, rezève epi prepare espas la.
- Idantifye patisipan yo, enfòme yo, epi fè aranjman pou transpò, manje ak lojman jan sa nesesè.
- Li tout materyèl fòmasyon yo byen, konsa w ap abitye ak kontni fòmasyon an ak sesyon yo.
- Si ou gen kesyon sou kontni fòmasyon an, w ap jwenn repons yo.
- Ranpli tout preparasyon pou sesyon fòmasyon an (fè fotokopi, kontakte envite espesyal, ranmase founiti pou demonstrasyon yo, elatriye).
- Rasanble tout materyèl nesesè pou fòmasyon an (Gwo fèy papye, tep, makè, founiti nesesè pou demonstrasyon yo, Retropwojektè, elatriye).
- Si w ap travay avèk yon lòt fasilitatè, deside davans kiyès ki pral okipe ki pati nan fòmasyon an, epi divize travay la kòmsadwa.

### Nan kòmansman fòmasyon an

- Asire w tout materyèl fòmasyon yo pare e chèz ak tablo yo ranje.
- Swete patisipan yo Byenvini lè yo rive nan fòmasyon an.
- Swete tout gwoup la an antye Byenvini lè tout moun rive.
- Sipèvize espas twalèt la, dlo, bwat kesyon, lojistik ak lòt.
- Mande patisipan yo pou prezante tèt yo.
- Sèvi ak yon Briz glas pou mete patisipan yo alèz.
- Reflechi e etabli règ jwèt pou fòmasyon an.
- Revize objektif fòmasyon an ak pwogram nan.
- Mande patisipan yo pou di kisa yo swete ak espere pandan fòmasyon an.
- Deziye kèk patisipan pou ede w avèk kontwòl lè, Ti souke kò yo, tablo prezantasyon, elatriye.
- Bay patisipan yo Pre-tès la, ranmase tès yo, ak korije yo pandan yon ti poz.



## PREPARASYON POU FÒMASYON AK LIS LOJISTIK

### Pandan dewoulman fòmasyon an

- Defann prensip pou aprantisaj granmoun yo.
- Kenbe espas tan ak rit sesyon yo kòmsadwa.
- Bay bwason ak manje.
- Si sal la vin cho oubyen enkonfòtab, fè aranjman pou vantilatè, ouvri fenèt yo, elatriye.
- Ekri klè epi gwo ase pou tout moun ka wè.
- Plase imaj yo kote pou tout moun kapab wè yo.
- Eksplike enstriksyon yo klè ak repeète yo si sa nesesè.
- Itilize Ti souke kò ak poz pou ogmante nivo enèji patisipan yo.
- Rezime pwen enpòtan yo nan fen chak sesyon.
- Rekonèt ak remèsyé patisipan yo pou lide ak kontribisyón yo.

### Nan fen fòmasyon an

- Remèsyé patisipan yo pou patisipasyon ak efo yo.
- Fini ak yon Ti souke kò final ak aplodisman.
- Bay patisipan yo Pòs-tès la. Apre sa a, bay patisipan yo Pre-tès yo epi mande yo pou konpare rezulta yo. Kolekte epi anrejistre tout Pre ak Pòs-tès yo.
- Kite omwen 15–20 minit nan fen an pou patisipan yo evalye fòmasyon an.
- Asire w patisipan yo gen tout materyèl fòmasyon pou yo ale lakay yo.

### Apre fòmasyon an

- Pran nòt sou sa ki te byen fèt pandan fòmasyon an, sa ki pat fèt byen, epi sa yo ta dwe revize pou yon lòt fòmasyon kap gen pou fèt.
- Pran nòt sou defi oswa pwoblèm ki te parèt pandan fòmasyon an e ki bezwen pou yo panche sou yo. Pa egzanp, si pandan yon fòmasyon sou malarya, patisipan yo soulve pwoblèm nan founiti pou kay ki baze sou tretman yo pa te disponib, di moun ki konsène nan sant sante yo sa pou yo fè sa yo kapab jwenn founiti yo.
- Revize ak anrejistre rezulta Pre-ak Pòs-tès yo epi sèvi ak yo pou enfòme nan fòmasyon kap vini yo lè sa nesesè.



# Vaksinasyon



## KONTÈKS

Vaksinasyon pwoteje moun kont maladi grav. Yon timoun ki pran bonjan vaksen kont maladi sa yo p ap trape yo. Yon timoun ki pa vaksinen gen plis chans pou li vin malad, pou li andikape pou tout lavi li, pou li soufri malnitrisyon epi li menm ka mouri.

Tout timoun ta dwe pran tout vaksen doktè rekòmande yo. Li pi bon pou nou vaksinen timoun yo depi lè yo fenk fêt rive 5 an. Vaksinasyon pandan premye ak dezyèm lane nan lavi yon timoun enpòtan anpil. Gen vaksen ki mande plizyè dòz. Li enpòtan pou tout timoun resevwa tout dòz vaksen sa yo. Pa gen pwoblèm si nou vaksinen yon timoun ki andikape oubyen ki soufri malnitrisyon.<sup>1</sup>

Fanm ansent dwe pran vaksen kont tetanòs kap pwoteje l ansanm ak tibebe ki nan vant li. Tout fi ki ansent oubyen ki gen ant 15 an ak 49 an ta dwe pran vaksen kont tetanòs.

Ajan kore fanmi yo gen reskonsablite pou yo òganize pòs rasableman chak mwa pou bay timoun vaksen ansanm ak fi ki bezwen vaksen kont tetanòs. Se yo ki gen reskonsablite pou yo prepare vaksen yo, pou yo konsève yo. Sa ki pi enpòtan Ajan Kore Fanmi yo dwe eksplike responsab timoun yo enpòtans vaksen yo, nan ki moman pou yo vin pran yo, konbyen dòz. Ajan Kore Fanmi yo dwe verifye ak responsab timoun yo chak mwa pou yo ka sèten timoun yo pran tout vaksen yo nan lè yo dwe pran yo.

Nan modil sa a, patisipan yo ap resevwa fòmasyon sou maladi Pwogram Elaji Vaksinasyon (PEV) yo; kalandriye vaksinasyon; kouman pou yo prepare vaksen, ak pou yo konsève yo. Y ap aprann kouman pou yo anrejistre vaksen timoun yo ak fi yo pran nan kat vaksen an, nan kanè sante fi, nan rejis ak nan kaye vaksinasyon. Y ap aprann kouman pou yo bay vaksen ak kouman pou yo montre fanmi yo enpòtans vaksen.

<sup>1</sup> UNICEF, OMS, UNESCO, FNUAP, PNUD, ONUSIDA, PAM ak Banque Mondiale, *Facts for Life*, 4th ed. (New York, NY: United Nations Children's Fund, 2010), 84 (apresa n ap di *Facts for Life*).

## Pwogram Elaji Vaksinasyon<sup>2</sup>

Organizasyon mondal lasante te kòmanse Pwogram Elaji Vaksinasyon an Ayiti an 1974 nan tèt kole ak Ministè Sante Piblik Ayiti a. Bi pwogram nan se anpeche moun trape yon seri maladi vaksen ka anpeche yo trape, sitou timoun yo. Pwogram Elaji Vaksinasyon an konsantre sitou sou elimine polyo, difteri, koklich, lawoujòl, ribeyòl ak tetanòs.

Depi 1986, Ministè Sante Piblik òganize kanpay vaksinasyon nasyonal pou vaksinen timoun ki poko gen 5 an. Ministè Sante Piblik gen gwo siksè lè li fè estrateji pòt an pòt la. Dabò an 1989 sa te ede li elimine polyo nan kò tout timoun ki pa t ankò gen 15 an epitou an 2001 li te konbat yon epidemi lawoujòl ki te kòmanse nan vil Gonayiv e ki te enfekte 1000 moun.

Pwogram Elaji Vaksinasyon an reyisi paske yo itilize divès estrateji ki la pou sa. Òganizasyon lasante ki travay an Ayiti bay vaksen yo nan pòs rasanbleman ak nan pòs ki fiks epitou yo ofri vaksinasyon nan sant sante. Estrateji Ministè Sante Piblik konn itilize a se: kanpay vaksinasyon, jounen vaksinasyon nan komin yo, brigad vaksinasyon, pòt an pòt, ak vaksinasyon nan sant sante yo chak jou pou yo vaksinen moun nan kominote andeyò ki lwen yo epi ki pa ka jwenn swen lasante fasil.

Nan mete pòs rasanbleman sou pye chak mwa epi nan fè edikasyon pou fanmi yo, ajan kore fanmi yo jwe yon gwo wòl nan siksè Pwogram Elaji Vaksinasyon an epi yo ede nan jefò pou tout timoun ki poko gen 5 kan, fanm ansent ak fi ki ant 15 ak 49 an pran vaksen. Lè timoun vaksinen se tout popilasyon an ki pi an sante. Ajan kore fanmi yo facilite fanmi yo jwenn bon jan sèvis sante epi yo ede pwoteje dwa fanmi yo genyen kòm moun pou yo jwenn swen lasante ak dwa yo.

---

<sup>2</sup> Ministère de la Santé Publique et de la Population (MSPP), *Programme Elargi de Vaccination (PEV): Manuel de Normes Techniques et de Procédures du PEV en Haïti* (Pòtoprens: MSPP/PEV, 2009), 15–20 (apresa n ap di *Manuel de Normes Techniques et de Procedures du PEV en Haïti*).



## OBJEKTIF

### Lè modil sa a fini, patisipan yo ap kapab:

- a. Eksplike enpòtans vaksinasyon ak kisa li ye.
- b. Site estrateji, objektif, ak gwoup sib Pwogram Elaji Vaksinasyon
- c. Idantifye siy ak sentòm prensipal maladi PEV yo.
- d. Refere moun ki gen siy ak sentòm maladi PEV nan sant sante touswit.
- e. Site vaksen timoun ki poko gen 5 kan, fanm ansent, ak fi ki gen ant 15 ak 49 an ta dwe pran selon kalandriye vaksinasyon an.
- f. Di ki lè timoun ki fèk fêt rive sou 5 an ta dwe resevwa sipleman vitamin A.
- g. Ranpli kat vaksen an, rejis vaksinasyon an ak kaye vaksinasyon an kòrèkteman pou tout vaksen, vitamin A ak medikaman kont vè yo bay.
- h. Montre kòman yo prepare vaksen nan pòs rasanbleman yo.
- i. Eksplike kisa pou yo fè pou ranje lokal pòs rasanbleman pou asire l ap byen dewoule.
- j. Eksplike kijan pou ranpli tèmòs la byen jan pou vaksen yo ka byen konsève pandan transpò a ak pandan pòs rasanbleman an.
- k. Dekri chenn fwa:
  - Site materyèl chenn fwa.
  - Site prensip chenn fwa.
  - Di ki pi bon tanperati vaksen yo dwe konsève.
- l. Eksplike enpòtans chenn fwa.
- m. Site youn apre lòt etap pou swiv lè nou pale ak fanm, timoun, ak responsab timoun yo.
- n. Dekri kouman pou yo byen kominike ak yon moun avèk respè lè y ap ba li vaksen.
- o. Dekri kouman pou yo jete fatra kòrèkteman apre yon pòs rasanbleman.
- p. Montre moun yo bay vaksen nan sèvi ak sereng soloshot pou yo bay piki.
- q. Montre kijan pou moun jete sereng ak egwi ki deja sèvi.
- r. Montre kouman pou yo bay vaksen polyo yo bay nan bouch la.
- s. Di ki sa Papye pou Kontwole Vaksen (PCV) ye.
- t. Montre kouman pou yo gade si yon vaksen gate nan souke li ak gade PCV a.
- u. Montre kijan pou mete yon vaksen anfòm korèkteman.
- v. Eksplike kouman pou nou kontinye bay piki san danje lè n ap bay vaksen nan pòs rasanbleman.
- w. Rekonèt ti dezagreman ak yon dezagreman ki serye vaksen mennen.
- x. Eksplike ki konsèy pou yo bay yon paran si yon timoun remèt yon dezagreman ki serye.
- y. Eksplike kouman pou yo fè edikasyon pou fanmi yo chanje konpòtman sou kesyon vaksinasyon pandan vizit lakay ak nan pòs rasanbleman.



**TAN KI NESESÈ:** 19 èdtan ak 30 minit nan klas epi 1–2 jou estaj nan yon sant sante



## REZIME MODIL LA

### Premye Jou

4 èd tan 15 minit nan sesyon fòmasyon

Sesyon	Tèks	Metòd yo	Kantite Tan
<b>1</b>	Entwodiksyon ak objektif modil la	Prezantasyon Fòmatè Briz glas	<i>15 minit</i>
<b>2</b>	Prensip pou fòmasyon an yo ak bwat kesyon sekrè yo	Brase-lide Prezantasyon Fòmatè	<i>15 minit</i>
<b>3</b>	Pre-tès	Evalyasyon	<i>30 minit</i>
<b>4</b>	Entwodiksyon sou vaksinasyon	Aktivite an gwoup a de (2) Diskisyon an gwo gwoup	<i>30 minit</i>
<b>5</b>	Maladi vaksen ka anpeche moun trape ak siy maladi sa yo	Aktivite an ti gwoup	<i>1 èd tan</i>
<b>6</b>	Kalandriye Nasyonal Vaksinasyon	Aktivite an gwoup a de (2)	<i>45 minit</i>
<b>7</b>	Kat vaksen, rejis vaksinasyon ak kaye vaksinasyon (I)	Prezantasyon Fòmatè Istwa	<i>1 èd tan</i>

## Dezyèm Jou

4 èd tan ak 30 minit nan sesyon fòmasyon ak 30 minit revizyon

Sesyon	Tèks	Metòd Yo	Kantite Tan
Revizyon	Revize Tèks Premye Jou a	Jwèt kesyon ak repons	30 minit
<b>7</b>	Kat vaksen, rejis vaksinasyon ak kaye vaksinasyon (II)	Prezantasyon Fòmatè Istwa	1 èd tan 30 minit
<b>8</b>	Lis Sa nou dwe Prepare pou yon Pòs Rasanbleman	Brase-lide	30 minit
<b>9</b>	Lis espas pou bay vaksen	Aktivite an ti gwoup	1 èd tan 15 minit
<b>10</b>	Prezante yon sesyon sou vaksinasyon nan yon pòs rasanbleman	Pyès teyat	1 èd tan 15 minit

## Twazyèm Jou

4 èd tan 15 minit nan sesyon fòmasyon ak 30 minit revizyon

Sesyon	Tèks	Metòd Yo	Kantite Tan
Revizyon	Revize Tèks Dezyèm Jou a	Jwèt kesyon ak repons	30 minit
<b>11</b>	Konsève vaksen epi jete dechè	Aktivite an ti gwoup	2 èd tan 15 minit
<b>12</b>	Pòs-tès	Evalyasyon	30 minit
<b>13</b>	Pre-tès	Evalyasyon	30 minit
<b>14</b>	Kouman pou nou bay vaksen	Prezantasyon Fòmatè Pratik nan ti gwoup	1 èdtan

## Vaksinasyon

### Katriyèm Jou

5 èd tan nan sesyon fòmasyon ak 30 minit revizyon

Sesyon	Tèks	Metòd Yo	Kantite Tan
Revizyon	Revize Tèks Twazyèm Jou a	Jwèt kesyon ak repons	30 minit
<b>15</b>	Kouman pou nou prepare vaksen ki pa gen danje epi kouman pou nou itilize l	Demonstrasyon Pratik nan ti gwoup	2 èd tan 30 minit
<b>16</b>	Reyaksyon segondè	Aktivite an gwoup a de (2)	30 minit
<b>17</b>	Bay manm kominate yo fòmasyon sou koze vaksinasyon	Pyès teyat	èd tan 30 minit
<b>18</b>	Pòs-tès	Evalyasyon	30 minit
<b>19</b>	Bwat Keson Sekrè yo	Deba an gwo gwoup oubyen evalyasyon sou papye	30 minit

### Senkyèm-Sizyèm Jou

1–2 jou estaj nan yon sant sante

Sesyon	Tèks	Metòd Yo	Kantite Tan
<b>20</b>	Estaj	Estaj	1–2 jou

## Materyèl yo

Sesyon	Materyèl yo
Tout sesyon yo	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Liv Fasilitatè</li> <li>• Liv Patisipan</li> <li>• Gwo fèy papye</li> <li>• Makè</li> <li>• Tèp</li> </ul>
<b>1</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Liv Patisipan, Gwo fèy papye, Makè, Tèp</li> </ul>
<b>2</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Bwat Keson Sekrè yo</li> </ul>
<b>3</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Kreyon oswa plim</li> <li>• Kopi Pre-tès yo</li> </ul>
<b>4</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Definisyon ak enfòmasyon sou Pwogram Elaji Vaksinasyon nan liv patisipan an</li> <li>• Yo ekri pawòl yo sou gwo fèy papye</li> </ul>
<b>5</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Maladi yo ekri sou gwo fèy papye</li> <li>• Enfòmasyon sou maladi yo nan liv patisipan an</li> </ul>
<b>6</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Keson yo ekri sou gwo fèy papye</li> <li>• Enfòmasyon sou kalandriye vaksinasyon nasyonal ak sou vitamin A nan liv patisipan an</li> </ul>
<b>7</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Enfòmasyon sou jounen vaksinasyon ak sou vitamin A nan liv patisipan an</li> <li>• 1 Rejis vaksinasyon</li> <li>• 1 Kaye vaksinasyon</li> <li>• Fotokopi Rejis vaksinasyon ak Kaye vaksinasyon paj</li> <li>• Kat vaksen</li> <li>• Kat sante pou fi</li> <li>• Kat echantyon, istwa, ak kesyon nan liv patisipan an</li> </ul>
<b>8</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Keson ki ekri sou gwo fèy papye</li> <li>• Lis nan liv patisipan an</li> </ul>

Sesyon	Materyèl yo
<b>9</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Lis nan liv patisipan</li> <li>• Savon pou lave men</li> <li>• Sèvyèt</li> <li>• Tèmòs</li> <li>• Sereng ak tout egwi ki ka bloke</li> <li>• Aplikatè</li> <li>• Savon likid</li> <li>• Si</li> <li>• Bwat sekirite</li> <li>• Bwat fatra</li> <li>• Kat vaksen, rejis ak kaye vaksinasyon</li> <li>• Fich pou moun enskri</li> <li>• Papye</li> <li>• Kreyon ak plim</li> <li>• Vitamin A oubyen ranplasan</li> <li>• Medikaman pou vè oubyen ranplasan</li> </ul>
<b>10</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Sereng ak tout egwi ki ka bloke</li> <li>• Bwat sekirite</li> <li>• Lis ak etap nan liv patisipan an</li> </ul>
<b>11</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Tanperati ki pèmèt moun konsève vaksen yo byen:</li> <li>• pati yo ekri sou papye</li> <li>• 8 brikèt vid</li> <li>• 1 tèmòs ak yon sachè pou vaksen</li> <li>• Boutèy vaksen ak dlo pou delye vaksen an nan yon sachè plastik</li> <li>• 1 pwen ki montre kijan pou ou ranpli tèmòs la byen</li> <li>• 1 bwat sekirite</li> <li>• Eleman tanperati pou konsève vaksen yo ekri sou papye</li> <li>• Enfòmasyon nan liv patisipan an</li> <li>• Enfòmasyon sou zòn nan nan liv patisipan</li> <li>• Gwo fèy papye vaksinasyon</li> </ul>
<b>12</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Kreyon oswa plim</li> <li>• Kopi pòs-tès</li> </ul>
<b>13</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Kreyon oswa plim</li> <li>• Kopi pre-tès</li> </ul>

Sesyon	Materyèl yo
<b>14</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Sereng ak egwi ki ka bloke</li> <li>• Savon likid</li> <li>• Aplikatè</li> <li>• Fwi ak lòt bagay pou enjeksyon</li> <li>• Boutèy OPV ak konngout nan bouch</li> </ul>
<b>15</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• 2 boutèy vaksen ki fè glas</li> <li>• 1 boutèy vaksen ki pa fè glas</li> <li>• 5 echantyon vaksen ak dlo pou delye yo</li> </ul>
<b>16</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Tablo vaksen yo bay nan liv patisipan an</li> </ul>
<b>17</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pyès teyat ak lis nan liv patisipan an</li> </ul>
<b>18</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Kreyon oswa plim</li> <li>• Kopi pòs-tès</li> </ul>
<b>19</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Kesyon evalyasyon ki ekri sou gwo fèy papye oubyen fèk kaye oubyen nan fòm evalyasyon ki nan liv patisipan an</li> <li>• Lis kontwòl ki nan liv patisipan an</li> <li>• Gwo fèy papye oubyen fèy kaye</li> <li>• Bwat Kesyon Sekrè yo</li> </ul>
<b>20</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Lis piki</li> <li>• Vaksen plasbo</li> <li>• Sereng soloshot</li> <li>• Savon likid</li> <li>• Ti boul koton</li> </ul>



**KONSEY:** Fòmasyon sa a ap bay pratik nan sal klas sou fason pou nou bay piki epi yon lòt fòmasyon pratik nan yon sant sante sou fason pou nou bay piki. Moun ki reskonsab yo dwe antann yo ak pèsonèl sant sante a pou yo òganize yon fòmasyon la epi y ap fikse dat pou moun ki pral met men nan travay vaksinasyon an aprann bay moun ki malad piki san se pa ak yon vaksen toutbon (yo rele sa placebo) pandan yon enfimyè ap kontwole sa y ap fè a. Tout moun ki nan pwogram nan dwe fin suiv fòmasyon sa a nèt nan klinik, anvan yo bay timoun ak fi vaksen nan kominate a.



**KONSÈY:** Fòmasyon sa a ap bay 3 jou fòmasyon nan sal klas la (sesyon 1-18) epi youn oubyen 2 jou fòmasyon pratik (sesyon 19). Men ki jan y ap separe sesyon yo:

**Premye jou:** sesyon 1 rive sou 7

**Dezyèm jou:** sesyon 8 rive sou 12

**Twazyèm jou:** sesyon 13 rive sou 18 (nou kapab vle mete sesyon 17 la (wòl pa nou ) nan kòmansman katriyèm jou a)



## PATI ENPÒTAN YO

- Vaksinasyon pwoteje timoun kont maladi ki danjere. Timoun ta dwe jwenn vaksen yo rekòmande ki bon pou yo nan dat pou yo pran yo.
- Vaksen pa gen danje e yo bon pou tout timoun. Tout timoun ni sa ki malad, ni sa ki gen enfimite, ni sa ki manke lanouriti, kapab pran vaksen san danje.
- Si timoun pran vaksen, yo malad mwen fasil epi sa mwen fasil pou yo gaye maladi yo bay lòt moun nan fanmi yo. Fanmi ki an sante fè kominote yo pi an sante tou.
- Paran ak moun ki swen tibebe ak timoun piti dwe mennen timoun yo nan pòs rasanbleman oubyen nan sant sante pou yo pran vaksen selon kalandriye nasyonal vaksinasyon an. Yo dwe fè mwayen posib yo pou yo sèten tibebe yo ak timoun yo pran tout vaksen yo rekòmande ki bon pou yo nan dat pou yo pran yo.
- Tout medam ki nan laj pou fè ptit 15 an pou 49 an) dwe pran vaksen pou tetanòs. Si medam ki ansent yo pa pran vaksen sa a, yo kab gen tetanòs e yo kab bay ptit yo tetanòs. Tetanòs se move maladi ki kab touye ni granmoun ni tibebe.
- Ajan kore fanmi dwe òganize sesyon vaksinasyon chak mwa nan pòs rasanbleman epi yo dwe bay tout tibebe, timoun piti ak medam ant 15 ak 49 an vaksen, nan zòn travay yo. Yo dwe sèvi ak kat vaksinasyon, ak kat sante pou fi, ak rejis vaksinasyon, kanè vaksinasyon pou yo make chak vaksen yo bay, epi pou yo kontwole kat vaksinasyon yo regilyèman pou yo sèten tout timoun ak tout granmoun 15–49 an jwenn vaksen ki bon pou yo nan dat pou sa.
- Anpil vaksen kab lakòz ti dezagreman. Gen de lè, apre yon tibebe pran vaksen, li pral kriye, l ap gen yon ti lafyèv, oubyen ti mak wouj oswa ti anfle kote yo ba l vaksen an. Se pa dezagreman ki serye e y ap disparèt apre youn oubyen 2 jou.
- Se kichòy ki ra anpil pou vaksen ta lakòz dezagreman serye. Lè yon timoun gen gwo lafyèv oubyen bouton, oswa si l pèdi konesans, oswa si l ap bat kò l serye (gwo mouvman sanzatann, san kontwòl), se kouri mennen l nan yon sant sante touswit.
- Ajan Kore Fanmi dwe enfòme paran ak moun ki okipe timoun yo sou ti malèz ak gwo malèz vaksen yo kapab mennen. Konsa y ap konnen pou mennen timoun yo nan sant sante touswit.
- Ajan kore fanmi dwe bay responsab tibebe esplikasyon pou ki sa, kijan, kilè lè pou yo fè timoun pran vaksen. Ajan kore fanmi dwe eksplike ni medam ki ansent, ni medam ki nan laj pou fè ptit poukisa, kilè, kilè pou yo pran vaksen pou tetanòs.
- Si yon timoun oubyen yon granmoun gen nenpòt ki sentòm gwo maladi vaksen kapab kontwole, se kouri mennen l nan sant sante touswit. Maladi sa yo danjere anpil e yo mande trete touswit.

## SESYON 1 ENTWODIKSYON AK OBJEKTIF MODIL LA



**Metòd:** Prezantasyon Fasilitatè ak Briz glas



**Kantite Tan:** 15 minit



### Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- Fè prezantasyon yo, epi idantifye objektif modil la.



### Preparasyon

- Revize objektif modil la.
- Ekri objektif modil la sou yon gwo fèy papye, epi afiche li sou miray la.



### Materyèl yo

- Manyèl Fòmatè
- Liv Patisipan
- Gwo fèy papye
- Makè
- Tep



## ETAP YO



15 minit

1. Salye patisipan yo epi prezante tèt ou.
2. Eksplike nan fòmasyon sa a, patisipan yo pral aprann bon jan mwayen pou pale ki bay bon jan rezulta ap prensip konpòtman pou chanjman ak edikasyon pou granmoun. Yo pral aprann kijan pou pratike bon jan fason sa yo lè y ap fè travay yo.

**3. Mande patisipan yo pou prezante tèt yo **nan yon ti tan tou kout, youn alafwa, pou di:****

- Non yo ak depi konbyen tan y ap travay kòm yon Ajan Kore Fanmi, oswa ki travay yo tap fè anvan yo te vin yon Ajan Kore Fanmi (si yo nouvo nan travay sa a).
- Yon lespwa ak egzijans yo genyen pou fòmasyon sa a.
- Pa egzanp: *Non mwen se Clementine, epi mwen sòti nan vil Hench. Mwen swete aprann kijan pou ede fanmi ki nan kominate mwen yo rann fason y ap viv la vin pi bon.*

- 4. Fini prezantasyon yo pou di patisipan yo anpil nan egzijans yo ap satisfè pandan fòmasyon sa a. Egzijans ki pa satisfè jodi a ap abòde nan yon lòt fason, swa avèk fòmasyon siplemantè yonn pa yonn oswa nan fòmasyon alavni.**
- 5. Mande yon volontè pou li objektif yo ki sou gwo fèy papye yo byen fo. Fè patisipan yo konnen fòmasyon jodi a ap konsène objektif sa yo.**
- 6. Mande patisipan yo ki kesyon yo genyen jiska prezan, epi reponn kesyon yo kòmsadwa.**

## SESYON 2

# PRENSIP POU FÒMASYON AN AK BWAT KESYON SEKRÈ YO



**Metòd yo:** Brase-lide ak prezantasyon Fasilitatè



**Kantite tan:** 15 minit



### Objektif yo

Patisipan yo ap kapab:

- Kreye prensip pou fòmasyon an ki se kreye yon anviwònman kote tout moun jwenn respè ak konfyans.
- Dekri enpòtans sa genyen pou kenbe an sekrè enfòmasyon fanmi yo ak enfòmasyon yo bay pandan fòmasyon an.



### Preparasyon

- Prepare Bwat Keson Sekrè yo, epi mete li yon kote ki toupre nan sal la.



### Materyèl yo

- Gwo fèy papye
- Makè
- Bwat Keson Sekrè yo



## ETAP YO



*Kantite tan: 15 minit*

1. Di patisipan yo pou fòmasyon an ka bay bon jan rezulta, gwoup la ap dakò sou kèk prensip pou fòmasyon an. Prensip pou fòmasyon an se règ kap ede fòmasyon an fonksyone san pwoblèm, mete anpil aksan sou fason pou moun aprann lan, ankouraje patisipasyon tout moun, epi fè patisipan yo santi yo alèz epi yo jwenn respè.
2. Mande patisipan yo pou yo brase-lide sou yon ti lis prensip pou fòmasyon an. Pandan moun yo ap site règ yo, note yo an gwo lèt sou yon gwo fèy papye.

**3.** Asire chak patisipan bay yon sèl lide, epitou tout moun ki vle pale ap jwenn yon chans.

**4.** Apre brase-lide a, ajoute règ sa yo si yo poko sou lis la:

- Vini Alè
- Kenbe Sekrè
- Patisipasyon nan diskisyon ak aktivite yo
- Respè pou opinyon diferan

**5.** Mete fèy prensip pou fòmasyon an sou miray la pou tout rès fòmasyon an.

**6.** Eksplike poukisa ak ki enpòtans sa genyen pou kenbe enfòmasyon yo an sekrè. Di patisipan yo:

Tankou ou konnen, kenbe enfòmasyon an sekrè se yon teknik ki enpòtan pou travay Ajan Kore Fanmi yo. Ou dwe kenbe **an sekrè** tout sa manm fanmi an di ou, ak tout sa ou konnen sou fason y ap viv. Ou ta dwe sèlman di enfòmasyon sa yo bay travayè sosyal ak bay klinisyen yo, lè li nesesè. **Ou pa dwe di enfòmasyon sa yo menm avèk madanm/mari, frè/sè, oswa pitit moun nan, oswa avèk pwòp madanm/mari, frè/sè, oswa pitit ou.**

Kèk nan nou ka bezwen bay enfòmasyon ki gen rapò ak kay kote yo mete ou pandan fòmasyon an, oswa poze kesyon sou ka espesyal yo. Ou dwe bay enfòmasyon yo nan yon fason ki garanti pou kenbe enfòmasyon yo an sekrè. Pa egzanp, pa sèvi ak non moun, pa di kote l ap viv, oswa pa bay okenn lòt enfòmasyon ki ta devwale idantite moun nan. Tout moun ki nan sal sa a dwe fè sa. Epitou, ou pa dwe pale osijè enfòmasyon sekrè yo andeyò fòmasyon sa a.

**7.** Mande patisipan yo:

- Kisa ki ta rive si ou ta di yon lòt moun enfòmasyon sekrè sou moun kap viv lakay ou?

*(Moun nan ta ka pèdi tout valè l oswa li ta ka viktim diskriminasyon.)*

*(Moun nan pa ta fè okenn lòt moun konfyans.)*

*(Moun nan pa ta vle ba ou enfòmasyon prive l oswa enpòtan l ankò, elatriye.)*

- Kijan ou ta santi ou si yon moun te di te yon lòt moun enfòmasyon konfidansyèl?

*(Ou ta santi ou trayi.)*

*(Ou pa ta fè moun sa a konfyans ankò.)*

*(Ou pa ta santi ou alèz pou di moun nan nenpòt lòt bagay, elatriye.)*

**8.** Di patisipan yo:

**Kenbe enfòmasyon an sekrè se youn nan kalite ki pi enpòtan lè ou se yon Ajan Kore Fanmi.**

**9.** Di patisipan yo:

Gen 3 sityasyon kote yo ka revoke yon Ajan Kore Fanmi touswit.

- Pa kenbe sekrè
- Mande lajan oubyen lot bagay pou bay sèvis
- Move kondwit seksyèl

**10.** Mande patisipan yo reponn kesyon sa yo epi asepte plizyè repons:

- Nou fin eksplike enpòtans pou kenbe sekrè. Poukisa li enpotan pou.
- Ajan Kore Fanmi pa janm mande lajan oubyen lòt bagay pou bay sèvis?
- Poukisa li enpòtan pou Ajan Kore Fanmi pa janm gen move kondwit seksyèl?

**11.** Fè patisipan yo konnen pou ede kenbe enfòmasyon an sekrè pandan sesyon fòmasyon sa a, yo kapab sèvi ak Bwat Kesyon Sekrè yo. Leve bwat la anlè. Fè patisipan yo konnen nan nenpòt moman pandan jounen an, si yo gen nenpòt kesyon yo pa vle poze pou tout moun tande, yo ka mete kesyon yo nan bwat Kesyon Sekrè yo. Kesyon yo kapab konsène ka patikilye oswa nenpòt lòt pwoblèm. Nan fen jounen an, wap revize ak reponn kesyon ki nan bwat la, swa avèk gwooup la, oswa avèk chak moun apa, jan li nesesè.



**KONSEY:** *Al gade Bwat Kesyon Sekrè yo pandan repo ak repa a, epitou revize nenpòt kesyon ou jwenn pou w ka pare pou reponn kesyon yo nan fen fòmasyon an.*

## SESYON 3 PRE-TÈS 1



**Metòd:** Evalyasyon



**Kantite tan:** 30 minit



**Objektif**

**Patisipan yo ap kapab:**

- Evalye konesans patisipan yo te genyen anvan sou sijè fòmasyon an.



**Preparasyon**

- Revize kesyon pre-tès la.



**Materyèl yo**

- Kreyon oswa plim pou tout patisipan yo
- Fotokopi Pre-tès ki nan paj 177 Manyèl Fòmatè



**KONSÈY:** *Eksplike pre-tès la avèk anpil prekosyon sizoka kèk patisipan pa ta abitye pran tès.*



**ETAP YO**



*30 minit*

1. Fè patisipan yo konnen y ap pran yon “pre-tès” kounye a. Objektif pre-tès sa a se pa pou jije patisipan yo, men pito pou pi byen konprann sa patisipan yo konnen déjà, epitou pou asire fòmasyon sa a ap satisfè bezwen yo. Pre-tès la ap ede evalye tou si fòmasyon sa a bay bon jan rezulta, epitou l ap rann fòmasyon an vin pi bon pi devan.
2. Bay chak patisipan yon fotokopi pre-tès la.

- 3.** Anvan pre-tès la, mande patisipan yo pou yo mete enfòmasyon anlè chak paj egzamen an, epi pou yo remèt li ba ou. Si yon patisipan pa konnen dat egzat li te vin yon HDA, mande li pou ekri ane li te vin yon HDA, epi note jou a kòm “30” ak mwa a kòm “6” (jen).
- 4.** Fè patisipan yo konnen ou pral li kèk kesyon byen fò ki gen rapò ak sijè fòmasyon an. Patisipan yo ap reponn kesyon yo. Pou fè sa, y ap antoure youn nan pi bon repons yo pou chak kesyon ki nan pre-tès yo. Kèk kesyon ap fè patisipan yo deside si yon deklarasyon vrè oswa si li fo, epitou kèk kesyon ap fè patisipan yo chwazi pi bon repons ki posib la nan yon bann repons.
- 5.** Di patisipan yo si yo pa konnen repons pou yon kesyon, yo ta dwe kite kesyon an san repons.
- 6.** Fè patisipan yo konnen w ap fè premye kesyon an ansanm.
- 7.** Li premye kesyon an ak repons posib yo byen fò. Mande yon volontè pou reponn, oswa reponn kesyon an poukout ou. Pou reponn kesyon sa a, patisipan yo ta dwe antoure repons ki sou papye yo.
- 8.** Mache vit nan sal la epi al gade pou asire patisipan yo te make repons pou premye kesyon an kòrèkteman.
- 9.** Li rès kesyon pre-tès la ak repons posib yo byen fò epi dousman, youn alafwa. Repete kesyon yo ak repons posib yo, jan li nesesè. Apre ou fin li chak kesyon, bay patisipan yo tan pou yo antoure repons lan.
- 10.** Eksplike nan fen fòmasyon sa a, patisipan yo ap pran egzamen sa a ankò pou wè kisa yo te aprann. W ap revize repons ki kòrèk yo answit.



**KONSEY:** Korije pre-tès yo pandan yon pòz, paske w ap bezwen remèt yo bay patisipan yo apre yo fin pran pòs-tès la. Pou nenpòt repons ki pa kòrèk, souliyen repons ki kòrèk la pou patisipan yo ka wè diferans ant move repons yo ak repons ki kòrèk yo.

## PRE-TÈS 1

Non w: \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_

Seksyon kominal: \_\_\_\_\_

Depi ki dat ou kòmanse kòm anplwaye sante kominote a oubyen kòm ajan kore fanmi a (mwa/ane)? \_\_\_\_\_

Fè yon wonn alantou lèt ki devan pi bon repons ou chwazi pou chak kesyon.

1. Timoun ak fi, ki nan laj pou fè ptit, ta dwe pran vaksen paske:
  - a. **Vaksinasyon pwoteje moun kont yon seri maladi ki kapab kokobe oswa touye moun.**
  - b. Vaksinasyon bay vitamin ki ede kò moun gen fòs, ki ede yo ret an sante.
  - c. Vaksinasyon pwoteje moun kont Viris Sida epi nemoni.
  - d. Vaksinasyon ede moun egzante malnitrison.
2. Ki estrateji Program Elaji Vaksinasyon itilize?
  - a. Ti liv ak anons vaksinasyon nan radyo.
  - b. **Vaksinasyon nan pòs rasanbleman, pase bay vaksen nan chak kay, kanpay nasyonal, epi jounen vaksinasyon nan komin.**
  - c. Edikasyon sou kesyon vaksinasyon nan lekòl, nan legliz epi edikasyon nan kominote a.
  - d. Program Elaji Vaksinasyon nan lopital, nan lekòl tou.
3. Ki prensipal siy ak sentòm maladi tetanòs?
  - a. Tous pase 2 semenn, swe anpil pandan lannuit, epi lafyèv.
  - b. Goj ak kou anfle. Moun mal pou vale. Gwo tèt fè mal.
  - c. Ti bouton tankou grenn pitimi sou tout kò a. Dèyè kou anfle. Gwo tèt fè mal.
  - d. **Machwa a rèd, ak kò li rèd epi kriz.**
4. Siy ak sentòm maladi lawoujòl:
  - a. Dyare ak gwo lafyèv.
  - b. Tach wouj parèt sou tout kò moun epi yo gen gwo lafyèv.
  - c. **Ti bouton tankou ti grenn pitimi, je ak nen kouri dlo.**
  - d. Gwo tous ki depase yon mwa. Doulè nan poumon. Krache san.

## Vaksinasyon

5. Le w'ap vaksinen yon timoun oswa yon fanm ki premye bagay ou dwe fè?
  - a. Mande paran oubyen fanm nan ki vaksen li pran deja
  - b. Gade wè si gen yon mak vaksen BCG nan bra timoun nan
  - c. **Verifye kat vaksen moun nan**
  - d. Bay tout vaksen ki bon pou timoun nan oubyen pou fanm nan selon laj yo
6. Nan ki dokiman w dwe gade pou w jwenn a ki laj pou ou bay chak vaksen?
  - a. Bwat Imaj fòmasyon an
  - b. **Kalandriye Vaksinal la**
  - c. Kat sante fi yo
  - d. Esplikasyon sou ti boutèy vaksen yo
7. Ki pi bon mwayen ki genyen pou nou sèten paran ap mennen timoun yo pran vaksen nan pòs rasanbleman?
  - a. Afiche yon gwo afich nan kominate a pou anonse pòs rasanbleman an.
  - b. Blame paran ki pa te vini nan dènye reyinyon mwa nan pòs rasanbleman an.
  - c. Distribye fèy anons legliz ki nan kominate yo.
  - d. **Fè vizit nan kay pou fè yo sonje epi òganize yon reyinyon katye.**
8. Ki materyèl kap itil nan yon pòs rasanbleman?
  - a. **Sereng soloshot, tèmos ak vaksen, bwat sekirite, kousinè, rejis ak kaye vaksinasyon, sache poubèl, koton, dlo, savon.**
  - b. Sereng soloshot, bwat vaksen chaje ak vaksen ak kaye vaksinasyon.
  - c. Sereng soloshot, kat vaksinasyon, bonbon pou timoun, boul koton.
  - d. Sereng soloshot, bwat vaksinasyon chaje ak vaksen, rejis ak kaye vaksinasyon.
9. Ki mezi sekirite pou nou pran lè n ap bay vaksen nan yon pòs rasanbleman?
  - a. Ajan kore fanmi yo dwe rete kanpe.
  - b. **Ranje tout sereng yon kote timoun pa ka manyen yo.**
  - c. Chak ajan kore fanmi yo ki pral bay vaksen dwe kapab bay 2 oubyen 3 timoun piki ansanm.
  - d. Bwat sekirite pou moun mete sereng ak egwi ki sèvi yo, se pou yo mete l yon kote ki lwen ak kote yo bay vaksen yo.

- 10.** Ki enfomasyon enpòtan ajan kore fanmi dwe bay responsab timoun yo?
- Pou ki maladi vaksen sa yo bon, ki jan yo pral bay tèl vaksen, sa ki pral rive si timoun nan manke tèl dòz vaksen
  - Ki sa ki pral rive si timoun nan manke kèk dòz vaksen, ki pwoblèm vaksen yo kapab bay, ki jan pou nou fè pou timoun nan sispann kriye.
  - Ki dòz vaksen y a bay timoun nan, ki malèz vaksen an ka bay, sa pou nou fè lè gen malèz, ki lè epi ki kote pou timoun nan tounen pou lòt dòz vaksen yo.**
  - Malèz vaksen yo kapab bay, sa pou fè si vaksen yo bay malèz, ki jan yo pral bay tèl vaksen, kisa ki pral rive si timoun nan manke kèk dòz vaksen.
- 11.** Ki 3 premye bagay ou ta dwe fè pou w bay yon timoun yon vaksen?
- Mande pou w wè kat vaksinasyon timoun nan. Blame responsab timoun nan si li potko pran vaksen. Bay timoun nan vaksen li bezwen yo.
  - Di paran an mèsi paske li vini. Bay timoun nan vaksen li bezwen yo. Make kat vaksinasyon timoun nan.
  - Mande pou w wè kat vaksinasyon timoun nan. Bay timoun nan vaksen li bezwen yo. Eksplike ki maladi vaksen yo pral fè li egzante.
  - Di paran an mèsi paske li vini. Mande pou w wè kat vaksinasyon timoun nan. Eksplike pou ki maladi w ap bay vaksen an.**
- 12.** Ki jan ou ta dwe prepare brikèt pou mete nan tèmos vaksen?
- Ranpli brikèt yo ak dlo. Pa plen brikèt la nèt. Kontwole brikèt yo pou w wè si yo pa koule. Pa mete brikèt yo pil sou pil, kite yon ti espas pou lè pase. Kite brikèt yo tounen glas pandan 24 èd tan pou pi piti. Lè brikèt yo fin fè glas, kite kouch nèj ki sou li fè yon ti fonn tou piti anvan w mete 1 nan tèmòs.**
  - Ranpli brikèt yo ak dlo. Kite brikèt yo tounen glas pandan 24 èd tan pou pi piti. Retire brikèt yo nan frizè a epi mete yo nan tèmos vaksen an touswit.
  - Ranpli brikèt yo ak dlo, pa fin plen yo. Kite brikèt yo tounen glas vre pandan 24 èd tan omwen. Retire sache glas yo nan frizè a epi mete yo nan tèmos vaksen an touswit.
  - Ranpli brikèt yo ak dlo. Kite brikèt yo tounen glas pandan 12 èd tan pou pi piti. Kite yo fonn nèt.

## Vaksinasyon

- 13.** Ki materyèl nou dwe mete nan yon tèmos vaksen?
- a. Brikèt glas. Vaksen ak ti dlo pou deleye yo. Sereng soloshòt. Savon likid. Boulèt koton.
  - b. Brikèt glas. Vaksen ak ti dlo pou deleye yo. Tèmomèt pou mezire fredi. Savon likid, boulèt koton.
  - c. **Brikèt glas. Vaksen ak ti dlo pou deleye yo. Tèmomèt pou mezire fredi. Yon kousinè.**
- 14.** Lè w ap sèvi ak yon tèmos vaksen nan yon pòs rasanbleman. Ki sa ou dwe fè?
- a. Retire kousinè a konsa ou kapab pran vaksen yo fasil.
  - b. Mete tèmos vaksen an nan solèy pou ou ka wè vaksen yo fasil.
  - c. Bouche tèmos vaksen an avèk kouvèti a epi mete vaksen yo sou li.
  - d. **Mete ti boutèy vaksen yo nan fant kousinè a ki parèt lè tèmos la ouvri.**
- 15.** Pou w debarase w ak fatra san pwoblèm apre yon aktivite vaksinasyon, kisa w dwe fè?
- a. Pran bwat biyosekirite, pote l nan sant sante a pou yo brile li.
  - b. Pote bwat fatra a epi depoze l nan biwo sipèvizè a.
  - c. Pote bwat fatra a lakay ou epi boule li.
  - d. **Asire w ke ou fouye yon twou byen fon pou w mete bwat de sekirite a oubyen yon kote ki fèt pou sa menm.**

### Pou kesyon 16, sèvi ak Pwogram Elaji Vaksinasyon nasyonal la:

- 16.** Ranpli kat, rejis, ak kaye vaksinasyon apati enfòmasyon sa yo:

#### Istwa

Siyati: Pyè

Non: Asefi

Laj li ak ki vaksen li pran deja jiska jodiya: 2 mwa edmi; li resevwa tout vaksen ki fèt pou li jis jodia

L ap bay ti bebe a tete

Non manman an: Ifemi

Adrès li: Ba simityè 165323

Kote pòs la ap fèt: Difayi

## SESYON 4

# ENTWODIKSYON SOU VAKSINASYON



**Metòd:** Diskisyon pa 2, diskisyon an gwo laj



**Konbyen tan:** 30 minit



**Objektif yo**

Patisipan yo ap kapab:

- a. Eksplike enpòtans vaksinasyon.
- b. Site estrateji, objektif, ak gwo laj sib Pwogram Elaji Vaksinasyon ak kisa li ye.



**Preparasyon**

- Repase esplikasyon sou Pwogram Elaji Vaksinasyon an ak enfòmasyon ki genyen sou sa pi ba a.



**Materiyèl**

- Esplikasyon ak enfòmasyon sou Pwogram Elaji Vaksinasyon an nan paj 8 mènyèl patisipan an.
- Gran fèy papye blan
- Gwo kreyon koulè
- Tep



## ETAP YO



15 minit

### 1. Di patisipan yo

Nan modil sa a, nou pral aprann tou sa nou bezwen konnen pou nou kapab bay timoun vaksen, fanm ki gen ant 15 an ak 49 an. Pou nou kapab genyen bon jan enfòmasyon sou vaksinasyon. Pou nou kapab enfòme fanm ak responsab timoun yo sou kesyon vaksinasyon. Pou nou kòmanse, nou dwe gen esplikasyon sou kèk mo.

**2.** Mande patisipan mete tèt ansanm: chak moun fè yon pè ak lòt moun ki a kote w la. Chak de moun ap brase-lide sou kesyon sila a, pandan kèk minit, nan sèvi ak pwòp espéryans pa yo, ak sa yo konnen, ak sa yo tandé.

- Sa yon vaksen ye ?

**3.** Bay de moun yo 5 minit pou yo brase-lide. Pandan de moun sa yo ap brase-lide, mache koute pou w sèten yo konprann sa pou yo fè a.

**4.** Mande de moun sa yo pou yo sispann pale. Mande yon moun ki volontè pou l bay lide pa l sou vaksen. Apre sa, mande si gen lòt de moun ki ta gen kichòy pou yo ajoute sou esplikasyon an (yo pa dwe repete okenn pawòl premye de moun nan di. Se lòt enfòmasyon yo kapab met sou sa).

**5.** Mande tout moun chèche esplikasyon sou vaksen ak sistèm defans nan pag 7 liv patisipan yo a. Pandan y ap konpare repons pa yo ak sa ki nan liv la.

Yon **vaksen** se yon pwodui ki ogmante sistèm defans yon moun genyen kont tèl maladi. Se avèk mikwòb ki bay maladi a menm yo prepare vaksen yo. Mikwòb sa yo kapab oubyen vivan, oubyen soule, oubyen mouri. Vaksen an eksite sistèm defans kò a pou li detwi mikwòb sa yo lè yo antre nan kò a. Vaksen yo pèmèt sistèm defans lan rekonèt mikwòb yo pi fasil epi detwi yo. Sa vle di moun ki fin pran vaksen an, lè li rankontre avèk mikwòb ki lakòz maladi a, vaksen li te pran an pèmèt li goumen ak maladi a.

**6.** Mande yon volontè li definisyon “sistèm defans” lan byen fò:

**Sistèm defans** lan se defans kò a genyen pou li kontre ak enfeksyon ak maladi. Sistèm defans lan atake kò a ak pwodui ki anvayi kò a e ki lakòz maladi. Sistèm defans lan se yon baryè ki la pou pwoteje w kont mikwòb ki vle atake kò a.

**7.** Mande moun yo ki kesyon yo genyen sou sans “vaksen” ak “sistèm defans” epi ba yo bon jan repons. Mande moun yo repase esplikasyon sa yo lakay yo.



5 minit

**8.** Mande moun yo keksyon n ap mete la kounye a epi asepte tout bon repons yo :

- Pouki sa vaksinasyon gen anpil empòtans?

(*Vaksinasyon se pwoteksyon kont maladi grav. Yon timoun ki pran bon*

*jan vaksen pou maladi sa yo pap trape yo. Yon timoun ki pa pran vaksen pi fasil vin malad, vin kokobe, oswa mouri.)*

*(Vaksinasyon pwoteje timoun, pwoteje fi ki gen laj pou yo fè ptit.*

*Vaksinasyon pwoteje yo ak maladi ki kapab gaye nan kominate yo e ki kapab touye anpil moun.)*

- Lè moun pran vaksen, se yon pwoteksyon anplis pou tout kominate a kont maladi sa yo.  
*(Fanm ansent ki pran vaksen kont tetanòs pwoteje tèt yo ak tibebe ki nan vant yo.)*
- Kont ki maladi vaksinasyon pwoteje moun an Ayiti?  
*(Tibèkiloz, polyo, tetanòs, lawoujòl, ribeyòl, difteri, koklich, epatit B / maladi nan fwa, menenjit / gwo maladi nan tèt, ak nemoni / gwo maladi nan poumon)*
- Ki moun ki ta dwe pran vaksen ?  
*(Tibebe ki poko gen 1 an, timoun ant 1 an ak 4 an, fi ki ansent, tout fi ant 15 an ak 49 an)*
- Kijan yo bay vaksen?  
*(ak pikti oubyen pa bouch)*



10 minit

**9.** Men kesyon pou nou mande epi mande moun ki gen esperyans reponn vit (nan pale sèlman, ekri pa ladann):

- Ki sa Pwogram Elaji Vaksinasyon an ye?
- Ki objektif PEV?
- Ki estrateji PEV itilize pou vaksinen timoun ak fanm ki nan laj pou fè ptit? (sa vle di ki kalite aktivite l ap mennen pou timoun ak fi pran vaksen san mank?)
- Ki gwooup moun PEV vize pou bay vaksen.

**10.** Mande yon volontè li enfòmasyon an sou istwa PEV ki nan premye paj liv patisipan an byen fò.

**11.** Mande yon lòt volontè li enfòmasyon ki anba a, epi rekonèt ki rapò repons moun yo genyen ak enfòmasyon ki nan liv la. Pou chak aktivite Pwogram nan, mande yon volontè di de twa mo pou l eksplike sa aktivite a mande.

### Pwogram Elaji Vaksinasyon an<sup>3</sup>

#### Objektif PEV

Pwogram nan vle bare wout tout maladi moun kapab egzante nan pran vaksen. Espesyalman timoun ki pokon gen 5 an ak fanm ki nan laj pou fè pitit. Pwogram nan gen entansyon diminye nouvo ka polyo ak lawoujòl epi disparèt tetanòs.

#### Estrateji PEV

1. Pòs Rasanbleman
2. Fè vaksen chak jou nan lopital, klinik, dispansè
3. Ekip vaksinasyon ki pase pòt an pòt
4. Òganize kanpay vaksinasyon
5. Fè yon jounen vaksinsayon nan yon komin
6. Brigad vaksinasyon yo

#### Gwooup PEV yo vize yo

1. Tibebe ki pokon gen enn an (1an)
2. Tout timoun depi 1 an rive 5 an
3. Fanm ansent
4. Tout fi depi yo gen 15 an jis yo gen 49 an

- 12.** Mande si patisipan yo gen kesyon sou sa nou sot wè yo, epi ba yo bon kalite repons ki ale ak tèl kesyon oubyen kite moun ki fè pati pwogram nan e ki gen bon esperyans reponn.

<sup>3</sup> Manuel de Normes Techniques et de Procédures du PEV en Haïti, 15–20.

## SESYON 5

**MALADI VAKSEN KA ANPECHE MOUN TRAPE AK SIY  
MALADI SA YO**

**Metòd:** aktivite an ti gwoup



**Konbyen tan:** 1 èd tan

**Objektif**

Patisipan yo ap kapab:

- c. Identifie siy ak sentòm prensipal maladi PEV yo.
- d. Refere moun ki gen siy ak sentòm maladi PEV nan sant sante touswit.

**Preparasyon**

- Repase esplikasyon sou maladi nou kapab bare wout yo ak vaksen, pi ba a.
- Ekri non maladi, ki nan lis la a, nan tèt gran fèy papye blan. Yon fèy pou chak gress maladi. Epi kole fèy papye yo fè wonn klas la:
  - Tibèkiloz (maladi touse)
  - Polyo
  - Tetanòs
  - Lawoujòl
  - Difteri
  - Koklich
  - Ribeyòl
  - Epatit B
  - Nemoni
  - Menenjit

**Materiyèl**

- 10 maladi ak non yo ekri sou 10 fèy papye blan yo afiche toutotou sal la
- Esplikasyon sou maladi PEV nou kapab bare wout yo ak vaksen nan paj 8 liv mènyèl patisipan.
- Gran fèy papye blan
- 10 gwo kreyon koulè
- Tep



## ETAP YO



5 minit

**1.** Eksplike patisipan yo pral repase enfòmasyon sou maladi PEV yo. Pou sa fêt, se pa ti gwoup yo pral travay.

**2.** Separe moun yo fè 10 ti gwoup nan mande yo konte moun epi rete lè sa fè 10 gwoup. Si sa kapab fêt, mete pou pi piti yon moun ki déjà gen espéryans nan chak gwoup. Bay chak gwoup yon gwo kreyon koulè.

**3.** Montre 10 fey ki afiche toutotou sal la. Li non maladi yo a pou tout moun tandé epi mande chak gwoup pou l al kanpe bò youn nan fèy yo. Eksplike ti gwoup la travay li:

- Se pou maladi sa yo timoun ak fanm ap pran vaksen an Ayiti. Siman nou abitye anpil ak siy ak sentòm sèten nan maladi sa yo. Epi nou pa sitèlman abitye ak kèk lòt. Kounye a se pral yon bon okazyon pou nou repase sa nou konnen.
- N ap gen 2 minit pou nou brase-lide sou siy ak sou sentòm yon maladi nou déjà konnen. Epi n ap ekri yon sentòm maladi a sou gran fèy papye a.
- Apre 2 minit, m pral mande tout gwoup yo pou yo deplase al bò yon lòt gran fèy papye. N ap gen yon lòt 2 minit pou nou brase-lide epi pou nou ekri yon sentòm pou maladi sa a atò.
- N ap rekòmanse menm mouvman an jistan chak ti gwoup vin gen mwayen ekri yon sentòm pou chak maladi.
- Fòk sentòm nou ekri a pa menm ak sa ki déjà ekri yo sou fèy lòt gwoup yo. Pa repe te menm sentòm.
- Si ekip pa w la pa kapab chanje yon siy oubyen yon sentòm pou yon maladi, nanpwen mal. Sa kapab rive pi souvan lè nou prèske fini ak aktivite sa a. Pouki sa? Paske lòt gwoup ap déjà ekri plizyè sentòm.



15 minit

**4.** Mande ti gwoup yo pou yo kòmanse travay. Tan an se egzakteman 2 minit, epi mande gwoup yo pou yo janbe sou yon lòt gran fèy papye, epi youn apre lòt. Pandan gwoup yo ap travay, pase gade pou wè si gwoup yo konprann travay ou ba yo fè a.



5 minit

**5.** Mande gwooup yo pran liv yo. Bay chak gwooup travay sou yonn nan 10 maladi yo. Mande gwooup yo al kanpe a kote gran fèy ki make maladi tèl gwooup ap travay la. Mande chak moun pou yo jwenn enfòmasyon sou maladi gwooup pa l la ap travay la nan paj 9–19 nan liv yo a. Eksplike travay ti gwooup la.

- Mande yon manm gwooup la li esplikasyon an pou tout moun tandem.
- Konpare siy ak sentòm ki nan liv la ak sa ki nan fèy la.
- Bare tout siy ak tout sentòm ki ekri nan fèy la depi yo pa kòrèk.
- Sou fèy la, ekri lòt siy ak sentòm ki te manke yo.
- Chwazi yon reprezantan pou li prezante travay gwooup la.
- W ap gen 10 minit pou travay la.



10 minit

**6.** Mande gwooup yo kòmanse travay. Pandan gwooup yo ap travay fè wonn yo epi kontwole si gwooup yo konprann sa pou yo fè epi si y ap fè pwogrè. Bay gwooup yo 5 minit ak 1 minit avètisman.



20 minit

**7.** Di gwooup yo mèsi pou travay yo fè a. Mande tout gwooup mache toutotou sal la pandan kèk minit pou chak gwooup gade lis sentòm yo lè se tou pa yo.

**8.** Epi mande chak moun pou yo chita. Ankouraje yon ti brase-lide nan sèvi ak seri kesyon sa yo:

- Pou ki maladi tout sentòm yo te kòrèk?
- Pou kisa majorite nan nou te jwenn siy ak sentòm maladi sa?
- Kilès nan maladi sa yo ki gen kèk sentòm ki pa nan plas yo?
- Pou kisa w panse se sa?



5 minit

**9.** Mande patisipan yo:

- Poukisa li enpòtan pou Ajan Kore Fanmi yo rekonèt siy ak sentòm maladi yo?

*(Fòk nou rekonèt siy ak sentòm maladi PEV yo pou nou ka refere moun ki gen maladi sa yo a tan nan sant sante a pou evite yo kokobe oswa mouri epi pou evite maladi yo gaye nan kominote a.)*

- Kisa w ta dwe fè lè ou jwenn yon timoun ki gen siy ak sentòm maladi PEV yo?

*(Refere yo nan sant sante a.)*

*(Fè kòdon sanitè: vaksinen 100 kay konsa, ozalantou kay timoun ki malad la kont maladi ou sisplèk la.)*

*(NB: Nan ka sisplèk polyo, mete yon ti pou pou timoun nan nan yon bokal ki gen bouchon, byen konsève l nan yon tèmòs glas, pote l nan sant sante a.)*

**10.** Mande moun yo repase enfòmasyon sou maladi sa yo etan yo lakay yo.



## TIBÈKILOZ (MALADI TOUSE)


*nan paj 9 liv patisipan*



Tibèkiloz se yon maladi atrapan ki gaye fasil e ki danjere. Le pli souvan tibèkiloz atake poumon men li kapab atake lòt pati nan kò moun tou. Li gaye nan lè a lè yon moun ki genyen louse, estènen, krache epi yon lòt moun respire ti degout krache sa yo. Tibèkiloz touye moun si li pa trete.

### Siy ak sentòm

- Tous ki dire pase 15 jou
- Tous ki krache san
- Doulè pwatrin
- Lafyèv
- Swe pandan lannwit
- Pèdi pwa
- Fatig



Polyo se yon maladi atrapan ki danjere, yon viris bay. Anpil moun ki atrape viris la pa devlope sentòm. Men, si yon moun devlope sentòm li dwe pran sa oserye paske li kapab paralize oubyen nan bra oubyen nan janm, oswa ni bra ni janm. Sa ka mennen ata lanmò. Polyo vin gaye lè poupou yon moun ki gen polyo jwenn ak dlo oubyen ak manje.

### **Siy ak sentòm**

- Lafyèv
- Dyare
- Anvi vomi
- Mal tèt
- Manm yo vin pòk, sa vle di li paka fe anyen avèk yo

Sonje:

- gen moun ki ak viris polyo a nan kò yo, men, yo pa janm rive gen sentòm
- tout timoun ki poko gen 15 an ki te nòmal epi bra yo oswa janm yo vin pòk, se ka sispèk maladi polyo



Tetanòs se yon maladi atrapan ki grav. Se sou kò moun li aji, kòmanse ak machwa yo rive nan tout kò yo. Gen peyi kote yo rele maladi sa a << Kò rèd >>. Lepli souvan yon moun atrape tetanòs lè mikwòb tetanòs la soti nan labou antre nan yon blese oubyen yon ti kòche ki fèt ak zong ki sal, kouto, jilèt, ti moso bwa, bêt ki mòde moun. Medam yo ak tibebe yo ka trape tetanòs lè akouchman si yo koupe lonbrik la ak zouti ki sal oswa si matwòn nan fè akouchman an avèk men sal san gan, si yo akouche nan wout atè, elatriye<sup>4</sup>. Tout fi soti 15 an rive 49 an ta dwe pran vaksen pou tetanòs yon jan pou yo pwoteje ni tèt yo ni tibebe yo.

Tetanòs kapab touye moun si yo pa trete l.

### Siy ak sentòm

- Machwa ak kou vin rèd, vin sere
- Mal pou vale
- Vant nan vin rèd, yo gen kriz
- Kò moun vin koubi kòm yon sèso
- Moun swe anpil
- Lafyèv

### Tetanòs Neonatal

Tibebe ki fèk fèt sispann tete (manje) ant 3 ak 28 jou apre yo fèt. Epi kò yo rèd, yo gen kriz.

4 Facts for life, 85




Lawoujòl se yon maladi atrapan ki grav, yon virus bay. Prensipal sentòm li se ti mak blanch anndan bouch. Li gaye lè yon moun ki gen maladi a estènen, touse, krache epi yon lòt moun respire ti degout ki soti nan tous, nan estènen, nan krache. Lawoujòl gaye fasil fasil e li kapab touye timoun.

### Siy ak sentòm

- Bouton tou fen tankou grenn pitimi
- Gwo lafyèv ki ka dire 7 jou
- Bouton ki wouj: kote ki plat kouvri ak ti boul
- Dyare
- Nen koule dlo
- Je koule dlo
- Ti mak blanch anndan bouch

Sonje: konplikasyon lawoujòl se nemoni, ak yon maladi je ki kapab fè timoun vin avèg



Difteri se yon maladi grav ki atrapan. Ou trouve li nan gòj. Li gaye lè yon moun ki gen maladi a estènen, touse, krache epi yon lòt moun respire ti degout ki soti nan tous, nan estènen, nan krache. Difteri gaye fasil fasil e li kapab touye timoun.

### Siy ak sentòm

- Mal gòj
- Pèdi apeti
- Ti lafyèv
- Feblès
- Po anndan gòj epi sou amigdal pran yon koulè blan sal oubyen gri sou 2-3 jou.
- Gòj ap senyen
- Pwoblèm pou vale
- Kou gonfle anpil

Sonje: konplikasyon maladi difteri se difikilte pou respire ki konn rive toufe moun nan.



Koklich se yon maladi atrapan ki chita kote moun nan respire (sistèm pou moun rale souf). Li gaye lè yon moun ki gen maladi a estènen, touse, krache epi yon lòt moun respire ti degout ki soti nan tous, nan estènen, nan krache. Koklich kapab touye timoun si yo pa trete l.

### Siy ak sentòm

- Anpil larim, je koule dlo, estènen, lafyèv, ti touse pou kòmanse
- Pran touse serye ki dire pase 1mwa oswa 2 mwa
- Pran touse san rete. Tous la fè yon bri tankou kòk kap chante (anpil fwa pandan lannwit)
- Vomi ak gran gran gran fatig
- Kriz (ki souke maladi a brital)
- Doulè nan zòrèy (mitan zòrèy vin anfle)
- Kò vin chèch nan pèdi dlo




Ribeyòl se yon maladi atrapan, yon viris bay. Li gaye lè yon moun ki gen maladi a estènen, touse, krache epi yon lòt moun respire ti degout ki soti nan tous, nan estènen, nan krache. Lakay yon fanm ansent ribeyòl kapab mennen gwo konplikasyon pou tibebe a (sendwòm ribeyòl li pran nan vant).

### Siy ak sentòm

- Ti boul tankou ti grenn pitimi sou tout kò l
- Kote ki anfle deyè kou
- Doulè nan zo
- Lafyèv
- Mal tèt
- Gwo doulè nan je

### Konplikasyon pou tibebe a

- Timoun fèt tou avèg (katarat)
- Pwooblèm kè
- Pwooblèm fwa
- Dyabèt (maladi sik)
- Tibebe ki mouri nan vant
- Vin soud
- Maladi (pwooblèm) nan larat



Se yon maladi ki atake Fwa nan kò moun. Granmoun yo geri pou kont yo pi souvan, men timoun ki fêt ak maladi epatit la toujou ap tonbe leve. Timoun sa yo bay maladi a fasil pandan anpil ane. Nan ane 2000 te genyen 5.7 million ka maladi epatit B plis pase 521 milyon moun te mouri ak maladi epatit. se yon maladi atrapan, yon viris bay.

#### Fason moun pran maladi epatit

Li gaye nan san ak lòt dlo nan kò yon moun ki gen maladi a tankou:

- Lè nou pike ak yon sereng ki déjà sèvi epi ki gen viris la.
- Lè yon manman avèk viris la akouche, tibebe ka pran l.
- Kontak san ak san (blese, kóche, mode, ak lót dlo nan kó).
- Le n'ap fè bagay.

#### Siy ak sentòm

- Vomisman, anvi vomi
- Feblès
- Fatig
- Pa vle manje
- Doulè nan fwa
- Po ak je vin jòn
- Pipi vin koulè fonse
- Poupopu vin koulè gri oubyen klè

5 Introduction du Vaccin Pentavalent (Quinvaxem Inj.) Informations sur les Maladies à Prévenir et le Vaccin. Mars 2012. Pg 5-6.



Pi souvan nou pa wè sentòm nan timoun

Konplikasyon maladi epatit


Epatit B konn touye moun sitou lè atake moun nan brid sou kou. Konplikasyon ki pi grav yo se:

- Epatit ale vini (kwonik)
- Siwòz
- Kansè nan fwa
- Fwa pa ka fè travay li ankò

Sonje: Maladi epatit B pa gen tretman

Kouman pou nou pwoteje tèt nou kont maladi epatit

- Vaksinen timoun ki poko gen 1 an
- Vaksinen jenn ki nan vi seksyèl
- Vaksinen tout travayè sante ak tout lòt moun ki pi fasil pou trape maladi epatit



Se yon jèm maladi ki grav anpil, ki lakòz anpil ka menenjit ak maladi poumon. Se yon seri maladi atrapan enfeksyon haemophilus influenza kapab bay. Li gaye lè yon moun ki gen maladi yo estènen, touse, krache epi yon lòt moun respire ti degout ki soti nan tous, nan estènen, nan krache. Anpil timoun gen jèm maladi a nan kò yo men yo pa gen siy ak sentòm, men yo ka bay maladi a. Timoun ant 6 mwa ak 2 zan pi a risk pou maladi sa yo.

### Siy ak sentòm

#### Menenjit:

- Doulè nan kou oubyen nan do
- Mal tèt
- Vomisman
- Kou vin rèd
- Kriz
- Kriye san rete
- Mitan tèt la bonbe
- Konpòtman timoun chanje
- Timoun nan ap gade anlè

#### Nemoni:

- Gwo lafyèv
- Tous
- Souf kout

### Konplikasyon

Sou chak 100 timoun ki fè menenjit 15 a 30 ladan yo gen;

- Pwobèm nan sèvo
- Moun nan ka fou
- Pa tande byen

Sonje: Konplikasyon konn lakòz lanmò nan 5 a 10 pou 100 ka sa yo

## SESYON 6

# KALANDRIYE VAKSINASYON



**Metòd:** Travay 2 moun ansanm



**Tan:** 45 minit



**Objektif yo**

**Patisipan yo ap kapab:**

- e. Site vaksen timoun ki pokon gen 5 kan, fanm ansent, ak fi ki gen ant 15 ak 49 an ta dwe pran selon kalandriye vaksinasyon an.
- f. Di ki lè timoun ki fèk fèt rive sou 5 an ta dwe resevwa sipleman vitamin A.



**Preparasyon**

- Repase kalandriye vaksinasyon ki pi ba la a.
- Men kisa nou pral ekri sou yon gran fèy papye
- Vaksen
  - Konbyen dòz vaksen pou nou bay?
  - Ki lè pou nou bay dòz yo ?
  - Ki kantite vaksen chak dòz nou bay dwe genyen ?
- Vitamin A
  - A ki laj yo dwe bay tèl timoun vitamin A epi ki dòz yo dwe ba li selon laj li?



**Materyèl**

- Kalandriye vaksinasyon ak enfòmasyon sou vitamin A nan paj 21 nan liv patisipan.



**KONSEY:** *Atansyon: Sesyon sa a ap fèt pou li mete moun yo okouran kalandriye vaksinasyon an. Se nan lòt sesyon n ap jwenn detay esplikasyon sou fason yo prepare vaksen, fason yo bay vaksen piki nan po, piki byen fon nan po, piki anba po epi vaksen polyo yo bay nan bouch, ak malèz vaksen yo bay. Se keksyon lòt sesyon pral etidye.*



## ETAP YO



10 minit

**1.** Men késyon pou nou mande moun yo. Prese koute repons mezi kantite moun ki vle reponn.

- Nou menm ki la a, konbyen nan nou ki fè ptit nou pran vaksen oubyen ki pran vaksen tou? Leve men nou.

- Konbyen nan nou ki deja bay moun vaksen? Leve men nou.

- Kijan yo bay vaksen?

(Ak piki oubyen nan bouch) Konbyen dòz pou yo bay pou vaksen an itil vre?

(Gen vaksen yo bay yon sèl gress fwa, gen kèk lòt ki mande 2 ou 3 dòz)

- Ki lè yo ta dwe bay timoun vaksen?

(Sa ki pi bon, se pandan 9 premye mwa lavi yo)

- Ki lè medam yo ta dwe pran vaksen pou tetanòs?

(Depi yo rive nan laj pou yo fè ptit oubyen pi vit sa kab fèt si yo ansent)

- Ki vitamin yo bay tibebe ak timoun anvan yo fini gen 5 an?  
Pou ki rezon?

(Se vitamin A: si yon timoun pa jwenn kont vitamin A, li kapab rive pa wè menm lannwit – Li p ap kapab wè byen ase jan pou l ta wè lannwit oubyen kote ki manke limyè. Sitou timoun ki poko gen 5 an yo plis an danje, paske je yo poko devlope ase, yo kapab menm vin avèg.)

- A ki laj yo dwe bay timoun yo chak vaksen epi konbyen dòz pou yo bay?

(Sèvi ak kalandriye Nasyonal Vaksen an)

- Konbyen nan nou ki abitye ak kalandriye Nasyonal Vaksinasyon an?  
Leve men nou

**2.** Di patisipan yo:

Kòm ajan kore fanmi se nou ki pral responsab bay timoun yo vaksen ak vitamin A nan pòs rasanbleman chak mwa. N ap bay medam yo vaksen kont tetanòs. Pou nou fè sa, fok nou swiv kalandriye vitamin A a. Kalandriye Nasyonal Vaksinasyon an ap di nou ni ki lè pou nou bay chak vaksen, ni konbyen fwa, ni dòz nou bezwen. L ap di nou tou ki kote pou nou bay vaksen epi ki jan (si se piki, si se pa bouch epi ki kalite piki). Nou pral repase ni ki lè pou nou bay vaksen yo, ni konbyen fwa, ni ki dòz

pou nou bay lè sa a. N a repase divès jan pou nou bay piki yo pi devan nan lòt sesyon yo.

3. Fè moun yo mete yo de pa de. Si sa kapab fet, mete yon moun ki abitye ak kalandriye vaksinasyon an ak youn ki pa abitye ak li, pou chak de moun.
4. Afiche kesyon nou prepare sou vaksen yo epi li kesyon yo byen fò.

### Vaksen

- Konbyen dòz yo dwe bay pou tèl vaksen?
- Nan ki espas tan pou yo bay dòz yo?
- Ki kantite pou yo bay pou chak dòz?

### Vitamin A

- A ki laj yo ta dwe ba yo vitamin A, epi ki dòz pou yo bay yo dapre laj yo?

5. Eksplike travay 2 moun ki ansanm yo gen pou yo fè:

Ansanm ak patnè w la, nou 2 a chèche repons kesyon ki sou vaksen yo nan kalandriye vaksinasyon an ak kalandriye vitamin A a nan paj 21 liv ou a.

- Nou pa bezwen ekri repons yo, selman gade nan kalandriye a jwenn repons, tann yo rele w pou bay repons la.
- Nou pral gen 20 minit pou nou travay.



20 minit

6. Bay chak 2 moun yo 20 minit pou yo travay. Pandan y ap travay, ale vini pou w ede yo oubyen pou w reponn kesyon yo selon sa yo bezwen. Etan w ap ale vini, kontwole si chak 2 moun yo konnen kouman pou yo li kalandriye a. Sa vle di pou chak vaksen, soti nan kare sou bò gòch janbe nan kare a dwat la, yonn apre lòt. Bay chak 2 moun yo 5 minit epi avètisman 1 minit.



15 minit

7. Di "Atansyon" pou chak moun. Mande chak 2 moun yo reponn kesyon yo pou premye vaksen an. Mande chak moun kontwole repons yo nan chèche enfòmasyon sou kalandriye vaksinasyon an nan liv yo a.

## **Vaksinasyon**

**8.** Repete aktivite sa a pou tout vaksen pou timoun, pou tetanòs pou medam, epi pou vitamin A pou timoun. Chak fwa se yon lòt 2 moun pou w mande sa.

**9.** Di moun yo:

Vaksen sa yo bay pi bon rezulta lè yo respekte laj pou moun nan pran 1 nan. Nan PEV la bay timoun yo vaksen jiska 5 kan.

**10.** Mande moun yo ki kesyon yo genyen sou kalandriye vaksinasyon ak kalandriye vitamin A epi ba yo bon repons lan. Eksplike moun yo y ap gen pou yo repase kalandriye sa a ankò pi ta nan lòt sesyon, lè y ap aprann kijan pou yo bay chak vaksen.

**DIREKSYON PWOGRAM ELAJI VAKSINASYON AN (DPEV)<sup>6</sup>**

nan paj 21 liv patisipan yo

**Kalandriye Vaksen**

Vaksen	Konbyen dòz	Laj pou yo pran vaksen	Konbyen tan ant dòz yo	Dòz	Ki kote yo bay vaksen an nan kò moun	Rapèl vaksen
BCG	Yon sel dòz	Depi tibebe a fèt jiska 11 mwa	Yon grenn dòz	0,05 ml	Piki nan po	—
Polyo (VPO)	Dòz 0	Lè tibebe a fèt jiska 15 jou	1 mwa	2 gout	Vale vaksen pa bouch	Enn an apre twazyèm dòz la anvan li antre nan gran lekòl
	Dòz 1	1 mwa $\frac{1}{2}$ ou byen 6 semèn				
	Dòz 2	2 mwa $\frac{1}{2}$				
	Dòz 3	3 mwa $\frac{1}{2}$				
PANTAVALAN	Dòz 1	1 mwa $\frac{1}{2}$	1 mwa	Flakon inidòz de 0,5 ml	Piki byen fon nan po	Enn an apre twazyèm dòz la
	Dòz 2	2 mwa $\frac{1}{2}$				
	Dòz 3	3 mwa $\frac{1}{2}$				
DTK*	Dòz 1	1 mwa $\frac{1}{2}$	1 mwa	0,5 ml	Piki byen fon nan po	Enn an apre twazyèm dòz la anvan li antre nan gran lekòl
	Dòz 2	2 mwa $\frac{1}{2}$				
	Dòz 3	3 mwa $\frac{1}{2}$				
Lawoujòl/ Ribeyòl	Yon sèl dòz	9 mwa rive 4 an 11 mwa	Yon sèl dòz	0,5 ml	Piki anba po	—
dT Difteri/ Tetanòs Oubyen TT (Tetanos Toksoyid)	Dòz 1	Fanm 15–49 an	1 mwa	0,5 ml	Piki byen fon nan po	Premye rapèl apre 6 mwa apre dezyèm dòz epi 2 lòt rapèl yo chak 1 an
	Dòz 2	Fanm 15–49 an				

\*Sèlman si timoun nan pa pran vaksen Pantavalan. Pantavalan an pral ranplase DTK nan PEV.

6 Manuel de Normes Techniques et de Procédures du PEV en Haïti, 63.

# VITAMIN A AK ENFÒMASYON SOU PWOTEKSYON KONT PWAZÒN TETANÒS

nan paj 22 liv patisipan

## Pwogram Vitamin A pou timoun<sup>7</sup>

Laj timoun	Kilè pou bay	Ki dòz
Tibebe 6–11 mwa	Chak 4 mwa. Ak vaksinasyon oswa lè timoun fè lawoujòl*	100,000 IU ( grenn ble)
Timoun 12 mwa rive 7 an	Yon fwa chak 4 mwa nan sant sante oubyen nan vizit apre reyinyon	200,000 IU ( grenn wouj)

## Kalandriye Tetanòs Difteri (dT) pou Fanm 15–49 an<sup>8</sup>

Dòz	Kilè pou bay	Peryòd pwoteksyon
dT1	Depi premye kontak pou fi ant 15 an ak 49 an, oubyen touswit pou moun ki ansent si gen mwayen	Nanpwen pwoteksyon
dT2	Omwen 1 mwa apre dT1	3 an
dT3 (rapèl 1)	Ant 6 mwa a 1 an apre dt2	5 an pou pi piti
dt4 (rapèl 2)	1 an apre dt3	10 an pou pi piti
dt5 (rapèl 3)	1 an apre dt4	Tout ane li kab ansent

Sonje: yon fanm ki pran 2 dòz dT plis 3 rapèl pa bezwenn pran lòt dòz vaksen dT si li tonbe ansent ankò.

\*Espas tan nou ta dwe kite ant dòz vaksen yo pou pi plis se 4, 5, 6 mwa. Men, pou vitamin A espas tan nou ta dwe kite pou pi plis se 1 mwa si timoun nan ta gen lawoujòl.

## Kesyon sou pwoblèm rekonèt ki moun ki merite tèl vaksen ak Vitamin A<sup>9</sup>

Chak fwa nou rankontre timoun ak fi nan yon pòs rasanbleman, gade pou n wè ki vaksen yo pran deja, si yo merite vaksen ak vitamin A (timoun), tou sezi okazyon an pou vaksinen yo. Rekomandasyon sou kijan pou bay vaksen PEV pou moun ki gen VIH nan peyi kote malady PEV siyale yo toujou lakoz anpil gwo maladi.

<sup>7</sup> World Health Organization, *Immunization in Practice: A Practical Resource Guide for Health Workers* (Geneva: World Health Organization, 2006), Module 6, 10 (hereafter cited as *Immunization in Practice*).

<sup>8</sup> *Immunization in Practice*, Module 2, 10.

<sup>9</sup> *Immunization in Practice*, Module 6, 9–11

**Rekòmandasyon sou kijan pou bay vaksen PEV pou moun ki gen VIH nan peyi kote maladi PEV siyale yo toujou lakòz anpil gwo maladi.**

Vaksen	Moun ki gen virus VIH men ki pako gen siy ak sentòm	Moun ki malad ak VIH
BCG	Kapab vaksinen	Pa kapab vaksinen
DTP	Kapab vaksinen	Kapab vaksinen
Lawoujòl, Polyo	Kapab vaksinen	Kapab vaksinen
RR	Kapab vaksinen	Kapab vaksinen
dT (fanm ki nan laj pour fè pitit)	Kapab vaksinen	Kapab vaksinen
PANTAVALAN	Kapab vaksinen	Kapab vaksinen

# NÒM POU ENTWODIKSYON NOUVO VAKSEN AN AK FINISMAN DTP<sup>10</sup>

nan paj 24 liv patisipan

## 1 – Sa ou dwe fè

Sa ou dwe fè pral depann sou laj timoun nan, estati vaksinasyon li parapò ak DTP ak si vaksen yo anrejistre nan kanè vaksinasyon an oswa nan yon rejis vaksinasyon.

Estatim vaksinasyon timoun nan parapò ak DTP	Sa ou dwe fè	Peryòd
Timoun ki poko gen yon lane epi ki poko pran vaksen DTP an	Kòmanse vaksinasyon Pantavalan an	A pati 6 semèn
Timoun ki poko gen yon lane epi kat vaksinasyon li di li te resevwa youn ou de dòz DTP an deja	Konplete seri a avèk Pantavalan an	
Timoun ki poko gen yon lane epi kat vaksinasyon li di li resevwa twa dòz DTP an deja	Pa resevwa ni Pantavalan an, ni DTP	
Timoun ki nan gwoup laj sa a ki pa gen kat vaksinasyon men ki te pran dòz DTP yo epi yo te anrejistre nan rejis vaksinasyon an	Konplete seri a avèk Pantavalan an daprè kantite dòz DTP li deja resevwa	
Timoun ki poko gen yon lane epi kat vaksinasyon li di li poko janm resevwa okenn dòz DTP. (Pa gen enfòmasyon nan yon rejis vaksinasyon)	Bay premye dòz Pantavalan an	
Timoun 1 a 4 lane epi kat vaksinasyon li di li resevwa tou lè twa dòz DTP yo deja	Bay yon rapèl avèk DTP an	
Timoun ki gen 1 a 4 lane ki pa gen kat vaksinasyon men ki pran dòz DTP epi ki anrejistre nan rejis vaksinasyon an	Konplete vaksinasyon an avèk DTP an	Jiskake estòk DTP an fini
Timoun 1 a 4 lane ki pa gen kat vaksinasyon epi ki pa gen enfòmasyon pou montre sou ki pwen yo ye ak vaksinasyon yo make nan yon rejis vaksinasyon	Kòmanse pran vaksen DTP an	Jiskake estòk DTP an fini

## 2 – Rapèl sou kalandriye vaksinasyon an

Nòm nou mansyone yo anwo an sipoze aplike jiskaske estòk DTP an fini nan depo ki ozalantou yo ak enstitisyon lasante yo. Men, nou ap bay timoun 1 a 4 lane yo yon dòz DTP pou ranfose sistèm iminitè yo. (si yo pa te janm pran Pantavalan). Nou rekòmande dòz sa a pou diminye risk epidemi peryodik difteri an Ayiti yo.

10 Introduction du Vaccin Pentivalent (Quinvaxem Inj.) Informations sur les Maladies à Prevenir et le Vaccin. Mars 2012. Pg 9–10.

## SESYON 7

# KAT VAKSEN, REJIS VAKSINASYON AK KAYE VAKSINASYON



**Metòd:** Demonstrasyon ak Istwa



**Tan:** 2 èd tan 30 minit



**Objektif**

Patisipan yo ap kapab:

- g. Ranpli kat vaksen an, rejis vaksinasyon an ak kaye vaksinasyon an kòrèkteman pou tout vaksen, vitamin A ak medikaman kont vè yo bay.



**Preparasyon**

- Repase ti istwa yo epi ranje yo oubyen ajoute sa ki nesesè.
- Kalkile dat vaksinasyon yo pou tibebe ki fèt premye janvye a epi pou fi ki te pran tout dòz vaksen kont tetanòs.
- Trase desen kat vaksinasyon sou yon gran fèy papye. Fè li yon jan pou tout moun ka wè.
- Trase desen kat sante fanm sou yon lòt fèy papye. Fè li yon jan pou tout moun ka wè.
- Prepare ase kat vaksinasyon ak kat sante fanm pou chak patisiapan jwenn youn.
- Prepare yon rejis vaksinasyon ak yon kaye vaksinasyon
- Fè fotokopi 2 paj nan rejis vaksinasyon an (paj/non/adrès la ak paj vaksinasyon yo, epi yon paj nan kanè vaksinasyon an (1 kopi pou chak patisiapan)



**Materiyèl**

- Dat vaksinasyon pou tibebe premye janvye a epi pou fi ki nan pati 1 pi ba la a.
- Kat vaksinasyon ak kat sante fanm yo pou tout patisiapan
- Yon rejis vaksinasyon ak yon kaye vaksinasyon
- Fotokopi rejis vaksinasyon ak kaye vaksinasyon pou tout patisiapan
- Kalandriye vaksinasyon ak enfòmasyon sou vitamin A nan paj 21 liv patisiapan
- Etid tèl ka nan paj 23 liv patisiapan
- Kesyon sou ki moun ki kandida pou vaksen nan paj 23 ak ki enfòmasyon moun dwe chwazi nan paj 24 liv patisiapan.
- Gran fèy papye
- Kesyon pou make
- Tep (pou kole)



**KONSEY:** Si kèk moun nan sal la kap bezwen fè plis pratik sou ranpli kat vaksinasyon ak kat sante fanm yo, nou mèt ba yo plis istwa pou yo fè lakay yo.



## ETAP YO

### PREMYE PATI – KAT VAKSINASYON AK KANÈ SANTE FANM



20 minit

#### 1. Di moun yo:

Li pi bon pou nou respekte laj pou nou bay chak vaksen, espas nou dwe bay dòz yo, ak ki kantite dòz nou dwe bay. Se poutèt sa nou dwe sonje tout enfòmasyon sa yo. Pou nou ka kenbe yo pi byen, nou dwe li dokiman y ap remèt nou. Dokiman pou nou kenbe yo se:

- Kat vaksinasyon
- Kanè sante fanm
- Rejis vaksinasyon
- Kaye vaksinasyon

#### 2. Poze moun yo kesyon epi pran repons yo rapid :

- Kilè yo bay responsab timoun yo yon kat vaksinasyon?

(*Lè tibebe a fèk fèt si se lopital li fèt oswa nan yon sant sante, oubyen distans yon semèn lè manman an oubyen yon moun ki okipe timoun ki fèk fèt la mennen l nan sant sante a pou vizit apre li fèt la. Moun nan klinik la make non tibebe a, dat kote li fèt la, elatriye.*)

- Ki moun ki kenbe kat vaksinasyon an epi ki kote li sere l?

(*Responsab timoun nan a kenbe kat vaksinasyon an lakay li yon kote pou li pa mouye pou bêt pa manje l*)

- Kilè ajan ta dwe ranpli kat vaksinsayon an?

(*Chak fwa li bay yon vaksen, Vitamin A, oswa medikaman pou vè.*)

- Ki enfòmasyon ajan tad we ekri nan kat vaksinasyon?

(*Non timoun nan, non responsab timoun nan, dat li fèt, adrès li, ki vaksen li resevwa, ki dat li resevwa l, ak menm enfòmasyon sou vitamin A ak medikaman pou ve yo.*)

- Kisa ajan an dwe fè pou l fè responsab timoun pote kat vaksinasyon an nan pòs rasanbleman?

*(Lè li rann moun yo vizit nan kay, l ap fè yo sonje e l ap eksplike yo enpòtans kat vaksinasyon)*

- Nan ki moman responsab timoun dwe mache avèk kat vaksinasyon an ankò?

*(Chak fwa timoun pral fè konsiltasyon.)*

- Kouman ajan kore fanmi ka wè si fanm nan pran tout dòz vaksinasyon dT li ta dwe pran?

*(Ak kanè sante fanm oswa nan rejis la)*

3. Bay chak moun yon kat vaksinasyon mande youn nan yo ki gen esperyans vin devan sal la, kenbe kanè a anlè, montre chak pati nan kanè a epi bay eksplikasyon sou li. Kat chemen lasante a ladan tou. Fè patisipan yo jwenn pati sa a sou kanè pa yo a tou.
4. Afiche gwo desen kat chemen lasante w te prepare sou yon gran fèy papye. Epi chak moun ap jwenn egzant kat vaksinasyon nan paj 28 liv yo a.
5. Sou gran fèy papye a, ekri tout enfomasyon yo bezwen pou yon tibebe ki fèt premye janvye ane pase a epi ki pran tout vaksen pou l te pran yo. Repete chak gress enfomasyon byen fò etan w ap ekri l. (Youn nan moun ki gen anpil esperyans kapab dirije demonstrasyon sa a tou.)
6. Pandan w ap dirije travay moun yo ak yon egzant, mande yo kopye sou premye pati kat vaksinasyon an nan paj 28 nan liv yo a. Kontwole travay yo tanzantan pou w sèten li anfòm.
7. Mande patisipan yo ki kesyon yo genyen sou egzant lan epi ba yo bon repons pou kesyon an. Kontwole si tout moun yo konprann kijan pou yo make dat yo kòrèk (jou/mwa/ane)



15 minit

8. Repete aktivite sa a pou kanè sante fanm ak pou yon fanm ki pran tout vaksen kont tetanòs.



30 minit

- 9.** Separe moun yo de pa de. Eksplike se chak de moun ki pral fè yon egzèsis pou yo konplete kat vaksinasyon yo ak kanè sante fanm yo ak kalandriye vaksinasyon ak kalandriye vitamin A. Mande chak moun jwenn istwa ki nan paj 76 liv yo. Eksplike yo chak de moun yo youn ta dwe ede lòt la jwenn repons pou chak istwa nan gade kalandriye yo. Apre sa chak moun ta dwe ranpli pwòp kat pa yo ak enfòmasyon pou etid chak ka nan sèvi ak modèl kat vaksinasyon ki nan liv yo.
- 10.** Bay chak de moun 30 minit pou yo travay, fè ale vini pou w ede yo si yo bezwen èd. Lè yo fini kontwole travay lòt moun yo. Bay chak de moun yo avètisman 15 minit, 5 minit, yon minit.
- 11.** Si kèk moun ki pa komprann, bay yo plis eksplikasyon epi mande moun ki konprann byen ede yo tou.

## DEZYÈM PATI – REJIS VAKSINASYON AK KANÈ VAKSINASYON



15 minit

- 12.** Pase rejis vaksinasyon an, kanè vaksinasyon nan sal la pou chak moun gade yo.
- 13.** Di moun yo:

Nou dwe make chak vaksen nou bay nan kat vaksinasyon timoun nan oubyen kat sante fanm yo. Epitou nou dwe make enfòmasyon sa a nan rejis vaksinasyon an ak nan kanè vaksinasyon an tou. Nou pral fè ti egzèsis sa a kounye a.
- 14.** Bay chak moun yon fotokopi rejis vaksinasyon an. Eksplike divès pati yo vit oubyen yon moun ki gen esperyans fè sa kounye a.
- 15.** Montre moun yo wout la ak egzanp tibebe ki fêt premye janvye ane pase a. Etan nou montre moun kisa pou yo ekri, ki kote pou yo ekri l nan rejis vaksinasyon, envante non yon tibebe, non yon manman, elatriye. Etan w ap bay enfòmasyon sa yo, ekri yo sou yon gwo fèy papye. Kontwole si moun yo fè travay ou bay fè a byen.



30 minit

**16.** Mande moun yo tounen travay pa de epi fin ranpli rejis pou kat vaksinasyon ak kanè sante fanm yo fèk fin ranpli a. Bay chak de moun yo 15 minit, 5 minit epi 1 minit avètisman. Kontwole travay de moun yo lè yo fini, epi mande moun ki gen esperyans yo ede w kontwole travay de moun yo si gen mwayen.



15 minit

**17.** Nou pral fè menm egzèsis sa a pou kanè vaksinasyon an. Moun yo kapab make pwòp depatman pa yo, komin, enstitisyon pa yo, nan tèt paj kanè a epi dat jodi a. Oubyen yo kapab sèvi ak egzanp ki la yo.

- Depatman sante
- Komin Ench
- Lokalite: ri Pòl Ejèn Maglwa
- Enstitisyon: Lopital Sent Terèz

## TWAZYÈM PATI – REKONÈT SI YON MOUN BEZWEN TÈL VAKSEN



25 minit

**18.** Di patisipan yo :

Dapre sa nou wè nan sesyon sa a, nou kapab rekonèt ki vaksen yon timoun dwe pran, fòk nou :

- Konnen laj timoun nan.
- Konnen ki vaksen timoun nan pran deja.
- Konnen tout vaksen timoun nan merite pran kounye a.

Sa kab fèt byen fasil si responsab timoun nan konn laj timoun nan epi si li gen kat vaksinasyon timoun nan tou. Men, gen de lè responsab timoun nan pa konn laj timoun nan oubyen li pa gen kat vaksinasyon an. Kounye a ann pale sa pou nou fè nan ka sa a.

**19.** Mande chak de moun yo jwenn kesyon sou koze konnen si yon moun merite tèl vaksen nan paj 81 liv yo a. Mande chak de moun yo brase-lide sou repons kesyon yo. Yo pa oblige ekri repons yo. Men, se pou yo chonje repons yo dekwa pou yo brase-lide sou repons yo ak lòt manm gwoup la.

## **Vaksinasyon**

- 20.** Bay chak de moun yo 15 minit pou yo travay. Pandan de moun yo ap travay, ale vini pou w sèten de moun yo konprann travay la epi y ap fè pwogrè. Ba yo 5 minit epi yon minit avètisman.
- 21.** Mande chak de moun repons pou chak kesyon an epi fè de lòt moun reyaji sou repons de moun ki anvan yo. Apre tout moun fin reyaji, pote koreksyon.
- 22.** Mande chak de moun yo chèche jwenn enfòmasyon pou nou konnen si yon moun merite tèl vaksen nan paj 81 liv yo a. Mande yo repase enfòmasyon sa a lakay yo.



### Ransèyman sou istwa

Sipoze chak timoun ak chak fi n ap nonmen pi ba la a vin jwenn nou pou vaksinasyon nan pòs rasanbleman an. Pou chak timoun ak chak fanm.

1. Make vaksen timoun nan deja jwenn (si l pran vaksen). Make dat yo. Sèvi ak laj timoun nan epi dapre dat jodi a kalkile dat anvan yo.
2. Chache konnen ki vaksen timoun nan oubyen fanm nan ta dwe pran jodi a. Make vaksen sa yo.
3. Chache konnen si timoun nan ta dwe jwenn vitamin A, ki dòz epi make dat la si w ba li l.
4. Ou pral sèvi ak non ni timoun nan ni manman l epi ak adrès yo lè w ap fin ranpli rejis vaksinasyon an. Ou pa bezwen make enfòmasyon sa a sou kat vaksinasyon an.

### ISTWA NIMEWO 1

**Siyati:** Antwàn

**Non:** Estiv

**Laj:** timoun nan gen yon semèn depi li fèt.

**Ki vaksen li pran deja:** Li fèt kay manman l. Li pokò pran okenn vaksen. Li nan tete.

**Non manman an:** Mediyaska

**Adrès:** Site Silans 172976

### ISTWA NIMEWO 2

**Siyati:** Jasmen

**Non:** Betsayida

**Laj:** timoun sa a gen yon mwa:

**Ki vaksen li pran deja:** jou l fèt yo ba l BCG. Li nan tete

**Non manman an:** Eniz

**Adrès:** # 86 klè Erèz 163277



### **ISTWA NIMEWO 3**

**Siyati:** Frannseska

**Non:** Jan Pyè

**Laj:** 9 mwa

**Ki vaksen li pran deja:** li pran tout vaksen anwetan RR

**Non manman an:** Milouz

**Adrès:** Ri Pòl Ejèn Maglwa 174922

### **ISTWA NIMEWO 4**

**Siyati:** Limaj

**Non:** Mimin

**Laj:** 2 mwa edmi

**Ki vaksen li pran deja:** li pran tout vaksen pou l te pran. Li nan tete

**Non manman an:** Ivàn

**Adrès:** Ba Simityè 178282

### **ISTWA NIMEWO 5**

**Siyati:** Gidson

**Non:** Napoleyon

**Laj:** 3 mwa edmi

**Ki vaksen li pran deja:** li pran tout vaksen pou l te pran. Li pa nan tete

**Non manman an:** Delyana

**Adrès:** Vilaj Kiskeya 173647



### **ISTWA NIMEWO 6**

**Siyati:** Yasent

**Non:** Lidjeni

**Laj:** 2 mwa

**Ki vaksen li pran deja:** Li pokò pran okenn vaksen . Li nan tete

**Non manman an:** Adlin

**Adrès:** Cherival 172653

### **ISTWA NIMEWO 7**

**Non:** Kèlens

**Laj:** 6 mwa.

**Ki vaksen li pran deja:** Li pran tout vaksen pou l te pran.

**Non manman an:** Wozeli

**Adrès:** Rimede 170773

### **ISTWA NIMEWO 8**

**Siyati:** Lerebou

**Non:** Kamèl

**Laj:** 7 mwa

**Ki vaksen li pran deja:** Li pokò pran okenn vaksen.

**Non manman an:** Joràn

**Adrès:** Ri Estenyo 172333



### **ISTWA NIMEWO 9**

**Siyati:** Senflè

**Non:** Mikennson

**Laj:** yon mwa edmi

**Ki vaksen li pran déjà:** li pran tout vaksen pou l te pran. Li pa nan tete

**Non manman an:** Milouz

**Adrès:** ri Debat 172380

### **ISTWA NIMEWO 10**

**Siyati:** Jan Batis

**Non:** Wozèl

**Laj:** 2 an

**Ki vaksen li pran déjà:** Li pran tout vaksen pou l te pran.

**Non manman an:** Magali

**Adrès:** Ba simityè 178282

### **ISTWA NIMEWO 11**

**Siyati:** Janbatis

**Non:** Magali

**Laj:** 20 an

**Ki vaksen li pran déjà:** Li pa pran okenn vaksen kont tetanòs.

**Adrès:** Ba simityè 178282



### **ISTWA NIMEWO 12**

**Siyati:** Etyèn

**Non:** Franswaz

**Laj:** 23 an

**Ki vaksen li pran deja:** Li di li te pran premye vaksen kont tetanòs pandan pòs rasanbleman mwa denye a.

**Adrès:** Ri Ejèn 256122

### **ISTWA NIMEWO 13**

**Siyati:** Etyèn

**Non:** Antwanèt

**Laj:** 25 an

**Ki vaksen li pran deja:** Li di li te pran 2 vaksen kont tetanòs anvan dènye gwo sès li a, sa gen 1 an konsa.

**Adrès:** Ri Ejèn 256122



## KESYON SOU PWOBLÈM REKONÈT KI MOUN KI MERITE TÈL VAKSEN

*nan paj 81 liv patisipan*

1. Kijan n ap chache enfòmasyon sou laj yon timoun?
2. Si timoun nan pa gen yon kat vaksinasyon epi moun ki responsab li a pa konn laj timoun nan, ki sa nou ta dwe fè pou nou konnen laj timoun nan?
3. Si w konnen laj timoun nan, kisa w ta dwe fè pou konnen ki vaksen li pran deja?
4. Si timoun nan pa gen kat vaksinasyon, kijan nou ka wè ki vaksen timoun nan pran deja?
5. Si paran an pa konnen ki vaksen timoun nan pran deja, ki vaksen nou ta dwe bay timoun nan?
6. Si nou konnen yon timoun deja pran yon dòz vaksen, èske nou ka ba l dòz yo ankò?
7. Si timoun nan pa te pran tout dòz vaksen li dwe pran dapre laj li, èske lè n'ap vaksinen l nou dwe ba li plis?
8. Sa kap fè nou konnen si yon timoun merite pran yon dòz vitamin A?
9. Sa kap fè nou konnen yon famm merite pran vaksen dT?



## FASON POU N KONNEN SI MOUN BEZWEN VAKSEN AK VITAMIN A<sup>11</sup>

*nan paj 25 liv patisipan an*

Chak fwa nou rankontre timoun ak fi nan yon pòs rasanbleman, gade pou n wè ki vaksen yo pran deja, si yo merite vaksen ak vitamin A (timoun), tou sezi okazyon an pou vaksinen yo.

### 1. Chache enfòmasyon sou laj yon timoun nan

- Gade kat vaksinasyon timoun nan pou w wè ki laj li genyen.
- Si timoun nan pa gen kat vaksinasyon, mande paran timoun nan oswa reskonsab timoun nan laj timoun nan.
- Si reskonsab timoun nan pa konnen laj timoun nan, mande yo nan ki sezón, oswa nan ki okazyon, oswa nan ki fèt li te fèt, dapre enfòmasyon sa yo, ba li yon laj.

### 2. Chache konnen ki vaksen timoun nan pran deja

- Gade kat vaksinasyon timoun nan pou w wè ki dòz vaksen li pran deja.
- Si li pa gen kat vaksinasyon, mande paran timoun oswa reskonsab timoun nan ki vaksen li pran deja.
- Gade kat vaksinasyon timoun nan pou w verifye dòz vaksen li deja pran.
- Si paran an pa konnen si timoun nan deja pran vaksen epi pa gen anyen sou sa nan kat vaksinasyon an, ba li dòz vaksen li merite yo.
- Yon mak nan bra goch timoun nan oubyen sou zepòl li vle di li deja pran vaksen BCG. Si tibebe a pa gen okenn mak epi ou pa ka konnen si li te deja pran yon dòz vaksen BCG, ba li vaksen BCG a.

### 3. Chache konnen tout vaksen pou nou bay timoun nan

- Gade kalandriye vaksinasyon an pou wè ki vaksen timoun nan dwe pran.
- Nou kapab bay timoun nan tout vaksen li dwe pran, an menm tan. Si se sa n ap fè, bay timoun nan vaksen divès kote nan kò li. Pou chak piki, sèvi ak yon lòt egwi epi ak yon lòt sereng.
- Pa janm bay plis pase yon sèl dòz menm vaksen an an menm tan.
- Pa bay timoun nan vaksen li deja pran, kèlkeswa valè tan ki pase depi l te pran l lan. Annik ba li pwochen dòz vaksen li bezwen nan seri a. Pa rekòmanse kalandriye a.
- Si responsab timoun nan te pran tan pou mennen timoun nan pran premye dòz vaksen, ou dwe toujou respekte menm distans ant yon dòz ak yon lòt.
- Sa pa janm twò ta pou bay yon timoun vaksen. Si yon timoun pa te jwenn tout dòz vaksen yo nan lè pou li pran yo, sa pa janm twò ta pou li fin pran tout.

<sup>11</sup> *Manuel de Norm\es Techniques et de Procédures du PEV en Haïti, 90; Immunization in Practice, Module 6, 9–11.*

## KOUMAN POU NOU WÈ SI YON TIMOUN MERITE PRAN VITAMIN A

Chak fwa timoun ki gen pi piti pase 5 an vizite yon pòs rasanbleman, yo ta dwe gade pou yo wè si yo merite vitamin A.

1. Gade ki laj timoun nan genyen.
2. Gade nan kat vaksinasyon timoun nan pou wè si li te pran Vitamin A deja. Si li te pran deja, gade ki dat. E si timoun nan pa gen kat vaksinasyon gade pou wè si li depase 6 mwa, ba li yon grenn vitamin A.
3. Si timoun nan te pran vitamin A deja, si sa deja fè 4 mwa ba li yon grenn Vitamin A si li pokò gen 7 an.

### Gade pou nou wè si yon fi merite pran vaksen dT

Nan chak pòs rasanbleman, ankouraje fanm ansent ak tout fanm ki nan laj fè pitit (15-49 an) yo pran vaksen dT.

1. Gade si fanm nan nan laj ant 15 an ak 49 an.
2. Chèche konnen konbyen dòz vaksen pou tetanòs fi a pran deja, nan gade kanè sante fanm nan. Se 2 dòz vaksen dT plis 3 rapèl fanm nan dwe pran tou. Si li deja pran 5 dòz sa yo, eksplike fanm nan li pa bezwen pran vaksen dT ankò.
3. Si fi a pa gen kanè sante fanm oubyen kat vaksinsasyon, mande l si li pa te janm pran vaksen dT deja:
  - Si li di NON: ba l premye dòz vaksen dT. Ba l yon randevou pou dezyèm dòz la pi devan nan yon mwa. Epi ba l yon kat vaksinasyon oswa yon kanè sante fanm.
  - Si li di WI: w'ap mande l konbyen dòz li pran deja epi ba l dòz li merite a.
  - Si li pa kab sonje oubyen si li pa konnen, nou ta dwe ba l yon dòz vaksen dT epi yon lòt randevou pou pwochen dòz la. Tou ankouraje l pou l byen konsève kat la.

**Sonje:** si fanm nan vini nan pòs la ak 8 mwa gwosès, si li potko janm vaksinen, ba li yon premye dòz vaksen dT, sòf nan ka sa w bay fanm nan randevou nan 15 jou pou li pran dezyèm dòz la.



VACCINATION						
	Dose 0	Dose 1	Dose 2	Dose 3	Rappel	
Polio						
DTP	<input checked="" type="checkbox"/>					
<i>Dose unique</i>						
BCG	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Enfant a complété sa vaccination le: _____						
à l'âge de: .....mois	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Autres vaccins (Type et Date)						
Vaccination antitétanique de la mère	Dose 1	Dose 2	Rappel			

N° Dossier \_\_\_\_\_

Date d'émission: \_\_\_\_ / \_\_\_\_ / \_\_\_\_

Institution: \_\_\_\_\_

Poste de rassemblement: \_\_\_\_\_

Commune: \_\_\_\_\_

Prénom: \_\_\_\_\_

Sexe: M  F

Date de naissance: \_\_\_\_\_

Nom de la mère: \_\_\_\_\_

Registre: Page \_\_\_\_ Ligne \_\_\_\_


Groupe Sanguin: \_\_\_\_\_

Institution (2) \_\_\_\_\_

Djibouti, Avr 2012

SUPPLEMENTATION EN MICRO-NUTRIMENTS (Date)		
Iode		

RENDEZ-VOUS (Date)

## Vaksinasyon

N° Nimewo	Nom de l'enfant <i>Non timoun nan</i>	Prénom de l'enfant <i>Prénom timoun nan</i>	Nom et prénom de la mère ou de la personne responsable <i>Non manman an</i>	Date de naissance Jour/Mois/Année <i>Jou, mwa ak lane li/ te fèt</i>	Adresse (Rue et # maison, Localité/repile) <i>Adres (ri ak nimewo abitasyon)</i>
1.					
2.					
3.					
4.					
5.					
6.					
7.					
8.					
9.					
10.					
11.					
12.					
13.					
14.					
15.					
16.					
17.					
18.					
19.					
20.					

Page/Paj

N° Nimewo	BCG	DATE DE VACCINATION (jour / Mois / Année Jou. Mwe ak lane vaksinasyon-an										Diphthérie Tétanos (dT) ou Tétanos Toxide (TT)										
		Polio			DTPer DTOpé			Rougeole Woulof			R	Femmes enceintes Famalaisen			Pou fanm 15-49 ans xo			Femmes 15-49 ans non enceintes				
		0	1	2	1	2	3	R	1	2	3	R	1	2	R1	R2	R3	1	2	R1	R2	R3
1.																						
2.																						
3.																						
4.																						
5.																						
6.																						
7.																						
8.																						
9.																						
10.																						
11.																						
12.																						
13.																						
14.																						
15.																						
16.																						
17.																						
18.																						
19.																						
20.																						



MINISTÈRE DE LA SANTE PUBLIQUE ET DE LA POPULATION  
DIRECTION DU PROGRAMME ÉLARGI DE VACCINATION

Institutionnel

Communautaire

Département : \_\_\_\_\_

Commune : \_\_\_\_\_

Institution : \_\_\_\_\_

Localité : \_\_\_\_\_

Date : \_\_\_\_\_

	Enfant 0 – 11 mois	Total	Enfant 1 – 4 ans	Total
BCG				
Polio 0 (0 – 15 jours)				
Polio 1				
Polio 2				
Polio 3				
Rappel				
DTP 1				
DTP 2				
DTP 3				
Rappel				
Rougeole/Rubéole				
Vit A 1 <sup>ère</sup> dose				
Vit A 2 <sup>ème</sup> dose et +				
Enfant Compl. Vacc.				
Femmes enceintes				
dT 1				
dT 2				
Rappel 1				
Rappel 2				
Rappel 3				
Femmes 15 – 49 ans				
dT 1				
dT 2				
Rappel 1				
Rappel 2				
Rappel 3				
Femmes allaitantes				
Vitamine A				

\* Enfant complètement vacciné : Enfant ayant reçu 1 dose de BCG, 3 doses de DTP et 3 doses de Polio, 1 dose de Rougeole / Rubéole

## SESYON 8

**ENFÒMASYON AK MATERYÈL SOU FASON POU YO  
BAY VAKSEN****Metòd:** Brase-lide**Tan:** 30 minit**Objektif****Patisipan yo ap kapab:**

- h. Montre kòman yo prepare vaksen nan pòs rasanbleman yo.

**Preparasyon**

- Ekri 3 pawòl nan tèt 3 gran fèy papye
  - Òganze seyans sansibilizasyon nan kominate a
  - Kalkile kantite vaksen n ap bezwen
  - Prepare materyèl n ap bezwen
- Gade lis Sa nou dwe Prepare pou yon Pòs Rasanbleman ki pi ba la a.

**Materyèl**

- 3 gran fèy papye nou te prepare
- Lis Sa nou dwe Prepare pou yon Pòs Rasanbleman nan paj 32 liv patisipan
- Gran fèy papye
- Gwo kreyon koulè
- Tep pou kole



**KONSÈY:** Sesyon sa a eksplike fason pou n sensibilize kominate a, materyèl, ak tout bagay nou bezwen pou nou bay vaksen nan pòs rasanbleman an. Ajan kore fanmi yo pral gen pou yo peze ak mezire timoun nan pòs rasanbleman tou. N a wè sa nan yon lòt fòmasyon sou Nitritsyon.



## ETAP YO



15 minit

**1.** Eksplike kouman nan sesyon sa a, moun yo pral brase-lide sou fason pou yo bay vaksen nan pòs rasanbleman. Poutèt sa, moun yo dwe fè gwo brase-lide nan sèvi ak esperyans pa yo, swa kòm travayè sante oswa kòm paran oubyen responsab timoun ki te mennen timoun yo pran vaksen.

**2.** Afiche 3 fèy nou prepare yo (sansibilizasyon kominate a – kalkile kantite vaksen nou bezwen – pare materyèl n ap bezwen). Dirije yon gwo brase-lide nan sèvi ak kesyon ki la pi ba yo. Ankouraje moun yo reponn dapre esperyans yo nan bay vaksen oubyen nan gade kouman sa fèt. Pran repons tout moun ki vle. Epi ekri repons sa yo sou gran fèy papye yo.

- Anvan nou fè yon pòs rasanbleman kisa nou dwe fè pou asire tout moun nan kominate a okouran?
- Kisa n'ap fè jou pòs rasanbleman? Kouman pou nou konnen ki kantite vaksen nou bezwen nan chak vaksen?
- Anwetan vaksen, ki lòt materyèl ak lòt zouti nou dwe genyen pou nou bay vaksen yo?



15 minit

**3.** Di chak moun mèsi pou lide yo pote yo. Mande moun yo chèche jwenn lis Sa nou dwe Prepare pou yon Pòs Rasanbleman nan paj 32 mènyèl yo a.

**4.** Mande yon volontè li lis nan pati sou sansibilizasyon an, byen fò. Epi mande yo konpare sa yo te di yo ak sa ki nan liv la. Pandan y ap konpare sa ki genyen, fè yon mak a kote chak bagay ki nan gran fèy papye a sou preparasyon e ki sou lis la tou. Si gen yon aktivite sansibilizasyon moun yo te fè ki pa nan lis Sa nou dwe Prepare pou yon Pòs Rasanblemanan ajoute l nan liv la nan ti espas pou sa.

**5.** Fè menm egzesis sa a sou gran fèy << Kalkile kantite vaksen nou bezwen >> ak << Prepare materyèl nou bezwen >>

**6. Di moun yo:**

Nou pral fè egzèsis sou fason pou nou ranpli tèmòs vaksen an epi pou nou prepare vaksen yo pi devan nan fòmasyon sa a. Sonje se pou nou li lis preparasyon pou vaksinasyon chak fwa nou pral fè pòs rasanbleman an.



## LIS SA NOU DWE PREPARE POU YON PÒS RASANBLEMAN<sup>12</sup>

nan paj 32 liv patisipan an

**Sansibilizasyon** Chwazi yon kote ki fasil pou fanmi rive la epi asire fanmi nan kominote yo pa gen pwoblèm avèk mèt lakou a.

- Chwazi dat ak lè a.
- Pran kontak ak lidè kominote a pou reyinyon ki pral fèt tèl kote.
- Òganize yon reyinyon kominotè a 2 ou 3 jou anvan pòs rasanbleman an epi envite tout manm kominote a. Nan reyinyon sa a, eksplike enpòtans vaksinasyon epi ki gwooup moun ki dwe pran vaksen: tibebe ki fèk fèt jis timoun 5 an, fanm ki ansent, ak fanm ki gen ant 15 an ak 49 an. Fè responsab timoun yo, ak fanm yo konprann enpòtans vaksinasyon an.

### Kalkile kantite vaksen nou bezwen

- Li nan rejis ou ak nan rapò vaksinasyon an konbyen vaksen w te bay deja.
- Gade nan plan fanmi an si tout moun ki dwe vaksinen yo te vini nan pòs la.
- Kalkile konbyen vaksen w pral bezwen pou pòs la.
- Toujou mache ak yon ti kantite anplis pou si ta gen plis moun ki vini nan pòs la.
- Si se premye fwa n ap fè pòs rasanbleman yon kote, pran kontak ak yon mis pou l ede w kalkile ki kantite vaksen w ap bezwen.

### Pare materyèl ak zouti

- Savon, bon dlo, ak sèvyèt pou lave men n
- Tèmòs chaje ak brikèt ak vaksen
- Sereng soloshot
- Ti boul koton
- Savon likid
- Sèvyèt pou seche men
- Si pou ti boutèy an vè
- Bwat biyosekirite pou jete sereng ak egwi ki sèvi
- Sache fatra
- Rejis vaksinasyon
- Kaye vaksinasyon
- Kat vaksinasyon (pou paran ak moun ki okipe timoun ki potko gen kat)

12 *Manuel de Normes Techniques et de Procédures du PEV en Haïti*, 87–88; World Vision, *Modil Resiklaj Vaksinasyon*, (Port au Prince, Haïti: World Vision, 2006); and *Immunization in Practice*, Module 6, 6.



## LIS SA NOU DWE PREPARE POU YON PÒS RASANBLEMAN *swit*

*nan paj 33 liv patisipan an*

### Pare materyèl ak zouti *swit*

- Fèy anrejistreman
- Papye
- Kreyon oubyen plim
- Vitamin A
- Remèd vè
- Materyèl edikasyon ki nesesè pou bay enfòmasyon nan pòs rasanbleman

## SESYON 9 ESPAS POU BAY VAKSEN



**Metòd:** Aktivite nan ti gwoup



**Tan:** 1 èd tan 15 minit



**Objektif:**

Patisipan yo ap kapab:

- i. Eksplike kisa pou yo fe pou ranje lokal pos rasanbleman pou asire ke lap byen dewoule.



**Preparasyon**

- Pare materyèl ki sou lis pi ba a.
- Repase lis pi ba a ki pale sou kote pòs rasanbleman ap fêt.
- Li sesyon an pou wè kijan w pral divize gwoup yo.



**Materyèl**

- Lis kote pòs rasanbleman ap fêt nan paj 34 liv patisipan yo.
- Tout materyèl pou 4 ti gwoup ka travay:
  - Savon, bon dlo, ak sèvyèt pou lave men n
  - Tèmòs (chaje ak savon glas ak vaksen) oubyen bwat katon nan plas yo
  - Sereng soloshot
  - Ti boul koton
  - Savon likid pou netwaye
  - Sèvyèt pou seche men
  - Si pou ti boutèy an vè (yo konn rele anpoul)
  - Bwat biyosekirite pou jete sereng ak egwi ki sèvi
  - Sache fatra
  - Rejis vaksinasyon
  - Kaye vaksinasyon
  - Kat vaksinasyon
  - Fèy anregistreman (pou paran ak moun ki okipe timoun ki potko gen kat)
  - Papye
  - Kreyon oubyen plim
  - Vitamin A (oubyen lòt ki gen menm valè)
  - Remèd vè (oubyen lòt ki gen menm valè)



## ETAP YO

---



*10 minit*

**1. Di moun yo:**

Nan sesyon sa a, nou pral fè eggèsis pou nou ranje yon kote pou pòs rasanbleman an fêt. Pou sesyon sa a, n ap sèvi ak tèmòs vid. Pi devan nan lòt sesyon yo, n ap sèvi ak tèmòs ki gen brikèt.

**2. Separe moun yo an 4 ti gwoup. Si gen mwayen, fè yon jan pou chak gwoup gen pou pi piti yon moun ki gen espryans deja nan vaksinasyon.**

**3. Eksplike sa ti gwoup la pral fè:**

- Chak ti gwoup pral prepare yon kote pou fè pòs rasanbleman.
- Pou nou prepare kote a, se pou n al gade lis sou kote pou pòs rasanbleman fêt nan paj 34 liv nou an epi sèvi ak espryans pa nou ak bon sans nou. Sonje jan pou nou òganize kote pòs rasanbleman ap fêt se yon jan pou nou pa domaje, ni nou menm, ni lòt moun.
- N ap gen 20 minit pou nou fè travay la.

**4. Mande gwoup yo chèche lis kote pòs rasanbleman ap fêt nan paj 34 liv yo a.**  
Bay chak gwoup materyèl epi bay chak yon plas kote pou yo travay nan sal la.  
Si gen mwayen, chak gwoup ta dwe gen yon tab ak kèk chèz.



*20 minit*

**5. Mande gwoup yo kòmanse travay. Pandan gwoup yo ap travay, pase gade pou w wè si yo konprann travay ke w ba yo fè a. Bay gwoup yo 10 minit, 5 minit, yon minit avètisman.**



*40 minit*

**6. Mande gwoup yo sispann travay. Chwazi yon gwoup k ap prezante kote yo travay la. Epi mande lòt gwoup yo rasanble toutotou. Mande yon reprezentan gwoup la eksplike poukisa se tèl jan gwoup la òganize kote pòs la ap fêt la. Manm yon lòt gwoup kapab jwe wòl ajan kore fanmi oswa responsab timoun. Bay 5 minit pou prezantasyon sa a.**

**7.** Mande moun yo ki kesyon oubyen ki enfòmasyon yo genyen sou jan yo wè gwoup la òganize kote pòs rasanbleman pral fêt la. Pa bay plis pase 5 minit konsa pou kesyon ak enfòmasyon.

**8.** Repete menm aktivite a ak 3 lòt gwoup ki rete yo.



*5 minit*

**9.** Mande moun yo ki lòt kesyon, ki lòt pwoblèm yo genyen toujou sou preparasyon yon kote pou fè pòs rasanbleman. Epi bay bon repons oubyen mande moun ki gen espryans reponn.



### **LIS KOTE PÒS RASANBLEMAN AP FÈT<sup>13</sup>** *nan paj 34 liv patisipan*

- Rive pou pi piti 30 minit anvan lè pou nou gen tan byen òganize kote pòs rasanbleman ap fêt la.
- Ou dwe mete tèmòs vaksen an nan lonbraj.
- Materyèl pou lave men an dwe bò kote ajan kore fanmi ki pral bay vaksen yo.
- Ajan kore fanmi dwe pran prekosyon pou li pa pike tèt li oswa moun kap resevwa vaksen yo.
- Bwat biyosekirite a dwe tou pre ajan kore fanmi a pou li mete egwi chak fwa li fin sèvi ak li. Depi bwat la  $\frac{3}{4}$  plen li dwe fèmen l byen fèmen epi itilize yon lòt bwat sekirite.
- Ajan dwe sèvi chak responsab ak timoun yo, yonn apre lòt.
- Si se plis pase yon sèl ajan k ap bay vaksen, chak ajan dwe genyen bwat sekirite pa yo.
- Chak ajan k ap bay vaksen dwe sèvi ak Rejis Vaksinasyon ak kaye Vaksinasyon kap pèmèt li fè rapò pòs la.

<sup>13</sup> Inmunization in Practice. Volume 6.6

## SESYON 10

# KONSEVE VAKSEN



**Metòd:** Aktivite pou ti gwoup



**Tan:** 2 èd tan 15 minit



**Objektif yo:**

Moun yo ap kapab:

- j. Eksplike kouman pou ranpli tèmòs la byen jan pou vaksen yo ka byen konsève pandan transpò a ak pandan pòs rasanbleman an.
- k. Dekri chenn fwa:
  - Site materyèl chenn fwa.
  - Site prensip chenn fwa.
  - Di ki pi bon tanperati vaksen yo dwe konsève.
- l. Eksplike enpòtans chenn fwa



**Preparasyon**

- Repase enfòmasyon sou brikèt glas yo, tèmòs vaksen yo, frijidè pou vaksen, sa pou fè ak fatra, regle tanperati.
- Ekri chak eleman ki an rapò ak tanperati frèt la sou yon gran fèy papye ak gwo lèt.
- Materyèl ki sou lis pi ba a, mete yo ansanm.
- Òganize 6 zòn nou pral nonmen yo, toutotou sal la. Si pyès kote fòmasyon an ap fèt la piti, nou kab anvi sèvi ak yon dezyèm pyès oubyen ak yon kote nan lakou. Make chak pati ak nimewo pa l epi ak non pa l.
  - Zòn 1a: Kouman pou fè brikèt glas epi kijan pou nou ranje yo Mete 3 oubyen 4 ti brik vid epi yon gwo po ki plen dlo.
  - Zòn 1b: Kouman pou fè brikèt glas epi kijan pou nou ranje yo Mete 3 oubyen 4 ti brikèt pou glas ki vid epi yon gwo po ki plen dlo.
  - Zòn 2a: Kijan pou nou ranpli tèmòs vaksen yo epi pou nou sèvi ak yo- mete yon tèmòs vaksen la, yon sachè plastik, 4 ti sache vid pou glas, kèk ti boutèy vid pou vaksen epi pwodui pou delye nan yon sak plastik epi tèmomèt pou mezire degre fredi.

- Zòn 2b: Ki jan pou nou ranpli tèmòs vaksen yo epi pou nou sèvi ak yo- mete yon tèmòs vaksen la, yon sachè plastik, 4 ti sache vid pou glas, kèk ti boutèy vid pou vaksen epi pwodui pou delye nan yon sak plastik epi tèmomèt pou mezire degré fredi.
- Zòn 3a: Tanperati frèt la – mete gran fèy papye kote chak eleman tanperati ekri nan plas yo ak tep pou kole yo.
- Zòn 3b: Tanperati frèt la – mete gran fèy papye kote chak eleman tanperati ekri nan plas yo ak tep pou kole yo.



### Materyèl

- 16 brikèt pou glas
- 2 tèmòs vaksen ak yon sache plastik
- Plizyè ti boutèy vid epi pwodui pou delye nan yon sak plastik
- 2 tèmomèt pou mezire degré fredi a
- Eleman ki an rapò ak tanperati ekri ak gwo lèt sou gran fèy papye
- Enfòmasyon sou brikèt glas, sou frijidè pou vaksen, sou tanperati frèt nan paj 35 liv la.
- Esplikasyon sou zòn yo nan paj 98 liv la.
- Gran fèy papye
- Késyon pou make
- Tep



### ETAP YO



10 minit

1. Eksplike moun yo nan aktivite sa a, y ap repase kijan pou yo byen konseve vaksen yo, kijan pou yo sèvi ak tèmòs vaksen yo.
2. Moun yo ap tou repase késyon tanperati frèt la epi wòl ajan k ap kore fanmi nan afè sa a. Pou moun yo repase késyon sa yo, yo pral fè ti gwoup pou yo travay.

### 3. Di patisipan yo:

Kisa Chenn Fwa ye:

Chenn fwa se mezi ki pran pou byen konsève vaksen yo depi lè y ap fêt, jiske lè y ap bay yo.

Ki materyèl nou jwenn nan chenn fwa:

Chanm ki prepare vaksen yo kenbe frèt

Avyon, bato, machin ki kenbe frèt

Kòlbòks, frijidè vaksen, tèmos, brikèt, kousinè, Pastiy Kontwòl

Vaksen, tèmomèt

### 4. Separe moun yo fè 6 ti gwoup (san se pa menm moun ki te nan gwoup anvan yo). Fè mwayen posib nou pou gen pou pi piti yon moun ki gen espryans sou vaksen nan chak gwoup. Eksplike sa ti gwoup la gen pou l fè :

- Mwen fè 6 zòn
  - Zòn 1a ak 1b: kouman pou nou fè brikèt dlo yo tounen glas.
  - Zòn 2a ak 2b: kijan nou dwe ranje vaksen yo nan tèmòs.
  - Zòn 3a ak 3b: kisa yo konnen sou chenn fwa.
- Chak ti gwoup pral vizite zòn 1, 2 ak 3 yonn apre lot.
- Nan chak zòn, gwoup yo pral swiv sa nou mande yo pou yo fè a sou paj 98 nan liv la.
- Nou pral pase 15 minit nan chak zòn. Fè gwoup yo siy lè pou yo chanje zòn.
- Fè yon jan pou nou sèten tout manm gwoup la patisipe nan aktivite yo pou chak zòn.
- Mande chak gwoup pou yo prezante travay zòn ki a kote yo a. Chak gwoup dwe kapab prezante travay nenpòt zòn.



1 èd tan ak 15 minit

### 5. Mande chak ti gwoup pou y ale nan youn nan zòn yo, mache ak liv yo tou. Egzèsis la ap dire 15 minit. Apre 15 minit, mande gwoup yo deplase al nan yon novo zòn. Fè yon jan pou chak gwoup yo vizite 3 zòn yo.

### 6. Pandan gwoup yo ap travay, ale vini, gade, ede, oubyen reponn kesyon selon sa yo bezwen. Lè yon gwoup fini ak yon zòn anvan lòt gwoup yo fini, al jwenn gwoup la epi mande yo kesyon sou zòn kote yo fèk fini travay la. Epi fè yo di nou kisa yo fèk aprann.



50 minit

- 7.** Di moun ale nan plas yo. Chwazi yon gwoup pou li prezante enfòmasyon zòn li genyen (kouman pou nou fè brikèt dlo yo tounen glas). Mande gwoup la pote materyèl zòn 1 an devan sal la epi prezante li epi sèvi ak materyèl la pou yo fè yon demonstrasyon pou zòn sa a. Mande gwoup la pa depase 5 minit konsa pou prezantasyon an.
- 8.** Apre prezantasyon an, mande moun yo ki kesyon oubyen ki kòmantè yo jwenn sou enfòmasyon an epi mande moun ki fè prezantasyon an reponn. Ede yo epi si sa nesesè korije sa yo di a. Pou kesyon ak kòmantè, pa depase 5 minit konsa.
- 9.** Refè menm eggèsis la pou 2 lòt zòn ki rete yo. Men, chwazi yon gwoup diferan pou prezantasyon chak zòn.
- 10.** Pou nou fini sesyon an, mande moun yo gade: enfòmasyon sou brikèt glas, sou tèmòs vaksen, sou frijidè vaksen, sou sa pou nou fè ak fatra, epi sou tanperati frèt. Se nan paj 35 nan liv patisipan. Patisipan yo kapab etidyé sa lakay yo.

**Zòn 1a ak 1b: kouman pou nou fè brikèt dlo yo tounen glas.**

- Enfòmasyon ki nan liv nou yo sou kesyon kouman pou fè brikèt dlo tounen glas epi kouman pou nou ranje brikèt glas, li l byen fò.
- Pandan yon patisipan ap li enfòmasyon ki gen nan liv la, lòt patisipan yo ap fè pratik la avèk materyèl ki te prepare deja. Si pa genyen yon frijidè, mete yo sou yon tab kòm si tab la te yon plato. Ti brikèt yo p ap jele, men nou kapab fè demonstrasyon an ak yo toujou nan souke yo epi nan koute dlo a.
- Apre aktivite sa, di patisipan yo fèmen liv yo. Yon patisipan pral poze yon seri kesyon epi lòt patisipan yo ap (reponn ak pawòl, nou pa bezwen ekri repons yo). Fòk nou sèten chak manm yon gwoup reponn yon kesyon si se pa plis pase yon gress kesyon):
  - Ki sa nou dwe fè pou brikèt glas yo pa koule?
  - Kijan pou nou depoze brikèt yo sou tab la pou kite ti kouch nèj la fonn anvan w mete l nan tèmòs la?
  - Pandan konbyen tan pou nou kite brikèt yo nan frizè a?
  - Kijan pou nou ta prepare brikèt glas yo?

**Zòn 2a ak 2b: Ki jan nou dwe ranje vaksen yo nan tèmòs?**

- Se byen fò pou nou li enfòmasyon nan liv nou an sou kijan pou nou sèvi ak vaksen yo nan tèmos.
- Epi chak manm yon gwoup ta dwe gen moman pa l pou li suiv esplikasyon sou kijan pou nou sèvi ak vaksen yo nan tèmòs pandan yon lòt moun ap li esplikasyon an byen fò.
- Apre chak moun fè aktivite pa l, fèmen liv nou yo epi reponn yon seri kesyon nou kenbe nan tèt nou (reponn ak pawòl, nou pa bezwen ekri repons yo). Fòk nou sèten chak manm yon gwoup reponn yon kesyon si se pa plis pase yon gress kesyon):
  - Kisa nou ta dwe fè touswit apre nou retire brikèt yo nan frizè a?
  - Kijan pou nou ta prepare ti brikèt glas yo?
  - Kijan pou nou mete yo nan tèmos vaksen?
  - Lè n ap bay vaksen, ki kote nou ta dwe depoze ti boutèy vaksen yo?
  - Ki kote nou ta dwe mete tèmòs vaksen an pandan pòs rasanbleman an?



**Zòn 3a ak 3b: Chenn fwa**


- Li enfòmasyon sou chenn ki nan liv nou yo byen fò epi byen gade desen an.
- Apre sa, fèmen liv nou yo. Chak manm nan gwoup la dwe gen yon pati nan chenn nan nan men yo pou yo mete an lòd (ki ekri sou fèy papye yo) yo mèt kole yo sou mi an ak tep. Epi y ap kontwole sa ki nan liv la pou wè si se bon lòd la. Apre chak aktivite yon moun, wete eleman ki afiche yo pou manm pwochen gwoup la kab sèvi avè yo.
- Lè chak moun fè aktivite pa yo, men yon kesyon pou nou brase-lide. Fòk nou sèten tout manm tout gwoup yo te patisipe:
  - Kisa ajan kore fanmi dwe fè pou respekte chenn fwa e poukisa li sitèlman enpòtan?



## KOUMAN POU NOU FE BRIKÈT DLO YO TOUNEN GLAS EPI KOUMAN POU NOU RANJE BRIKÈT GLAS YO<sup>14</sup>

*nan paj 35 liv patisipan an*

Brikèt glas yo plat e se ti boutèy plastik kare ki plen dlo epi ki tounen glas “ranje” brikèt glas yo sa vle di kite yo kòmanse fonn anvan nou mete yo nan tèmòs vaksen. Vaksen yo pa dwe tounen glas.



### Fè brikèt yo tounen glas di

1. Mete dlo nan brikèt yo. Pa plen yo nèt, epi fèmen yo di.
2. Kenbe chak brikèt tèt anba epi gade tout kò l pou wè si li pa koule.
3. Mete brikèt glas yo kanpe nan frizè a. Epi fèmen pòt la byen fèmen.
4. Kite brikèt glas yo nan frizè pandan yon jou pou pi piti pou yo tounen bon glas di.
5. Apre pòs rasanbleman an, tounen mete brikèt glas yo nan frizè (nou pa bezwen tounen ranpli brikèt glas yo chak fwa nou sèvi avèk yo. Nou kab sèvi ak menm dlo a konbyen fwa.)

<sup>14</sup> Ministere de la Sante Publique et de la Population (MSPP), *Manuel de Gestion des Vaccins et de la Chaîne de Froid* (Port au Prince: MSPP/PEV, 2009), 19 (hereafter cited as *Manuel de Gestion des Vaccins et de la Chaîne de Froid*); *Immunization in Practice*, Module 3, 20–22.

**KOUMAN POU NOU FÈ BRIKÈT DLO YO TOUNEN GLAS  
EPI KOUMAN POU NOU RANJE BRIKÈT GLAS YO**

*swit*



**Ranje brikèt glas yo**


Ranje nou ranje brikèt glas yo, pou pwoteje vaksen yo, pou yo pa tounen glas:

6. Lè w fin retire brikèt la nan frijidè a, kite ti kouch nèj sou brikèt fonn anvan ou mete l nan tèmòs la.
7. Souke brikèt yo pou wè si gen dlo k ap souke.



## KIJAN POU NOU RANJE VAKSEN YO NAN TÈMÒS

**VAKSEN<sup>15</sup>** nan paj 37 liv patisipan an




### Ranpli tèmòs vaksen an

1. Retire kantite brikèt glas nou bezwen ki nan frizè a epi fèmen pòt la byen fèmen.
2. Prepare brikèt glas yo nan tann kouch nèj la fonn anvan w mete l nan tèmòs la.
3. Mete 4 brikèt chak rebò tèmòs vaksen an.
4. Mete vaksen yo ak dlo kap delye vaksen an nan sache plastik, nan mitan tèmòs vaksen an.
5. Mete vaksen ki tolere plis fredi yo anba e sa ki tolere mwens fredi yo anwo.
6. Mete yon tèmomèt pou mezire fredi a nan sache ki gen vaksen yo.
7. Poze kousinè a anwo brikèt yo.
8. Fèmen kouvèti tèmòs vaksen an byen sere.

<sup>15</sup> *Manuel de Gestion des Vaccins et de la Chaîne de Froid*, 19; *Immunization in Practice*, Module 3, 20–22.



## KIJAN POU NOU RANJE VAKSEN YO NAN TÈMÒS VAKSEN swit



### Sèvi ak tèmòs vaksen an pandan yon pos rasanbleman

1. Byen konsève tout vaksen nan tanperati ant 2 degré santigrad ak 8 degré santigrad.
2. Mete vaksen yo nan fant kousinè nan tèmòs la.
3. Kenbe tèmòs vaksen an yon kote ki pa nan solèy.
4. Gade Pastiy Kontwòl Vaksen (PVC).




## KIJAN POU NOU RANPLI YON FRIJIDÈ VAKSEN

*nan paj 40 liv nou an*


### Ranjman yon frijidè ak yon frizè jis anwo (desen 3M) pa devan konsa:

1. Sou etajè ki pi wo a: RR, Vaksen antipolyo.
2. Sou etajè nan mitan: BCG.
3. Sou etajè ki anba: dT avèk dTP
4. Sou etajè ki anba nèt: dlo pou deleye vaksen yo



## Vaksinasyon

Chenn Fwa165 nan paj 41 liv patisipan an



16 *Manuel de Gestion des Vaccins et de la Chaîne de Froid, 10; Immunization in Practice, Module 3, 2.*



## LIS PRENSIP NAN CHENN FWA *nan paj xx liv patisipan an*

- Evite ouvri tèmòs yo tanzantan
- Itilize sèlman brikèt nan tèmos, pa itilize glas
- Pa kite soleÿ bat sou tèmos yo
- Si w te kòmanse bay vaksen nan lonbraj, depi kote a vin gen soleÿ, chanje pozisyon
- Lè vaksen BCG ak RR fin deleye apre 6 èd tan, pa itilize yo ankò
- Pa janm deleye vaksen avèk dlo cho
- Lè nou retire vaksen nan tèmòs la, mete yo nan fant kousinè ki nan tèmòs la
- Pa depoze vaksen yo sou brikèt
- Si kousinè yo dechire prepare lòt kousinè
- Toujou byen gade Pastiy Kontwòl Vaksen sou vaksen yo
- Pa sèvi ak Pastiy Kontwòl Vaksen ki chanje koulè
- Si gen vaksen ki potko sèvi lè w fin fè pòs la, si brikèt yo cho pa itilize vaksen sa yo ankò

## SESYON 11

# DIRIJE YON SESYON VAKSINASYON NAN YON PÒS RASANBLEMAN



**Metòd:** Ti pyès teyat



**Tan:** 1 èd tan 45 minit



### Objektif yo

Patisipan yo ap kapab:

- m.** Site yonn apre lòt etap pou swiv lè nou pale ak fanm, timoun, ak responsab timoun yo.
- n.** Dekri kouman pou yo byen kominike ak yon moun avèk respè lè y ap ba li vaksen.
- o.** Dekri kouman pou yo jete fatra kòrèkteman apre yon pòs rasanbleman.



### Preparasyon

- Gade Lis sijè pou nou fè kozri sou vaksinasyon nan yon pòs rasanbleman an epi etap pòs rasanbleman ki pi ba a
- Gade esplikasyon sou pyès teyat yo.
- Prepare materyèl ki sou lis la.



### Materyèl

- Sereng soloshot ak bwat sekirite pou pyès teyat yo.
- Lis sijè pou nou fè kozri sou vaksinasyon nan yon pòs rasanbleman epi etap pòs rasanbleman nan paj 45 liv nou an.
- Bwat sekirite pou chak 2 patisipan



## ETAP YO



10 minit

### 1. Di moun yo:

Sa ki enpòtan se pou nou byen bay vaksen yo jan presnip la mande a. Si w mal bay vaksen an, li pap bay bon rezulta e l ap yon gwo danje pou sante timoun yo. Nou gen pou nou fè pratik pi devan sou kijan pou nou bay vaksen an.

Sa ki pi enpòtan se pou nou itilize bon jan teknik komunikasyon pou nou sansibilize responsab timoun yo ak fanm ki merite pran vaksen yo. Epi eksplike yo tout ti malèz vaksen ka bay. Li enpòtan tou pou nou konnen kijan pou nou debarase kote a ak fatra jan sa dwe fèt apre yon pòs rasanbleman.

### 2. Men kesyon pou nou mande moun yo. Epi ankouraje yo bay plizyè repons.

- Sa pou nou fè pou responsab timoun konprann nou byen, lè n ap bay vaksen?

(*Sèvi ak bon ladrès pou nou pale ak yo. Montre yo nou respekte yo. Rekonèt sa moun nan deja konnen. Poze kesyon ki mande esplikasyon e ki fè koze mennen koze, eksetera*)

(*Bay esplikasyon dousman, pale klè, pran pasyans.*)

(*Souri. Fè granmoun ak timoun ki enkyete oubyen ki pè vin santi yo an sekirite, ak bon konprann, ak pasyans, eksetera.*)

(*Pinga n rele sou timoun. Pinga n bourade yo menm.*)

(*Moun ki nan sesyon an kab bay kèk lòt lide.*)

- Poukisa li enpòtan pou nou byen pale ak timoun ak responsab timoun yo lè n ap bay vaksen?

(*Bon jan komunikasyon pral asire responsab timoun yo komprann poukisa vaksen yo enpòtan ak kikote ak kouman pou yo vaksinen timoun pa yo*)

(*Bon jan komunikasyon ap fè responsab timoun yo gen plis konfyans nan ajan an.*)

(*Bon jan komunikasyon ap ankouraje paran timoun tounen nan randevou.*)

(*Patisipan yo kab bay kèk lòt lide*)



5 minit

- 3.** Eksplike moun yo: nan sesyon sa a, y ap fè yon ti pratik sou kijan yo dwe kominike avèk responsab timoun yo lè yo vin pran vaksen.
- 4.** Separe moun yo pou chak gwooup gen 4-6 moun (san se pa menm moun ki te nan gwooup anvan yo, ki ansanm ankò nan gwooup sa yo). Fè mwayen posib nou pou gen pou pi piti yon moun nan chak gwooup ki gen espryans. Eksplike sa ti gwooup la gen pou l fè:
  - Ak gwooup nou, nou pral prepare yon ti pyès teyat kòm si yon ajan kore fanmi ap bay vaksen nan yon pòs rasanbleman.
  - Kòm preparasyon, chèche lis sijè pou nou fè kozri sou vaksinasyon nan yon pòs rasanbleman an epi etap pòs rasanbleman nan paj 33 liv nou yo. Mande yon manm gwooup la li enfòmasyon yo byen fò. Epi wè ki kesyon manm gwooup la genyen sou enfòmasyon an (si gen kesyon). Reponn kesyon yo ak gwooup la. Si gen yon bagay ou pa konprann ou ka toujou mande fòmatè a kesyon sou li.
  - Chwazi manm gwooup la pou ti pyès teyat yo: Ajan kore fanmi, responsab timoun, youn oswa 2 moun k ap swiv aktivite a epi sèvi ak mannken pou wòl timoun nan.
  - Manm gwooup yo dwe deside kisa chak aktè dwe fè nan pyès teyat la.
  - Pyès teyat yo ap jwe pandan moun nou te chwazi pou te swiv pyès teyat la ap pran nòt epi gade lis yo etan y ap gade sa aktè yo ap jwe. Apre pyès teyat la, y ap fè kòmantè (ki ankouraje aktè yo pou yo di kisa yo fè byen epi kisa yo dwe amelyore).
  - Limit demonstrasyon n ap bay la se 5 minit konsa.
  - N ap gen 40 minit pou n pare nou epi nou praktike.
  - Pandan pratik la, m ap pase e m ap gade pandan m ap chwazi 2 ou 3 gwooup pou yo bay demonstrasyon devan tout moun. Konsa nou dwe pare pou nou bay demonstrasyon devan kolèg nou yo.



40 minit

- 5.** Bay ti gwooup yo 40 minit pou yo travay. Pandan gwooup yo ap travay, fè ale vini pou gade si yo komprann travay nou ba yo fe a. Bay konkou si sa nesesè. Chwazi 2 gwooup ki pou fè demonstrasyon devan lot patisipan yo. Chwa ou fè a se w sel pou w konnen l yon jan pou chak moun ap pare pou demonstrasyon an. Bay gwooup yo 15 minit, 5 minit, yon minit avètisman.



20 minit

**6.** Mande premye ti gwooup ou chwazi a vini devan nan sal la. Mande lòt moun yo gade byen gade pou yo fè kòmantè.

**7.** Mande ti gwooup la fè demonstrasyon li te prepare a. Gwooup la ap gen 5 minit pou fè demonstrasyon sa a.

**8.** Apre demonstrasyon an n ap remèsye moun gwooup la epitou di aktè yo chita. Mande patisipan yo chèche lis sijè pou nou fè kozri sou vaksinasyon nan yon pòs rasanbleman an epi etap pòs rasanbleman nan paj 33 liv yo a. Mande patisipan yo bay kòmantè. Kòmantè yo ap dire 5 minit.

- Kisa ajan kore fanmi an fè ak ladrès, e poukisa li fè sa ak ladrès?
- Kisa ajan an ta kapab fè pi byen toujou oubyen yon lòt jan pwochen fwa (dapre sa ki sou lis la epi dapre pwòp sa nou remake)?

**9.** Si nou gen yon ti tan anplis, fè menm aktivite a ak dezyèm gwooup nou te chwazi a.

**10.** Mande ki kesyon moun yo genyen sou komunikasyon pandan pòs rasanbleman yo. Chak fwa sa ap fet, mande moun ki gen espryans yo reponn kesyon yo.



30 minit

**11.** Mande patisipan yo pou yo gade enfòmasyon sou sa pou nou fè ak rès ak fatra ki nan paj 47 liv nou yo. Mande yon patisipan pou l li enfòmasyon an byen fo.






**12.** Kounye a mande patisipan yo pou yo fèmen liv yo epi poze keksyon swivan yo:

**13.** Nan zòn pa nou an, kisa nou fè avèk fatra yo apre pòs rasanbleman?

- Si n ap sèvi ak yon twou pou materyèl yo pa ka boule, ki fondè twou a dwe genyen epi ki kantite tè ki dwe kouvri fatra a?
- Si se yon twou pou yo jete fatra ak rès vaksen yo, kote nou ta dwe mete sereng ak egwi ki fin sèvi yo?
- Si se yon twou pou yo boule fatra oubyen materyèl, kisa nou ta dwe fè ak rès yo?
- Si se nan yon ensineratè, ak kisa nou dwe kouvri kò nou lè n ap boule fatra a?

**14.** Apre yo fin reponn keksyon yo byen, bay chak 2 patisipan yon bwat sekirite. Montre yo kouman pou yo monte bwat yo epi mande yo pou fè l.

## SA POU NOU FÈ AVÈK FATRA KI RETE NAN PÒS RASANBLEMAN YO<sup>17</sup> nan paj 47 liv patisipan an

Teknik pou pwoblèm rès ak fatra	Etap
 <p><b>Twou pou jete fatra</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Chwazi yon kote moun pa pral fouye latrin la</li> <li>Fouye yon twou 2 mèt profondè pou pi piti. Se pou nou sèten fatra yo pap gaye nan zòn nan.</li> <li>Mete bwat sekirite ki fin plen yo nan twou a.</li> <li>Kouvri bwat sekirite yo ak 30 santimèt tè pou pi piti. Si sa kab fèt, koule beton sou tèt twou a lè twou a fin plen.</li> <li>Se pou nou sèten yon manm pèsonèl ki konpetan kontwole travay la.</li> </ul>
 <p><b>Twou sekirite</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Sèvi ak yon twou sekirite pou nou jete egwi ak sereng ki fin sèvi.</li> <li>Fouye yon twou 2 mèt pwofondè ak 1 mèt lajè pou pi piti.</li> <li>Fè yon tiyo an beton pou twou a ak yon kouvèti an beton ki gen yon tiyo metal.</li> <li>Jete sereng ak egwi ki fin sèvi nan twou a.</li> <li>Kite tiyo a kouvri : dekouvri tiyo a pou n jete</li> </ul>
<b>Egui ak sereng ki gen mikwòb</b>	
 <p><b>Twou pou nou boule fatra</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Jwenn yon kote ki an sekirite, pito se nan sant sante.</li> <li>Fouye yon twou 1 mèt pwofondè pou pi piti</li> <li>Mete bwat sekirite a nan twou a.</li> <li>Vide gaz blan sou bwat yo epi pase yon alimèt</li> <li>Pale moun pou yo kanpe lwen.</li> <li>Kite bwat la boule nèt.</li> <li>Kouvri sa ki pa fin boule yo ak 13 santimèt tè pou pi piti.</li> </ul>
 <p><b>Doum an fè</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Mete bwat sekirite yo nan doum an fè a.</li> <li>Melanje papye ak fèy chèch pou bwat sekirite yo boule pi byen.</li> <li>Melanje bwat yo ak alimèt ak gaz blan.</li> <li>Mete yon griy anwo doum nan.</li> <li>Avèti moun kanpe lwen.</li> <li>Kite bwat yo boule nèt.</li> <li>Lè doum nan vin frèt, vide sann nan nan yon twou yon kote moun pa pase epi kouvri sann nan ak 13 santimèt tè pou pi piti.</li> </ul>
 <p><b>Ensineratè</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Pote bwat sekirite yo nan ensineratè a pou yo boule.</li> <li>Mete linèt pou pwoteje je n ak gan di lè n ap boule bwat sekirite yo.</li> </ul>

Sonje: Sa ki pi bon se pote fatra yo vini nan sant la pou responsab yo boule l.



## KOMINIKASYON POU SESYON VAKSINASYON<sup>18</sup>

*nan paj 44 liv patisipan an*

### Mesaj kle

- Ki dòz vaksen yo pral bay timoun nan
- Ki malèz sa kapab mennen
- Kisa pou nou fè si ta gen malèz
- Kilè ak ki kote pou moun tounen pran lòt dòz vaksen an

### Bon jan teknik komunikasyon

- Akeyi chak moun
- Respekte tout moun
- Pa montre nou prese. Pran tan pou chak granmoun ak timoun menm si travay la anpil.
- Koute, souri. Ankouraje chak granmoun ak chak timoun.
- Teste konesans moun yo pou w konnen sa yo konnen deja sou vaksen epi sèvi ak pawòl li konprann.
- Ankouraje chak moun pale.
- Poze kesyon ouvè pou wè si moun yo konprann
- Pa bay timoun kou ni rele sou yo.
  - Pa bay timoun bonbon.
  - Remèsyé tout moun.
  - Bay randevou pou pwochen pòs rasanbleman.

### Enkyetid oubyen tabou moun ka gen sou vaksen

- Moun vin kote ki gen pòs rasanbleman pou anpil rezon. Anvan nou bay vaksen, poze moun yo kesyon sou sa yo konn tande de vaksen.
- Di moun yo poze w kesyon sou sa ki pa klè pou yo. Ba yo repons.
- Mande responsab timoun enkyetid yo genyen sou vaksen ak vitamin A. Reponn kesyon yo genyen yo touswit.

<sup>18</sup> *Manuel de Normes Techniques et de Procédures du PEV en Haïti*, 91; *Modil Resiklaj Vaksinasyon; Immunization in Practice*, Module 6, 26–27.



**Lè gen yon liy ki long ak moun k ap tann, fòk nou respekte valè tan moun yo ap rete la.  
Pa lage okenn mouvman vaksinasyon ki dwe fèt, men fè yo serye san nou pa pèdi tan.**

1. Di responsab timoun yo mèsi poutèt yo vini epi poutèt yo pran pasyans, si yo te oblige tann bon moman.
2. Fè responsab timoun montre w kat vaksinasyon timoun nan epi sèvi ak li pou nou wè ki vaksen timoun nan ta dwe pran.
3. Sèvi ak mo ki senp pou n eksplike kont ki maladi vaksen sa a bon.
4. Eksplike ki malèz vaksen sa a ka bay. Pou malèz ki grav yo, n ap mennen timoun yo nan sant sante.
5. Bay vaksen.
6. Si vaksinasyon an gen plizyè dòz, ou dwe bay dòz yo yonn pa yonn, men pa janm ba yo yonsèl kou. Lè paran yo respekte tout randevou timoun yo pran tout vaksen li dwe pran fè li kompliman.
7. Ranpli kat vaksinasyon, kaye vaksinasyon, rejis vaksinasyon. Itilize rejis vaksinasyon ak kaye vaksinasyon pou nou fè rapo.
8. Toujou sonje ekri dat vaksen sou kat yo. Ekri dat pwochen dòz vaksen an sou kat la. Epi di responsab timoun nan se tèl dat.
9. Di responsab timoun nan ki lè ak ki kote pou l ale pou pwochen vaksen oubyen vitamin A anplis. Si moun nan pa vini nan dat sa a, ba l lòt dat ak lòt jou.
10. Si n ap bay yon fanm vaksen dT ak toksin ki trete a, pale konbyen lòt fwa toujou li gen pou l retounen pou li pwoteje nèt kont tetanòs epi di l kilè li ta dwe tounen.
11. Fè responab timoun yo sonje pote kat vaksinasyon an lè y ap tounen nan randevou.
12. Si timoun nan oubyen fanm nan manke pran kèk dòz, pa joure yo. Men eksplike yo jan sa enpòtan pou moun pran tout dòz vaksen yo nèt epi di yo ou pral bay tout dòz yo manke, pandan pòs la menm.
13. Di paran an oubyen moun ki ap okipe timoun nan ki pwochen kanpay vaksinasyon ki pral genyen nan kominate a oubyen nan tout peyi a.
14. Mande responsab timoun yo si yo gen kesyon. Epi reponn yo ak anpil respè. Sèvi ak pawòl yo konprann. Si gen yon repons nou pa konnen, di nou pa konnen, men, nou pral chèche repons lan.

19 Immunization in Practice, Module 6, 26–27.

## SESYON 12 PÒS-TÈS 1



**Metòd:** Evalyasyon



**Tan:** 30 minit



**Objektif**

**Patisipan yo ap kapab:**

- Evalye sa yo te aprann yo pandan fòmasyon an.



**Preparasyon**

- Korije pre-tès yo nan kòmansman fòmasyon sa a.
- Prepare pre-tès yo pou remèt patisipan yo.



**Materyèl yo**

- Kreyon oswa plim pou tout patisipan yo
- Fotokopi Pòs-tès la



## ETAP YO

---



30 minit

1. Fè patisipan yo konnen y ap pran yon “pòs-tès” kounye a. Objektif pòs-tès la se pa pou jije patisipan yo, men pito pou asire fòmasyon sa a te satisfè bezwen yo. Pòs-tès la ap ede evalye si fòmasyon sa a bay bon jan rezulta, epitou l ap fè li vin pi bon pou fòmasyon pi devan yo.
2. Bay chak patisipan yon fotokopi pòs-tès la.
3. Anvan pòs-tès la, mande patisipan yo pou yo mete enfòmasyon anlè chak paj egzamen an, epi pou yo remèt li ba ou. Si yon patisipan pa konnen dat egzat li te vin yon Ajan Kore Fanmi, mande li pou ekri ane li te vin yon Ajan Kore Fanmi, epi note jou a kòm “30” ak mwa a kòm “6” (jen). Enfòmasyon sa yo ta dwe egzat avèk sa yo te ekri nan pre-tès la.

4. Fè patisipan yo konnen ou pral li kèk kesyon byen fò ki gen rapò ak mwayen pou pale. Patisipan yo ap reponn kesyon yo. Pou fè sa, y ap fè yon ti wonn nan pi bon repons lan pou chak kesyon ki nan pòs-tès yo.
5. Di patisipan yo si yo pa konnen repons pou yon kesyon, yo ta dwe kite kesyon an san repons.
6. Eksplike w ap fè premye kesyon an ansanm. Fè patisipan yo konnen kesyon sa a pa nan egzamen an; se sèlman pou pratik.
7. Li premye kesyon an ak repons posib yo byen fò . Mande yon volontè pou reponn, oswa reponn kesyon an poukout ou. Pou reponn kesyon sa a, patisipan yo ta dwe antoure repons ki sou papye yo.
8. Li rès kesyon pòs-tès la ak repons ki posib yo byen fò tou dousman, youn pa youn. Repete kesyon yo ak repons ki posib yo, jan li nesesè. Apre ou fin li chak kesyon, bay patisipan yo tan pou yo antoure repons lan.
9. Fè patisipan yo konnen ou pral konpare pòs-tès ak pre-tès la depi nan kòmansman fòmasyon an. Separe chak pre-tès ki korije bay chak patisipan.
10. Mande patisipan yo pou yo gade pre-tès korije yo ak dènye pòs-tès yo pou wè kote yo vin pi bon ak sa yo aprann nan. Fè patisipan yo konnen yo pa ta dwe fè okenn chanjman nan pòs-tès yo. Sa trè enpòtan.
11. Mande patisipan yo si yo gen nenpòt kesyon ki gen rapò ak egzamen yo, epi bay eksplikasyon yo, si li nesesè.
12. Ranmase pre-tès yo ak pòs-tès yo.



**KONSEY:** Apre fòmasyon an, egzamine rezulta pre-tès la ak pòs-tès la pou wè domèn kote patisipan yo te fè pi move nòt yo. Enfòmasyon sa yo ap ede ou fè fòmasyon bay bon jan rezulta pi devan. Pa egzanp, si anpil patisipan te jwenn yon kesyon patikilye pa bon nan pòs-tès la, ou ka bezwen eksplike yo sijè a nan plis detay lòt fwa w ap fè fòmasyon an.

## POS-TÈS 1

Non w: \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_

Seksyon kominal: \_\_\_\_\_

Depi ki dat ou kòmanse kòm anplwaye sante kominote a oubyen kòm ajan kore fanmi a (mwa/ane)? \_\_\_\_\_

Fè yon wonn alantou lèt ki devan pi bon repons ou chwazi pou chak kesyon.

1. Timoun ak fi, ki nan laj pou fè ptit, ta dwe pran vaksen paske:
  - a. **Vaksinasyon pwoteje moun kont yon seri maladi ki kapab kokobe oswa touye moun.**
  - b. Vaksinasyon bay vitamin ki ede kò moun gen fòs, ki ede yo ret an sante.
  - c. Vaksinasyon pwoteje moun kont Viris Sida epi nemoni.
  - d. Vaksinasyon ede moun egzante malnitrison.
2. Ki estrateji Program Elaji Vaksinasyon itilize?
  - a. Ti liv ak anons vaksinasyon nan radyo.
  - b. **Vaksinasyon nan pòs rasanbleman, pase bay vaksen nan chak kay, kanpay nasyonal, epi jounen vaksinasyon nan komin.**
  - c. Edikasyon sou kesyon vaksinasyon nan lekòl, nan legliz epi edikasyon nan kominote a.
  - d. Program Elaji Vaksinasyon nan lopital, nan lekòl tou.
3. Ki prensipal siy ak sentòm maladi tetanòs?
  - a. Tous pase 2 semenn, swe anpil pandan lannuit, epi lafyèv.
  - b. Goj ak kou anfle. Moun mal pou vale. Gwo tèt fè mal.
  - c. Ti bouton tankou grenn pitimi sou tout kò a. Dèyè kou anfle. Gwo tèt fè mal.
  - d. **Machwa a rèd, ak kò li rèd epi kriz.**
4. Siy ak sentòm maladi lawoujòl:
  - a. Dyare ak gwo lafyèv.
  - b. Tach wouj parèt sou tout kò moun epi yo gen gwo lafyèv.
  - c. **Ti bouton tankou ti grenn pitimi, je ak nen kouri dlo.**
  - d. Gwo tous ki depase yon mwa. Doulè nan poumon. Krache san.

## Vaksinasyon

5. Le w'ap vaksinen yon timoun oswa yon fanm ki premye bagay ou dwe fè?
  - a. Mande paran oubyen fanm nan ki vaksen li pran deja
  - b. Gade wè si gen yon mak vaksen BCG nan bra timoun nan
  - c. **Verifye kat vaksen moun nan**
  - d. Bay tout vaksen ki bon pou timoun nan oubyen pou fanm nan selon laj yo
6. Nan ki dokiman w dwe gade pou w jwenn a ki laj pou ou bay chak vaksen?
  - a. Bwat Imaj fòmasyon an
  - b. **Kalandriye Vaksinal la**
  - c. Kat sante fi yo
  - d. Esplikasyon sou ti boutèy vaksen yo
7. Ki pi bon mwayen ki genyen pou nou sèten paran ap mennen timoun yo pran vaksen nan pòs rasanbleman?
  - a. Afiche yon gwo afich nan kominate a pou anonse pòs rasanbleman an.
  - b. Blame paran ki pa te vini nan dènye reyinyon mwa nan pòs rasanbleman an.
  - c. Distribye fèy anons legliz ki nan kominate yo.
  - d. **Fè vizit nan kay pou fè yo sonje epi òganize yon reyinyon katye.**
8. Ki materyèl kap itil nan yon pòs rasanbleman?
  - a. **Sereng soloshot, tèmos ak vaksen, bwat sekirite, kousinè, rejis ak kaye vaksinasyon, sache poubèl, koton, dlo, savon.**
  - b. Sereng soloshot, bwat vaksen chaje ak vaksen ak kaye vaksinasyon.
  - c. Sereng soloshot, kat vaksinasyon, bonbon pou timoun, boul koton.
  - d. Sereng soloshot, bwat vaksinasyon chaje ak vaksen, rejis ak kaye vaksinasyon.
9. Ki mezi sekirite pou nou pran lè n ap bay vaksen nan yon pòs rasanbleman?
  - a. Ajan kore fanmi yo dwe rete kanpe.
  - b. **Ranje tout sereng yon kote timoun pa ka manyen yo.**
  - c. Chak ajan kore fanmi yo ki pral bay vaksen dwe kapab bay 2 oubyen 3 timoun piki ansanm.
  - d. Bwat sekirite pou moun mete sereng ak egwi ki sèvi yo, se pou yo mete l yon kote ki lwen ak kote yo bay vaksen yo.

- 10.** Ki enfomasyon enpòtan ajan kore fanmi dwe bay responsab timoun yo?
- Pou ki maladi vaksen sa yo bon, ki jan yo pral bay tèl vaksen, sa ki pral rive si timoun nan manke tèl dòz vaksen
  - Ki sa ki pral rive si timoun nan manke kèk dòz vaksen, ki pwoblèm vaksen yo kapab bay, ki jan pou nou fè pou timoun nan sispann kriye.
  - Ki dòz vaksen y a bay timoun nan, ki malèz vaksen an ka bay, sa pou nou fè lè gen malèz, ki lè epi ki kote pou timoun nan tounen pou lòt dòz vaksen yo.**
  - Malèz vaksen yo kapab bay, sa pou fè si vaksen yo bay malèz, ki jan yo pral bay tèl vaksen, kisa ki pral rive si timoun nan manke kèk dòz vaksen.
- 11.** Ki 3 premye bagay ou ta dwe fè pou w bay yon timoun yon vaksen?
- Mande pou w wè kat vaksinasyon timoun nan. Blame responsab timoun nan si li potko pran vaksen. Bay timoun nan vaksen li bezwen yo.
  - Di paran an mèsi paske li vini. Bay timoun nan vaksen li bezwen yo. Make kat vaksinasyon timoun nan.
  - Mande pou w wè kat vaksinasyon timoun nan. Bay timoun nan vaksen li bezwen yo. Eksplike ki maladi vaksen yo pral fè li egzante.
  - Di paran an mèsi paske li vini. Mande pou w wè kat vaksinasyon timoun nan. Eksplike pou ki maladi w ap bay vaksen an.**
- 12.** Ki jan ou ta dwe prepare brikèt pou mete nan tèmos vaksen?
- Ranpli brikèt yo ak dlo. Pa plen brikèt la nèt. Kontwole brikèt yo pou w wè si yo pa koule. Pa mete brikèt yo pil sou pil, kite yon ti espas pou lè pase. Kite brikèt yo tounen glas pandan 24 èd tan pou pi piti. Lè brikèt yo fin fè glas, kite kouch nèj ki sou li fè yon ti fonn tou piti anvan w mete 1 nan tèmòs.**
  - Ranpli brikèt yo ak dlo. Kite brikèt yo tounen glas pandan 24 èd tan pou pi piti. Retire brikèt yo nan frizè a epi mete yo nan tèmos vaksen an touswit.
  - Ranpli brikèt yo ak dlo, pa fin plen yo. Kite brikèt yo tounen glas vre pandan 24 èd tan omwen. Retire sache glas yo nan frizè a epi mete yo nan tèmos vaksen an touswit.
  - Ranpli brikèt yo ak dlo. Kite brikèt yo tounen glas pandan 12 èd tan pou pi piti. Kite yo fonn nèt.

## Vaksinasyon

- 13.** Ki materyèl nou dwe mete nan yon tèmos vaksen?
- Brikèt glas. Vaksen ak ti dlo pou deleye yo. Sereng soloshòt. Savon likid. Boulèt koton.
  - Brikèt glas. Vaksen ak ti dlo pou deleye yo. Tèmomèt pou mezire fredi. Savon likid, boulèt koton.
  - Brikèt glas. Vaksen ak ti dlo pou deleye yo. Tèmomèt pou mezire fredi.  
Yon kousinè.**
- 14.** Lè w ap sèvi ak yon tèmos vaksen nan yon pòs rasanbleman. Ki sa ou dwe fè?
- Retire kousinè a konsa ou kapab pran vaksen yo fasil.
  - Mete tèmos vaksen an nan solèy pou ou ka wè vaksen yo fasil.
  - Bouche tèmos vaksen an avèk kouvèti a epi mete vaksen yo sou li.
  - Mete ti boutèy vaksen yo nan fant kousinè a ki parèt lè tèmos la ouvri.**
- 15.** Pou w debarase w ak fatra san pwoblèm apre yon aktivite vaksinasyon, kisa w dwe fè?
- Pran bwat biyosekirite, pote l nan sant sante a pou yo brile li.
  - Pote bwat fatra a epi depoze l nan biwo sipèvizè a.
  - Pote bwat fatra a lakay ou epi boule li.
  - Asire w ke ou fouye yon twou byen fon pou w mete bwat de sekirite a oubyen yon kote ki fèt pou sa menm.**

### Pou kesyon 16, sèvi ak Pwogram Elaji Vaksinasyon nasyonal la:

- 16.** Ranpli kat, rejis, ak kaye vaksinasyon apati enfòmasyon sa yo:

#### Istwa

Siyati: Pyè

Non: Asefi

Laj li ak ki vaksen li pran deja jiska jodiya: 2 mwa edmi; li resevwa tout vaksen ki fèt pou li jis jodia

L ap bay ti bebe a tete

Non manman an: Ifemi

Adrès li: Ba simityè 165323

Kote pòs la ap fêt: Difayi

## SESYON 13 PRE-TÈS 2



**Metòd:** Evalyasyon



**Tan:** 30 minit



**Objektif**

**Patisipan yo ap kapab:**

- Evalye konesans patisipan yo te genyen anvan sou sijè fòmasyon an.



**Preparasyon**

- Revize kesyon pre-tès la.



**Materyèl yo**

- Kreyon oswa plim pou tout patisipan yo
- Fotokopi Pre-tès ki nan paj 185 Manyèl Fòmatè




---

**ETAP YO**

---



30 minit



**KONSEY:** *Eksplike pre-tès la avèk anpil prekosyon sizoka kèk patisipan pa ta abitye pran tès.*

1. Fè patisipan yo konnen y ap pran yon “pre-tès” kounye a. Objektif pre-tès sa a se pa pou jije patisipan yo, men pito pou pi byen konprann sa patisipan yo konnen deja, epitou pou asire fòmasyon sa a ap satisfè bezwen yo. Pre-tès la ap ede evalye tou si fòmasyon sa a bay bon jan rezulta, epitou l ap rann fòmasyon an vin pi bon pi devan.

2. Bay chak patisipan yon fotokopi pre-tès la.

- 3.** Anvan pre-tès la, mande patisipan yo pou yo mete enfòmasyon anlè chak paj egzamen an, epi pou yo remèt li ba ou. Si yon patisipan pa konnen dat egzat li te vin yon HDA, mande li pou ekri ane li te vin yon HDA, epi note jou a kòm “30” ak mwa a kòm “6” (jen).
- 4.** Fè patisipan yo konnen ou pral li kèk kesyon byen fò ki gen rapò ak sijè fòmasyon an. Patisipan yo ap reponn kesyon yo. Pou fè sa, y ap antoure youn nan pi bon repons yo pou chak kesyon ki nan pre-tès yo. Kèk kesyon ap fè patisipan yo deside si yon deklarasyon vrè oswa si li fo, epitou kèk kesyon ap fè patisipan yo chwazi pi bon repons ki posib la nan yon bann repons
- 5.** Di patisipan yo si yo pa konnen repons pou yon kesyon, yo ta dwe kite kesyon an san repons.
- 6.** Fè patisipan yo konnen w ap fè premye kesyon an ansanm.
- 7.** Li premye kesyon an ak repons posib yo byen fò. Mande yon volontè pou reponn, oswa reponn kesyon an poukout ou. Pou reponn kesyon sa a, patisipan yo ta dwe antoure repons ki sou papye yo.
- 8.** Mache vit nan sal la epi al gade pou asire patisipan yo te make repons pou premye kesyon an kòrèkteman.
- 9.** Li rès kesyon pre-tès la ak repons posib yo byen fò epi dousman, youn alafwa. Repete kesyon yo ak repons posib yo, jan li nesesè. Apre ou fin li chak kesyon, bay patisipan yo tan pou yo antoure repons lan.
- 10.** Eksplike nan fen fòmasyon sa a, patisipan yo ap pran egzamen sa a ankò pou wè kisa yo te aprann. W ap revize repons ki kòrèk yo answit.



**KONSÈY:** Korije pre-tès yo pandan yon pòz, paske w ap bezwen remèt yo bay patisipan yo apre yo fin pran pòs-tès la. Pou nenpòt repons ki pa kòrèk, souliyen repons ki kòrèk la pou patisipan yo ka wè diferans ant move repons yo ak repons ki kòrèk yo.

## PRE-TÈS 2

Non w: \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_

Seksyon kominal: \_\_\_\_\_

Depi ki dat ou kòmanse kòm anplwaye sante kominote a oubyen kòm ajan kore fanmi a (mwa/ane)? \_\_\_\_\_

**Fè yon wonn alantou lèt ki devan pi bon repons ou chwazi pou chak kesyon.**

1. Lè n ap bay yon piki ak yon sereng soloshot, nou dwe:
  - a. Fè piston anndan sereng lan fè bak epi avanse plizyè fwa pou wete lè nan sereng lan.
  - b. Foure pwent egwi a sèlman nan ti boutèy vaksen an epi kenbe egwi a nan tèt ti boutèy la.
  - c. Pike egwi pou vaksen an fè yon ang 90 degré ak bra timoun nan oubyen ak janm li.
  - d. **Ranpli sereng lan nan rale piston an fè bak jistan li rete otomatik**
2. Kilè ou ta dwe mete sereng ak egwi ki fin sèvi nan bwat sekirite a.
  - a. Touswit apre chak piki, mete sereng ak egwi ki fin sèvi nan bwat sekirite a. Ranpli bwat la byen ranpli nèt epi fèmen l.
  - b. **Touswit apre chak piki, mete sereng ak egwi ki fin sèvi nan bwat sekirite a. Ranpli bwat la  $\frac{3}{4}$  (twa ka) epi fèmen l.**
  - c. Touswit apre chak piki, wete egwi a nan sereng nan epi mete egwi ki fin sèvi a nan bwat sekirite a. Ranpli bwat la rive  $\frac{3}{4}$  (twa ka) epi fèmen l.
  - d. Touswit apre chak piki, wete egwi ki fin sèvi a nan bwat sekirite a. Ranpli bwat la byen ranpli nèt epi fèmen l.
3. Pou n egzante traka egwi ki pike moun, kouman pou nou manyen egwi ak sereng?
  - a. Kouvri egwi a touswit apre ou bay piki a.
  - b. Mete gan lè n ap kenbe kò oubyen pwent yon egwi oubyen lè n ap sèvi ak egwi.
  - c. **Pa janm manyen okenn pati egwi ni anvan, ni apre nou bay piki.**
  - d. Wete egwi a nan sereng lan ak anpil prekosyon apre nou bay piki a.

## Vaksinasyon

4. Lè n ap mete vaksen polyo a (OPV) nan bouch moun, nou dwe:
  - a. **Ouvri bouch tibebe a tou dousman epi kite 2 gout vaksen an tonbe nan konngout la sou lang tibebe a san konngout la pa touche lang tibebe a.**
  - b. Ouvri bouch ti bebe a tou dousman, fè konngout la touche lang tibebe a, epi peze fè 2 gout vaksen soti.
  - c. Lave bò machwa ak bouch tibebe a epi peze fè 2 gout vaksen tonbe nan bouch tibebe a.
  - d. Mande manman an ouvri bouch ti bebe a tou dousman epi kite 2 gout vaksen an sot nan konngout la tonbe sou lang tibebe a.
5. Lè nou fè tès ajitasyon pou nou kontwole si vaksen an domaje oswa li tounen glas, nou kab sèvi ak vaksen an si:
  - a. Apre souke a, koulè solisyon yo pa menm.
  - b. Apre souke a, poud nan vaksen an desann nan fon ti boutèy la vit menm jan ak sa ki nan ti boutèy kontwòl la ki te tounen glas.
  - c. **Apre souke a, likid la separe de ti poud la lè li fin poze pandan 30 minit.**
  - d. Apre souke a, glas nan vaksen an disparèt.
6. Nan PCV a, kiles ki montre vaksen an pa te twò domaje poutèt chalè a e yo mèt sèvi avèk li?
  - a. **Koulè desen kare ki anndan sèk la pi pal pase koulè rès sèk la**
  - b. Koulè desen kare ki anndan sèk la menm koulè ak rès sèk la
  - c. Koulè desen kare ki anndan sèk la pi fonse pase koulè rès sèk la
7. Lè nou melanje poud vaksen an ak likid la, nou dwe:
  - a. Fè melanj lan lavèy jou reyinyon an.
  - b. **Sèvi sèlman ak likid pou delye fabrik vaksen an bay la.**
  - c. Sere rès melanj ki fè vaksen pou reyinyon mwa pwochen an
  - d. Melanje poud vaksen an ak likid pou delye a, nan souke ti boutèy la pandan 1 minit.
8. Kisa nou dwe fè pou nou kontinye bay piki san okenn danje pòs rasanbleman an?
  - a. Sèvi ak yon sereng nèf soloshot pou chak piki.
  - b. Pa sèvi ak yon sereng ni ak yon egwi si anvlòp ki vlope yo chire oubyen domaje.
  - c. Lave men nou byen lave ak savon ak dlo pwòp anvan nou prepare materyèl pou piki
  - d. **Tou le twa bagay sa yo.**

- 9.** Ki 3 ti dezagreman vaksen BCG an konn lakòz?
- a. **Yon ti mak blanch ki bay yon ti maleng ki ap kite yon ti mak, besejit.**
  - b. Yon ti blese wouj vaksen BCG a, dòmi nan je, pa anvi manje.
  - c. Kriye, pa anvi manje, dòmi nan je.
  - d. Yon ti lafyèv, touse lannwit, yon ti blese wouj vaksen BCG a.
- 10.** Konbyen dòz yo bay pou vaksen RR e a kilaj:
- a. De dòz, yonn a 4 mwa, lòt lan a 8 mwa
  - b. **Yon sèl dòz a 9 mwa**
  - c. 2 dòz, yonn a 9mwa lot la a 1 an
  - d. Yon dòz a 6 mwa
- 11.** A ki laj yon timoun dwe pran BCG:
- a. Lè timoun lan gen 5 an
  - b. **Lè timoun nan fèk fèt rive 11 mwa**
  - c. Lè timoun fin gen 1 an
  - d. Lè timoun lan gen 6 mwa
- 12.** Ki kote yo bay vaksen dT:
- a. **Piki byen fon nan vyann.**
  - b. Piki anba po a.
  - c. Nan bouch.
  - d. Piki kole ak po

## SESYON 14 **KIJAN POU NOU BAY VAKSEN**



**Metòd:** Demonstrasyon ak antrènman yon ti gwoup



**Tan:** 1 èd tan



**Objektif yo**

Patisipan yo ap kapab:

- p.** Montre moun yo bay vaksen nan sèvi ak sereng soloshot pou yo bay piki.
- q.** Montre kijan pou moun jete sereng ak egwi ki deja sèvi.
- r.** Montre kouman pou yo bay vaksen polyo yo bay nan bouch la.



**Preparasyon**

- Tout materyèl ki sou lis pi ba la a, mete yo ansanm tou pare.
- Repase enfòmasyon sou bay piki, sou vaksen polyo pa bouch, epi sou egzante dezagreman egwi ki ta pike nou.
- Degaje nou pou nou jwenn yon lòt mis omwen pou li ede nou nan demonstrasyon ak antrènman ti gwoup la.



**Materyèl**

- Kont kantite materyèl n ap make la a pou demonstrasyon ak antrènman yon ti gwoup.
- Sereng soloshot ak egwi
- Savon likid ak ti boul koton
- Plizyè moso fwi (zoranj, eksetera) oubyen lòt bagay ki bon pou egzèsis bay piki.
- Ti boutèy vaksen polyo yo bay pa bouch ak konngout pou bouch (sèvi ak ti boutèy ki sèvi nou plen ak dlo)
- Gwo fèy papye
- Bagay pou make
- Tep pou kole

**ETAP***30 minit*

- 1.** Eksplike se nan sesyon sa a moun yo pral aprann ki jan pou yo bay piki, nan sèvi ak sereng soloshot. Epitou yo pral aprann bay vaksen pou polyo pa bouch.
- 2.** Si gen yon dezyèm mis k ap ede nou (oubyen plis toujou), separe moun yo fè 2 gwoup (oubyen plis toujou). Fè demonstrasyon an pou yon gwoup. Epi mande lòt mis la fè demonstrasyon pou lòt gwoup la (oubyen pou [yon] lòt gwoup).
- 3.** Montre divès mouvman pou divès teknik yo (nou Eksplike mouvman yo nan sa nou ekri nan fen sesyon sa a):
  - Kijan pou nou bay piki san danje ak sereng soloshot.
  - Kijan pou ou debarase w ak sereng ak egwi ki sèvi san danje.
  - Kijan pou ou fè egwi pa pike nou
  - Kijan pou nou mete vaksen polyo a nan bouch
- 4.** Sèvi ak echantyon sereng ak egwi pou demonstrasyon. Pou nou montre ak ki ang pou nou bay piki (nan po, nan vyann, anba po), bay moso fwi piki, oubyen bay lòt bagay piki. Montre ki jan pou yo kenbe timoun nan epi ki kote nan kò l nou ta dwe bay chak kalite piki.
- 5.** Fè yon jan pou nou sèten chak moun kapab wè sa n ap fè a. Mande moun yo vin tou pre toutotou nou.
- 6.** Refè menm demonstrasyon an jan sa nesesè epi reponn kesyon moun yo etan demonstrasyon an ap fèt.

*25 minit*

- 7.** Separe moun yo fè ti gwoup 4 moun chak gwoup. Se pou nou sèten nan chak gwoup gen yon moun omwen ki gen espéryans. Bay chak gwoup sereng soloshot, egwi epi yon vaksen polyo oral ak yon konngout pou bouch. Mande chak moun jwenn enfòmasyon nan paj 48 liv yo sou bay piki, jete fatra, egwi ki pike moun epi vaksen polyo oral. Eksplike sa ti gwoup la gen pou l fè:

- Ak ti gwoup nou an, nou pral fè yon antrènman sou sa mwen montre nou an. Pandan antrènman an, nou kab al gade enfòmasyon ki nan liv nou an si sa nesesè.
- Chak manm gwoup la ta dwe antrene lè moman pa l rive jistan li vin alez ak teknik yo.
- N ap gen 25 minit antrènman.

**8.** Mande gwoup yo kòmanse travay. Pandan antrènman gwoup yo, ou menm ak lòt mis dwe ale vini, gade byen gade, ede, vin sèten tout moun suiv bon mouvman youn apre lòt epi yo sèvi ak bon teknik. Bay gwoup yo avètisman 15 minit, 5 minit, 1 minit.



5 minit

**9.** Mande patisipan yo ki kesyon yo genyen, pou yo bay piki, pou jete sa ki te sèvi pou vaksinasyon, pou egzante egwi ki ta pike yo, epi pou vaksen oral polyo a. Bay repons moun yo bezwen oubyen kite moun ki gen espryans reponn.

**10.** Di moun yo y a gen okazyon bay moun ki malad toutbon piki jwèt\*, nan sant sante, pandan egzèsis espesyal ki fè pati antrènman an.

### Bay piki san danje

Avan nou bay vaksen gen yon seri prensip nou dwe toujou respekte:

Asepsi

- Se yon gwo netwayaj yo fè sou po moun yo pral pike a. Toutotan koton ki mouye ak savon an sal, ou dwe itilize yon lòt koton mouye jiskaske po li pwop.
- Materyèl esteril vle di san mikwob, san danje.
- Sonje: Tout materyel nap itilize pou fè vaksen dwe esteril tankou egui ak sereng.

### 10 prensip pou yo bay piki oubyen vaksen san danje

Avan ou bay piki:


1. Koupe zong ou byen raz. Lave men ou byen avan ak lè ou fin fè piki.
2. Netwaye po a byen netwaye, epi prepare piki a.
3. Li ti papye ki sou boutèy piki pandan nap gade dat la ekspire epi kijan dwe bay li. Mande moun kap pran piki oubyen vaksen a si li pa konn fè alèji ak piki a.
4. Pale de ti malèz vaksen a ka bay pandan wap bay piki oubyen vaksen

5. Sèvi ak yon sereng esteril ak yon egui esteril pou chak vaksen
6. Pa manyen pati ki esteril nan egui a.
7. Chwazi kote wap bay piki oubyen vaksen an netwaye li byen netwaye.
8. Pike fason ki kòrek ak dòz ki egzat apre ou fin fè vaksen oubyen piki a.
9. Pa retire egui a nan sereng lan epi pa mete kapuchon an nan egui a.
10. Tousuit apre chak piki, jete sereng lan ak egui a nan bwat sekirite a. Nan ranpli bwat sekirite a, pa depase liy ki make “plen” an (se  $\frac{3}{4}$  plen sèlman). **Pa ranpli ni bwat sekirite ni ti kès pou ti egui fen nèt ra bouch. Lè bwat sekirite a  $\frac{3}{4}$  plen, fèmen bwat la byen fèmen.**

## KIJAN POU NOU BAY PIKI SAN DANJE AK SERENG

**SOLOSHOT<sup>20</sup>** *nan paj 49 liv patisipan an*







Men yon seri aktivite **jeneral** youn dèyè lòt pou nou suiv lè n ap sèvi ak sereng soloshot. Nou dwe fè ti chanjman nan aktivite sa yo selon tèl mak espesyal sereng soloshot ki nan men nou.



1. Fè manman an oubyen moun k ap okipe timoun nan chita epi balanse l sou jenou li. Mande l kenbe yon bra timoun nan oubyen pye l ki lib.
2. Wete sereng lan ak egwi a nan plastik ki vlope yo a (chire bout pakèt la kote piston sereng lan ye a) oubyen detache tèt plastik yo.
3. Fikse egwi a nan sereng lan si li pokonan plas li.
4. Wete kapichon egwi a san nou pa touche egwi a.
5. Pinga nou deplase piston an pou anyen epi pa eseye fè lè antre nan ti boutèy la. Sa pral gate sereng lan. (Piston an kapab fè yon sèl gress mouvman fè bak epi avanse).
6. Foure egwi a nan ti boutèy vaksen an epi fè pwent egwi a rive kote ki pi ba nan fon ti boutèy la.
7. Rale piston an fè bak pou nou ranpli sereng nan. Piston an ap rete otomatik sou mak 0.05 ml / 0.50 ml epi n ap tandem yon ti bwi klik.
8. Kenbe pwent egwi a nan likid la tout tan. Se pou nou sèten nou vide tout kantite likid ti boutèy la te kenbe a.
9. Rale egwi a soti nan ti boutèy la.
10. Pou nou wete ti bil lè yo, kenbe sereng nan kanpe dwat epi bay kò sereng lan kèk ti tap ak dwèt nou. Epi fè yon ti pouse ak prekosyon jis nan mak << fèmen >> an.
11. Chwazi plas pou nou bay piki a epi fè egwi a antre la.
12. Pouse piston an pou l avanse pi devan epi fè vaksen an antre (nan vyann lan, nan po a oubyen anba po a dapre kalite vaksen n ap bay la).
13. Apre piki a, piston an ap ret bloke otomatik, ki fè nanopwen tounen sèvi ak sereng lan ankò.
14. Pa tounen mete kapichon egwi a ankò.
15. Pa eseye tounen sèvi ak sereng soloshot la. (L ap bloke otomatik apre yon sèl gress sèvis epi se jete l nan fatra).
16. Mete ni sereng lan, ni egwi a nan yon bwat sekirite.
17. Mande paran an fè yon ti peze tou piti de twa segonn ak ti boul koton byen pwòp (pou rete ti senyen an epi pou ti doulè a pase).
18. Pa fwote kote yo bay piki a.

20 Immunization in Practice, Module 4,2.

**TI ESPLIKASYON SOU JAN YO BAY VAKSEN** *nan paj 52 liv patisipan an*

Vaksen	Jan yo bay li	Kote yo bay li gòch oubyen zepòl
<b>BCG</b> Pwoteksyon kont Tibèkiloz	 Piki nan po	 Bò deyò anwo bra
<b>Vaksen oral pou polyo (VOP)</b> Pwoteksyon kont Polyo	 Nan bouch	 Nan bouch (sou lang)
<b>Vaksen Pantavalan</b> Pwoteksyon kont Epatit B/maladi nan fwa, Meninjit/gwo maladi nan tèt, Difteri, Tetanòs, ak Koklich	 Nan vyann	 Bò dèyè mitan kuis tibebe ki poko gen 1an Oswa nan bra timoun ki gen plis pase 1an
<b>Vaksen DTK</b> Pwoteksyon kont Difteri, Tetanòs ak Koklich	 Nan vyann	 Bò dèyè mitan kuis tibebe
<b>Vaksen Lawoujòl ak Ribeyòl</b> Pwoteksyon kont Lawoujòl ak Ribeyòl	 Piki anba po	 Bò dèyè mitan kuis tibebe Vaksinasyon pou lawoujòl; Piki
<b>Vaksen dT (pou gran moun)</b> Pwoteksyon kont Difteri ak Tetanòs	 Nan vyann	 Bò deyò anwo bra

## **ENFÒMASYON ENPÒTAN SOU CHAK VAKSEN SITOU REYAKSYON SEGONDÈ (MALÈZ VAKSEN KA LAKÒZ)**


*nan paj 53 liv patisipan an*

Vaksen	Kont ki maladi	Reyakson segondè (Malèz vaksen ka lakozi)	Kilès ki pa ka pran li	Kijan yo bay li
BCG	Tibèkliozi	<b>Ti reyakson segondè:</b> Yon ti maleng ki pral geri Ka kite yon mak	Timoun ki gen jèm VIH Tibebe ki peze pi piti pase 2.5 kilo	Bra dwat, pa foure egui a fon
Polyo	Polyomyelit	Prèske pa genyen	Si yon timoun gen dyare, tan dyare a pase	2 gout nan bouch
Pantavalan	Epatit B/ maladi nan fwa Menenjit/ gwo maladi nan tèt  Difteri  Tetanòs  Koklich	<b>Ti reyakson segondè:</b> Ti fyèv Doulè kote yo pike a Ka kite yon mak  Dyare Vomisman Timoun ap kriye Ti gress sou po a	Moun ki te gen kriz lè li te pran premye dòz la	Pike byen fon nan po a bò dèyè mitan kuis tibebe ki poko gen 1an  Oswa nan bra timoun ki gen plis pase 1an
DTK	Difteri  Tetanòs  Koklich	<b>Ti reyakson segondè:</b> Ti fyèv Doulè kote yo pike  <b>Reyakson segondè grav (trè ra):</b> Moun ki gen kriz Depi apre premye dòz la	Moun ki te gen kriz lè li te pran premye dòz la	Pike moun nan byen fon nan po a  Kenbe egui a dwat
RR (Lawoujòl ak Ribeyol)	Lawoujòl  Ribeyòl	<b>Ti reyakson segondè:</b> Ti fyèv Doulè kote ki pike a Zòn kote yo pike moun nan anfle	Si yon timoun malad anpil	Pike anba po a
dT (Tetanos)	Difteri  Tetanòs	<b>Ti reyakson segondè:</b> Ti fyèv Doulè kote ki pike a	Moun ki te gen kriz lè li te pran premye dòz la	Byen fon nan po a

## ESPLIKASYON POU BAY VAKSEN<sup>21</sup>

*nan paj 54 liv patisipan an*

### Vaksen BCG



1. Sèvi ak yon egwi 10 mm 26 pou mezire presyon (egwi sa a kout anpil epi li siperyè). Dòz la se **0.05 ml**.
2. Mande manman an oubyen moun k ap okipe timoun nan mete li kouche sou jenou yo. Li ta dwe kenbe tibebe a sere sou kò l, etan li soutni tèt tibebe a, etan li kenbe bra tibebe a sere sou kò pa l.
3. Rale manch rad tibebe a monte si sa nesesè pou bra l dekouvrir.
4. Kenbe sereng lan nan men w ak pwent egwi a pwente anwo.
5. Redi po **anwo bra gòch** tibebe a ak pouz ou ak dwèt jouda w la pou l pa gen pli.
6. Poze sereng lan ak egwi a plat sou po tibebe a
7. Foure pwent egwi a la egzakteman anba deyò po a. Men, nan epesè po a, touswit apre pwent egwi a (ti twou nan bout egwi a )
8. Kenbe egwi a **plat** tou long anba po a, yon jan pou l ale sèlman nan kouch po ki anwo a sèlman. Kenbe twou pwent egwi a sou anwo. Sa se **yon piki nan po**.
9. Pa pouse twò lwen epi pa mete pwent lan pa anba pou egwi a pa al anba po a.
10. Pou w kenbe egwi a nan bon pozisyon, mete lòt pouz ou nan bout sereng ki pi ba a pre egwi a, men pinga ou manyen egwi a.
11. Kenbe bout piston sereng lan ant dwèt jouda a ak dwèt nan mitan yo. Peze piston an ak gwo pouz ou.
12. Voye 0.05 ml vaksen antre epi wete egwi a.
  - Lè n ap bay yon piki nan po kòrèk piston an mal pou l avanse, si vaksen an antre fasil, sanble nou bay piki a twò fon. Lè konsa, sispann bay piki a touswit, korije pozisyon egwi a, epi bay rès dòz la, pa plis pase sa menm.

<sup>21</sup> *Manuel de Normes Techniques et de Procédures du PEV en Haïti*, 64-65; *Immunization in Practice*, Module 4, 19–23.

## Vaksinasyon

- Si tout dòz la déjà antre anba po a, make : tibebe a déjà tou jwenn yon dòz vaksen. Pa tounen ba l yon lòt dòz. Mande paran an tounen vin ak timoun nan sizoka timoun nan sanble gen yon dezagreman kèlkonk, tankou apse oubyen glann ki gonfle.
  - Si nou bay vaksen BCG a kòrèk, yon ti anfle kab parèt pal ak ti twou tou piti, tankou yon po zoranj. Si nou pa bay vaksen BCG a kòrèk, yon ti anfle plat anwo kab parèt sou po a. Ti anfle a kab parèt kal ak ti twou tou piti, tankou yon po zoranj. Si nou pa bay vaksen BCG a kòrèk, vaksen an pral antre fasil anndan epi nou p ap wè ti anfle a.


## Vaksen Pantavalan



1. Sèvi ak yon sereng soloshot. Dòz la se tout flakon  $\frac{1}{2}$  cc.
2. Mande manman an oubyen responsab tibebe a mete tibebe a soujenou li, kouche sou kote ak tout ti janm li dekouvri nèt.
3. Mande manman an oubyen responsab tibebe a kenbe janm li yo.
4. Redi po mitan bò kuis tibebe a ki deyò a tou dousman ant pouso ou ak dwèt joudaw la pou li pa gen pli.
5. Foure egwi a nan yon ang 90°.
6. Prese pouse tout egwi a desann tou dwat nan po a antre nan vyann lan. Se yon piki nan vyann sa ye.
7. Voye vaksen antre dousman. Konsa, piki a p ap fèl mal.
8. Pou timoun ki gen plis pase 1 an ak granmoun, bay piki a nan gwo mis ki jis anwo bra a.

**Vaksen DTK**

- 1.** Sèvi ak yon sereng soloshot. Dòz la se 0.5 ml
- 2.** Mande manman an oubyen moun ki okipe tibebe a mete tibebe a sou jenou li, kouche sou kote ak tout ti janm li dekouvri nèt.
- 3.** Mande manman an oubyen moun ki okipe tibebe a kenbe janm li yo
- 4.** Redi po mitan bò kuis tibebe a ki deyò a tou dousman ant pouz ou ak dwèt jouda w la pou li pa gen pli.
- 5.** Foure egwi a ak yon ang  $90^{\circ}$ .
- 6.** Prese pouse tout egwi a desann tou dwat nan po a antre nan vyann la. Se yon piki nan vyann sa ye.
- 7.** Voye 0.05 ml vaksen antre dousman. Konsa, piki a p ap fèl mal.
- 8.** Pou pi gran timoun ak gramoun, bay piki a nan gwo mis ki jis anwo bra a.

**Vaksen lawoujòl (L) ak ribeyòl**

- 1.** Sèvi ak yon sereng soloshot. Dòz la se 0.5 ml
- 2.** Mande manman an oubyen moun ki okipe tibebe a mete tibebe a sou jenou li, kouche sou kote ak tout ti bra li dekouvri nèt.


## Vaksinasyon

3. Mande manman an oubyen moun ki okipe tibebe a kenbe janm li yo.
4. Antoure anwo bra a ak dwèt ou epi peze ti po a monte.
5. Prese pouse egwi a ak yon ang 45° kote w peze ti po a monte. Se pou egwi a gen pwent li nan direksyon zepòl la. Se yon piki anba po sa ye.
6. Voye 0.05 ml vaksen antre.
7. Pou w kontwole egwi a, soutni dèyè sereng lan ak pouss ou epi ak dwèt jouda w la. Men, pa manyen egwi a.

## Vaksen oral pou polyo (VOP)



1. Sèvi ak boutèy VOP a epi ak konngout la. Dòz la se 2 gout.
2. Mande paran an oubyen moun ki okipe tibebe a mete li soujenou li epi soutni tèt tibebe a, fè l fè yon ti kage pa dèyè.
3. Anba ti bouch tibebe a ak ti bò figi l dwe chèch: kon sa vaksen oral pou polyo a ap mwen fasil degoute la.
4. Ouvri bouch tibebe a tou dousman, oubyen ak pouss ou sou ti monton l (pou tibebe ki fèk fèt) oubyen nan peze ti bò machwa l tou dousman ak dwèt ou.
5. Kite 2 gout vaksen an sot nan konngout la pou yo tonbe sou lang tibebe a. Pa kite konngout la touche tibebe a.

**Vaksen DT (pou gran moun)**

- 1.** Sèvi ak yon sereng soloshot. Dòz la se 0.5 ml
- 2.** Mande dam nan chita chita l.
- 3.** Mande l kite zepòl li poze epi mete men gòch li dèyè do l oubyen kite l poze sou ranch li. Sa pral fè vyann nan bra l vin mou, konsa piki a prèske p ap fè l mal.
- 4.** Mete dwèt ou ak pouss ou sou bò deyò anwo bra w.
- 5.** Sèvi ak men w pou w peze vyann bra li.
- 6.** Prese pouse egwi a desann tou dwat ak yon ang 90° nan po a ki ant dwèt ou yo. Antre fon nan vyann nan. Se yon piki nan vyann sa ye.
- 7.** Peze piston an ak pouss ou pou w voye 0.05 ml vaksen an antre.
- 8.** Rale egwi a soti rapid, men, yon ti jan dous.
- 9.** Mande dam nan peze kote a ak yon ti boul koton tou dousman si gen yon ti senyen.

## GEN AKSIDAN KI KONN RIVE LE OU FIN BAY YON PIKI OUBYEN YON VAKSEN SE SA YO RELE AES

### Definisyon AES:

Se lè yon moun pike tèt li nan yon egwi oubyen jilèt oubyen yon bistouri kite sal ak san **Lè nou pike kisa nou dwe fè**

- Lave kote ou pike a ak anpil dlo ak savon
- Ale nan yon sant CDV pou yo ka notifye ka a ak fè evalyasyon moun nan avan 3 jou
  - Sonje: Pou nou evite AES pa janm mete kapichon nan egwi yo lè nou fin sèvi ak yo, epi evite plen bwat sekirite yo toujou mete yo nan  $\frac{3}{4}$  plen apre fèmen 1 pote li ale nan sant lan pou yo brile li

## TI GRENN VITAMIN A


1. Kontwole dat li fini sou etikèt la. Si dat la rive, jete boutèy la.
2. Ouvri boutèy la. Ekri dat jodi a sou etikèt la pou w ka konnen ki lè pou w sispann sèvi ak li. Boutèy (kapsil) sachè vitamin A ki louvri bon pou ennan.
3. Louvri yon sachè (kapsil), nan koupe ti bout la ak yon sizo ki pwòp.
4. Peze kapsil la fò pou gout yo tonbe anndan bouch moun nan. Si se yon timoun pití, ou kab oblige pense bò machwa li pa twò fò pou li ouvri bouch li.



## FASON POU NOU DEBARASE KOTE NOU TRAVAY LA AK SERENG AK EGWI KI FIN SÈVI<sup>22</sup>

*nan paj 62 liv patisipan an*

1. Mete yon bwat sekirite oubyen yon ti kès pou ti egwi fen yon kote pre pou nou annik lonje men nou, lè n ap bay vaksen.
2. Tousuit apre chak piki, jete sereng lan ak egwi a nan bwat sekirite a.
3. Pa tounen mete kapichon egwi a ankò
4. Nan ranpli bwat sekirite a, pa depase liy ki make “plen” an (se  $\frac{3}{4}$  plen sèlman).  
**Pa ranpli ni bwat sekirite ni ti kès pou ti egwi fen nèt ra bouch.**
5. **Lè bwat sekirite a  $\frac{3}{4}$  plen, fèmen bwat la byen fèmen.**
6. Okenn kalite sereng pa dwe anndan bwat sekirite a.



22 *Immunization in Practice*, Module 4, 15.

**KOUMAN POU NOU ANPECHE EGWI KI TA BAN N  
ENFEKSYON PIKE NOU<sup>23</sup>**


nan paj 64 liv patisipan an

**Sèvi ak sereng ak egwi san nou pa bezwen manyen yo souvan**

- Mete yon bwat sekirite a kote chak moun k ap bay dòz vaksen. Konsa nou kab jete sereng ak egwi ki sèvi touswit.
- Egui ki sèvi a, pa wete l nan sereng lan ak dwèt ou.
- Pa pote sereng ak egwi ki sèvi bò kote vaksinasyon an ap fèt la oubyen nan zòn travay la.
- Pa tounen mete kapichon egwi yo.
- Rale vaksen an nan sereng lan, bay pitit la vaksen an epi lage sereng lan nan bwat sekirite a san ou pa depoze l okenn lòt kote depi ou te rale l la.
- Fèmen bwat sekirite a kou li  $\frac{3}{4}$  plen.
- Pa ranje anyen nan fatra rès remèd ak dwèt nou.
- Si po n ak men w vin an kontak ak san oswa ak lòt dlo kò, touswit lave men w ak po w byen lave nèt.

**Manyen sereng ak egwi ak anpil prekosyon**

Fòk ou kenbe yon sereng pou w bay yon piki. Nenpòt kote ou manyen nan sereng lan kontamine. Poutèt sa, ou pa ta dwe manyen kote ki vin an kontak ni ak vaksen an, ni ak timoun nan.



23 *Manuel de Gestion des Vaccins et de la Chaîne de Froid*, 69-70; *Immunization in Practice*, Module 4, 8-11



## KOUMAN POU NOU ANPECHE EGWI KI TA BAN N ENFEKSYON PIKE NOU

swit

### **Pa manyen:**

Twou ki nan pwent egwi a

- Pwent egwi a
- Koneksyon sereng lan.
- Wondèl piston sereng lan
- Adaptè sereng nan
- Kouvèti piston sereng nan

Si w manyen nenpòt nan pati sa yo, jete sereng lan ak egwi a epi jwenn lòt ki esterilize.

### Ou mèt manyen:

- Kò sereng lan
- Kouvèti piston an

## SESYON 15

# KIJAN POU NOU PREPARE VAKSEN KI PA GEN DANJE EPI POU NOU SÈVI AK YO



**Metòd:** Demonstrasyon ak antrènman ti gwoup.



**Tan:** 2 èd tan



### Objektif yo

Patisipan yo ap kapab:

- s. Di ki sa Papye pou Kontwole Vaksen (PCV) ye.
- t. Montre kouman pou yo gade si yon vaksen gate nan souke li ak gade PCV a.
- u. Montre kijan pou mete yon vaksen anfòm korèkteman.
- v. Eksplike kouman pou nou kontinye bay piki san danje lè n ap bay vaksen nan pòs rasambleman.



### Preparasyon

- Repase esplikasyon pi ba a sou tès souke a, sou avètisman ki make sou ti boutèy vaksen yo, sou melanj pou vaksen an fin pare epi jan pou yo bay piki san danje.
- Tout materyèl yo make pi ba a, mete yo sou lamen.
- Òganize 4 zòn yo nonmen pi ba a nan pyès la. Si pyès pou antrènman an pitit, nou kab vle sèvi ak yon dezyèm pyès tou oubyen deyò. Make yon nimewo pou chak kote ak non pa 1 (ak fèy papye oubyen ak yon kat apa):
  - **Zòn 1:** Kouman pou nou fè tès “souke” a- mete vaksen nan ti boutèy ki te deja tounen glas ansanm epi mete vaksen nan ti boutèy ki pa te tounen glas ansanm.
  - **Zòn 2:** Kouman pou nou li avètisman ki make sou ti boutèy vaksen yo- mete 4 ti boutèy vaksen ak avètisman yo ki montre 4 kare diferan.
  - **Zòn 3:** Kouman pou nou fè melanj pou vaksen an fin pare- mete echantyon yon vaksen pou nou fin pare.
  - **Zòn 4:** Kouman pou nou fè pwogrè nan bay piki san danje-nou pa bezwen materyèl pou sa.



### Materyèl

- 2 ti boutèy vaksen an vè ki make ki tounen glas, youn make “kontwòl- pa sèvi ak li”, yon lòt ki make “tès”, ak yon ti boutèy vaksen an vè ki pa t tounen glas ki make “tès”
- 4 ti boutèy vaksen an vè, yo chak ak yon esplikasyon sou vaksen ki make:

- Kare anndan an klè anpil
- Kare anndan an toujou pi klè pase deyò sèk la;
- Koulè kare anndan an menm ak koulè sèk deyò a; epi
- Kare anndan an pi fonse pase sèk deyò a.
- Pou pi piti, prepare echantyon vaksen (lawoujol ak BCG) si sa posib (yo chak pou fasilitatè a fè demonstrasyon ak 4 ti gwoup)
- Gwo fèy papye
- Makè
- Tep



## ETAP

---



15min

- 1.** Eksplike ou pral montre yo kouman pou yo prepare vaksen epi patisipan yo pral fè pratik nan ti gwoup. Ti gwoup yo pral repase fason pou yo asire yo vaksen yo bon epi yo pa t gate, ak fason pou yo fè pwogrè nan bay piki san danje nan pòs rasanbleman.
- 2.** Si ou gen yon dezyèm mis (oubyen plis) pou ede ou, separe patisipan yo an 2 gwoup (oubyen plis); fè demonstrasyon an pou yon gwoup epi mande lòt mis lan/yo fè l pou lòt gwoup la/yo.
- 3.** Montre yo kouman pou yo prepare vaksen (etap yo ekri alafen sesyon an):
  - Vaksen BCG ak yon anpoul
  - Vaksen lawoujòl ak yon ti boutèy an vè
- 4.** Sèvi ak echantyon anpoul la ak ti boutèy la pou fè demonstrasyon an. Asire w chak moun konprann sa w ap fè a ; mande patisipan yo reyini tou pre w.
- 5.** Refè egzèsis la mezi fwa sa nesesè, epi reponn kesyon patisipan yo etan w ap fè demonstrasyon an.

**6.** Separe patisipan yo an 4 ti gwooup (gwooup yo pa dwe gen menm moun ki t ap fè aktivite anvan yo ansanm yo). Si sa posib, pou pi piti, mete yon patisipan ki gen esperyans nan chak gwooup. Eksplike travay ti gwooup la gen pou l fè:

- Mwen kreye 4 zòn:
  - Zòn 1: Kouman pou n fè tès souke a
  - Zòn 2: Kouman pou nou li Pastiy Kontwòl Vaksen (PCV)
  - Zòn 3: Kouman pou n prepare vaksen
  - Zòn 4: Kouman pou n fè pwogrè nan bay piki san danje
- Chak ti gwooup ap gen tou pa l pou li vizite chak zòn, yon sèl gwooup nan yon zòn lè se tan pa l.
- Nan chak zòn, gwooup nou an ap suiv esplikasyon pou zòn sa a nan paj 97 liv la. N ap pase 15 minit nan chak zòn. M a di nou ki lè pou n ale nan pwochen zòn lan.
- Se pou nou sèten tout manm gwooup la patisipe nan aktivite pou chak zòn.
- M pral mande chak gwooup prezante kòlèg yo youn nan zòn yo. Mwen p ap di nou ki zòn nou pral prezante depi davans. Konsa, fòk nou pare pou nou prezante nenpòt ki zòn.



1 èd tan

**7.** Mande chak ti gwooup pou l ale nan youn nan zòn yo e pou yo mache ak liv yo. Mande yo kòmanse travay. Valè tan an se 15 minit nan mont, nan pandil oubyen nan telefòn pòtab. Apre 15 minit, mande gwooup yo al nan yon lòt zòn. Repete mouvman an jis lè tou le 4 gwooup yo vizite tou le 4 zòn yo.

**8.** Etan gwooup yo ap travay, ale vini, gade, ede, oubyen reponn kesyon, selon sa yo bezwen. Si yon gwooup fin ak yon zòn anvan lòt gwooup yo fini, al nan gwooup la, mande yo kesyon sou zòn yo fèk fin wè a. Oubyen mande yo montre sa yo fèk aprann.



45 minit

**9.** Mande tout moun chita. Chwazi yon gwooup pou li prezante zòn 1 nan bay esplikasyon (kouman pou nou fè tès “souke” a). Mande gwooup la mete materyèl Zòn 1 an jis devan nan pyès la. Prezante materyèl ki pou zòn sa a epi fè yon demonstrasyon ak yo. Si gwooup la vle, li mèt sèvi ak pakèt gran fèy

desen yo. Apre demonstrasyon an, gwoup la ta dwe bay repons yo genyen pou zòn sa a. Limit prezantasyon l lan se 5 minit.

- 10.** Apre prezantasyon an, mande moun yo ki kesyon oubyen ki remak yo genyen sou enfòmasyon sa yo. Kite moun ki fè prezantasyon yo reponn. Ede yo oubyen korije sa yo di a si sa nesesè. Bay 5 minit konsa pou kesyon oubyen pou remak.
- 11.** Repete menm aktivite a pou 3 zòn ki rete yo. Men, chwazi yon gwoup diferan pou chak zòn.
- 12.** Fini sesyon an nan mande moun yo pou yo etidye esplikasyon ki nan liv yo a sou tès “souke” a, sou jan pou yo li Pastiy Kontwòl Vaksen an, sou melanj ki dwe fêt pou vaksen fin pare, sou bay piki san danje.



### Zòn 1: Kouman pou nou fè tès "souke" a

Enfòmasyon sou jan pou nou fè tès "souke" a, li l byen fò nan liv la.

Epi chak manm gwoup la dwe suiv esplikasyon pou tès "souke" a, lè tou pa l rive, etan yon lòt moun li esplikasyon yo byen fò. Chak moun dwe fè tès la nan sèvi ak ti boutèy "kontwòl- pa sèvi ak li" a epi ak chak boutèy pou "tès", youn chak fwa.

Apre chak moun fin fè egzèsis pa l, fèmen liv nou epi reponn kesyon nou pral ekri yo (nou mèt pale pou nou reponn tou. Nou pa bezwen ekri repons yo.) Se pou nou sèten chak manm gwoup la reponn yon kesyon, si se pa plis.

- Ki vaksen ki gate si yo te tounen glas, ki fè nou pa kab sèvi ak yo?
- Kisa nou bezwen pou nou fè tès "souke" a?
- Sa ki fè nou kapab di si yon vaksen pa te deja tounen glas di?
- Sa ki fè nou kapab di si yon vaksen pa te deja tounen glas, ki fè li pa gate?
- Ki lè nou ta dwe fè tès "souke" a?

### Zòn 2: Kouman pou nou li Pastiy Kontwòl Vaksen (PCV) a?

Se byen fò pou nou li esplikasyon sou Pastiy Kontwòl Vaksen an, nan liv la.

Epi chak manm gwoup la dwe suiv esplikasyon yo, lè tou pa l rive, pandan li rekonèt chak avètisman kòrèkteman, etan yon lòt moun li esplikasyon yo byen fò.

Apre chak moun fin fè egzèsis pa l, fèmen liv nou epi reponn sa nou chonje kòm repons kesyon nou pral ekri yo (nou mèt pale pou nou bay repons nou . Nou pa bezwen ekri repons yo). Se pou nou sèten chak manm gwoup la reponn yon kesyon, si se plis pa:

- Ki lè Pastiy Kontwòl Vaksen an chanje koulè?
- Ki chanjman nan Pastiy Kontwòl Vaksen an vle di yo kab sèvi ak vaksen an?
- Ki chanjman nan Pastiy Kontwòl Vaksen an vle di yo pa kab sèvi ak vaksen an?
- Ki lè nou ta dwe li Pastiy Kontwòl Vaksen an?



### **Zòn 3: Kouman pou nou fè melanj pou vaksen an fin pare**

Se byen fò pou nou li esplikasyon sou kouman pou nou fè melanj pou vaksen an fin pare.

Epi se ta dwe tou pa yon manm gwoup la pou li fè melanj pou vaksen an fin pare, etan yon lòt manm ap li esplikasyon yo byen fò.

Fèmen liv nou epi reponn sa nou chonje kòm repons nou pral ekri yo ( nou mèt pale pou nou bay repons nou. Nou pa bezwen ekri repons yo). Se pou nou sèten chak manm gwoup la reponn yon kesyon, si se pa plis:

- Ki vaksen ki dwe fin prepare egzijibleman?
- Ki sa nou dwe fè anvan nou prepare yon vaksen?
  - Kilè nou dwe jete yon anpoul pwodui pou delye vaksen, san nou pa sèvi avèk li menm?
  - Kijan nou ta dwe ouvri yon anpoul pwodui pou delye?
  - Kisa pou nou fè pou nou melanje pwodui pou delye a ak poud vaksen an?

### **Zòn 4: Kouman pou nou fè pwogrè nan bay piki san danje**



Se byen fò pou nou li esplikasyon sou kouman pou nou fè pwogrè nan bay piki san danje, nan liv la. Yon sèl gress kesyon chak fwa.

Pou chak kesyon, brase-lide ak gwoup la. Poukisa tèl teknik bay plis pwoteksyon nan bay piki? Paregzanp, lave men nou wete mikwòb ki ta kab kontamine vaksen oubyen ekipman.


**KOUMAN POU NOU FÈ TÈS "SOUKE"**<sup>24</sup> *nan paj 66 liv patisipan an*

Gen kèk vaksen, ladan yo gen vaksen pou tetanòs ak DTK, ki gate lè yo tounen glas epi yo pèdi fòs yo. Si yon vaksen te tounen glas, nou pa dwe sèvi ak li.

1. Pran nenpòt ki ti boutèy vaksen ki soti nan menm fabrik la e ki gen menm nimewo sou pakèt la ak vaksen nou vle kontwole yo. Kenbe ti boutèy sa a nan frizè a jistan li tounen glas di. Apre sa, kite l fonn. Make ti boutèy la klè ak etikèt “kontwòl- pa sèvi avèk li” epi pa janm sèvi ak li.
2. Ranmase tout ti boutèy nou sispèk ki vin gate nan tounen glas e nou bezwen kontwole.
3. Souke ni ti boutèy ki tounen glas la ni yon ti boutèy nou sispèk ki te tounen glas tou. Souke yo byen souke pandan 10–15 segonn.
4. Apre souke a, kite tou le 2 ti boutèy vaksen yo chita sou yon kote plat ki pa pran chòk epi gade poud vaksen yo k ap poze.
5. Gade tou le 2 ti boutèy yo youn a kote lòt nan bon limyè epi wè si yo sanble.
6. Si poud nan ti boutèy vaksen ki sispèk la poze **pi dousman** pase poud nan ti boutèy nou te fè tounen glas espre a, **sèvi ak vaksen nan ti boutèy sispèk la**.
7. Si poud nan ti boutèy sispèk la poze **vit menm jan** ak sa ki nan ti boutèy nou te fè tounen glas espre a, **pa sèvi ak** vaksen an. Voye l jete.
8. Si nou pa kab gen yon likid ki gen yon sèl menm koulè nèt nan ti boutèy sispèk la, kwak nou souke l byen souke, **Pa sèvi ak** vaksen an. Voye l jete.

Boutèy vaksen glase	Boutèy vaksen ou santi ki pa bon an
<p><b>prèske klè</b> →</p> <p><b>ma pwès</b> →</p> 	 <p><b>SÈVI AK VAKSEN SA A</b></p> <p><b>PA SÈVI AK VAKSEN SA A</b></p>

24 Immunization in Practice, Module 3, 28–29




## KOUMAN POU NOU LI PASTIY KONTWÒL VAKSEN (PCV) SOU TI BOUTÈY VAKSEN<sup>25</sup>

*nan paj 67 liv patisipan an*

Gen kèk vaksen ki gate epi ki pèdi fòs yo lè vin twò cho. Gen etikèt Pastiy Kontwòl Vaksen an fòm kare sou ti boutèy vaksen ki chanje koulè lè vaksen yo pran twòp chalè. Nou dwe kontwole etikèt Pastiy Kontwòl Vaksen anvan nou ouvri yon ti boutèy pou nou wè si chalè pa gate vaksen an. Si chalè gate yon vaksen, pa sèvi ak li.

- Pou nou kontwole yon vaksen ki ta dwe gate poutèt chalè, gade etikèt Pastiy Kontwòl Vaksen lan:
- Gade kare ki anndan sèk la sou Pastiy Kontwòl Vaksen ki make sou ti boutèy vaksen an.
- Si kare ki anndan sèk la pi klè pase sèk deyò a, **sèvi** ak vaksen an.
- Si kare ki anndan an gen menm koulè ak sèk deyò a oubyen kare a pi fonse pase sèk deyò a, **pa sèvi ak vaksen an**.
- Si kare ki anndan an kòmanse vin pi fonse men li pi klè pase sèk deyò a toujou, **sèvi** ak vaksen an anvan lòt vaksen ak kare anndan yo ki pi klè.



25 *Manuel de Gestion des Vaccins et de la Chaîne de Froid*, 74; *Immunization in Practice*, Module 3, 10–11.



## KOUMAN POU NOU LI PASTIY KONTWÒL VAKSEN (PCV) SOU TI BOUTÈY VAKSEN

swit

### Pastiy Kontwòl Vaksen (PCV) a di...

	Kare anndan an pi klè pase sèk deyò a <b>Si dat pou vaksen an fini poko pase, sèvi ak vaksen</b>
	Pi ta, kare anndan an pi klè toujou pase sèk deyò a. <b>Si dat pou vaksen an fini poko pase, sèvi ak vaksen an.</b>
	<b>Pwen final (dat la rive):</b> Kare anndan an vin menm koulè ak sèk deyò a. <b>PA SÈVI AK vaksen an. Avèti sipèvizè w la.</b>
	<b>Apre pwen final la (dat la fin pase)</b> Kare anndan an pi fonse pase sèk deyò a <b>PA SEVI AK vaksen an. Avèti sipèvizè w la.</b>

Anplis afè kontwòl ak tès souke a epi anplis Pastiy Kontwòl Vaksen, kontwole tout ti boutèy vaksen sou dat vaksen an fini, pou afè kontamine epi sizoka yo gate.

### Voye nenpòt ki kalite vaksen jete:

- Etikèt la rache.
- Dat vaksen an bout la pase.
- Ti boutèy vaksen an fele epi/oubyen li koule.
- Vaksen an gen ti kras k ap flote ladan.
- Vaksen an te anba dlo.



## KOUMAN POU NOU FÈ MELANJ POU VAKSEN AN FIN PARE<sup>26</sup>

*nan paj 68 liv patisipan an*

Fin pare vaksen vle di melanje yon vaksen ki an fòm yon poud ak likid pou delye li dekwa pou vaksen an tounen yon piki.


- Pa prepare vaksen toutotan ou pokò pare pou bay piki
- Sèl likid pou delye vaksen an se likid fabrik vaksen an prepare pou sa.
- Apre melanj lan, gen 6 èdtan depi li fèt oubyen nan finisman yon sesyon vaksinasyon, selon sa ki vin anvan, se jete pou nou jete vaksen ki te pare yo.

Vaksen	Poud	Likid pou deleye vaksen an
BCG	Glase tounen sèch; boutèy anpoul	Likid ki vin ansanm ak vaksen an
Lawoujòl	Glase tounen sèch; ti boutèy	Likid ki vin ansanm ak vaksen an
Ribeyòl		

26 *Immunization in Practice*, Module 6, 14–17

**KOUMAN POU NOU FÈ MELANJ POU VAKSEN  
AN FIN PARE**

swit



**Fin pare BCG ak vaksen pou lawoujòl ak ribeyòl.**

**1. Lave men nou.**

- Lave men nou ak dlo pwòp ak savon.

**2. Egzamine ti boutèy vaksen an oubyen anpoul vaksen an.**

- Pi fò vaksen vin nan ti boutèy, anwetan vaksen BCG a ki vin nan anpoul.
- Kontwole Pastiy Kontwòl Vaksen an (si gen youn) pou nou sèten dat pou sèvi ak vaksen pa pase.
- Li ki dat ki make pou vaksen an fini pou nou sèten pou nou kapab sèvi ak vaksen an toujou. Si dat la pase, voye vaksen an jete.

**3. Fè yon mouvman ak ti boutèy la oubyen ak anpoul la**

- Fè yon mouvman ak ti boutèy la oubyen fè yon ti teke l ak dwèt ou pou w sèten tout poud vaksen an nan fon ti boutèy la.

**4. Ouvri ti boutèy vaksen an oubyen anpoul la**

- Si ti boutèy la gen yon bouchon metal, leve mitan ti bouchon metal la epi ploye l pa dèyè nan sèvi ak bout plat yon bagay an metal.
- Si ti boutèy la gen yon bouchon plastik ak yon koulè, rache bouton plastik la ak pouz ou.



## KOUMAN POU NOU FÈ MELANJ POU VAKSEN AN FIN PARE

swit

### 5. Egzamine anpoul oubyen ti boutèy likid ou deleye a

- Gade anpoul oubyen ti boutèy ki gen likid pou deleye a pou nou sèten li pa fann ni li pa koule.

### 6. Li etikèt ki sou anpoul oubyen ti boutèy pou deleye a.

- Se pou nou sèten n ap sèvi ak likid pou deleye fabrik la voye ansanm ak vaksen an. Epi se pou nou sèten dat li poko pase.
- Sèvi ak sa fabrik la voye sèlman, kit anpoul, kit ti boutèy. Pou nou deleye poud vaksen an, pa sèvi ni ak dlo esterilize ni ak dlo sal ki sèvi pou deleye lòt bagay. Chak vaksen gen pwòp likid pa l ki pou deleye l san li pa dwe melanje ak okenn lòt bagay.

### 7. Ouvri anpoul an vè a.

- Grate kou ti boutèy la, nan sèvi ak yon ti zouti an metal ki vlope ansanm ak anpoul la. Epi kenbe tèt anpoul la ak yon twal pwòp, lè fini kase tèt la tou dousman.

### 8. Rale likid ou deleye a nan yon sereng pou fè melanj la.

- Pran yon sereng esterilize 5.0 ml pou fè melanj la. Sereng lan gen yon egwi esterilize 76mm18 ki fèt pou mezire. Fourie egwi a nan tèt anpoul ki louvri a. Fè piston an fè bak pou nou rale tout likid pou deleye nan sereng lan.
- Pa tounen sèvi yon lòt fwa ak sereng pou fè melanj yo nou dwe jete nan fatra aprè premye sèvis yo.

### 9. Fin pare vaksen an.

- Fourie sereng pou fè melanj lan nan ti boutèy vaksen an epi pouse piston an ak pouz nou pou nou vide likid pou deleye a nan vaksen an.
- Pou nou melanje likid pou deleye a ak vaksen an, rale yo vin nan sereng lan dousman epi voye tounen nan ti boutèy vaksen dousman. Refè mouvman sa a plizyè fwa.
- Mete sereng pou fè melanj lan ak egwi a nan bwat sekirite a apre nou fin sèvi ak li.

### 10. Poze vaksen ki fin prepare a ak sou sachè nan tèmòs vaksen an.

#### Egzamine anpoul oubyen ti boutèy likid ou deleye a.

- Gade anpoul oubyen ti boutèy ki gen likid pou deleye a pou nou sèten li pa fann ni li pa koule.

 **KOUMAN POU NOU FÈ PWOGRÈ NAN BAY PIKI  
SAN DANJE<sup>27</sup>**

*nan paj 71 liv patisipan an*

- Lave men nou oubyen dezenfekte yo anvan nou prepare materyèl pou piki. Kouvri nenpòt ki ti blese nan pwòp po nou.
- Kenbe men nou pwòp anvan nou bay piki.
- Sèvi ak sereng soloshot sèlman oubyen ak aparèy tou chaje pou piki soloshot.
- Sèvi ak yon sereng nèf, ak yon egwi nèf pou chak timoun oubyen pou chak fi.
- Egzamine pakèt ki gen sereng lan. Si pakèt la kreve, si li chire, si li domaje, voye sereng ak egwi jete.
- Toujou sèvi ak yon sereng esterilize pou nou prepare chak vaksen.
- Lè nou sèvi ak sereng ak egwi ki déjà sèvi, se pou nou sèten se ak enstriman esterilize byen pwòp n ap bay chak piki nou bay.
- Prepare chak piki n ap bay yon kote yo chwazi pou sa, yon kote ki pa sanble se la san ak dlo kò ta kab kontamine kichòy oubyen yon moun.
- Pa seche tèt ti boutèy ni pa netwaye po ak yon ti boul koton.
- Si po yon timoun ta sal anpil, lave kote y ap bay piki a ak dlo.
- Pa sèvi ak koton oubyen lenn mouye yo te sere nan yon vesò ki pa esterilize oubyen ki sèvi pou plizyè aktivite.
- Se toujou ak yon egwi esterilize pou nou pèse bouchon ti boutèy la.
- Pa janm kite egwi a nan bouchon ti boutèy la.
- Suiv konsèy yo bay pou sèvi ak tèl kalite pwodui, pou n sere yo epi pou n manyen yo.
- Voye jete nenpòt ki egwi ki vin an kontak ak kichòy ki pa esterilize nan pran tèl kalite prekosyon ki kòrèk la.
- Fè kòm si tout materyèl ki déjà sèvi kontamine.

<sup>27</sup> *Manuel de Normes Techniques et de Procédures du PEV en Haïti, 70; Immunization in Practice, Module 4, 6–7.*

## SESYON 16

# DEZAGREMAN VAKSEN KA LAKÒZ



**Metòd:** aktivite 2 moun ansanm



**Tan:** 30 minit



**Objektif yo**

**Patisipan yo ap kapab:**

- w. Rekonèt ti dezagreman ak yon dezagreman ki serye vaksen mennen.
- x. Eksplike ki konsèy pou yo bay yon paran si yon timoun remèt yon dezagreman ki serye.



**Preparasyon**

- Repase gran fèy pi ba a ki gen koze bay vaksen an.
- Men kesyon pou nou ekri sou yon gran fèy papye.
  - Ki vaksen ki lakòz yon dezagreman ki serye raman?
  - Ki dezagreman chak vaksen sa yo lakòz (raman)?
  - Chak fwa n ap bay youn nan vaksen sa yo, kouman n ap eksplike dezagreman serye sa yo ki kapab fêt yon jan pou paran yo konn sa pou yo fè si pitit yo ta remèt youn nan dezagreman serye sa yo, men, an menm tan tou pou paran pa vin pè dekwa pou yo pa ta vle pran lòt vaksen ankò.



**Materyèl**

- Tablo sou koze bay vaksen an nan paj 74 liv la
- Kesyon sou koze dezagreman ki ekri sou gran fèy papye a
- Gran fèy papye
- Kreyon pou make
- Tep pou kole



## ETAP YO



5 minit

1. Nan sesyon sa a, eksplike moun yo: yo pral repase ti dezagreman ak dezagreman serye vaksen kab lakòz. Epi ki konsèy pou yo bay paran an oubyen moun ki okipe timoun si yon timoun ta remèt yon dezagreman ki serye.

2. Di patisipan yo:

Sa enpòtan pou moun bay paran ak moun ki okipe timoun asirans nan eksplike yo pi fò dezagreman vaksinasyon lakòz se ti reyakson tou piti. Apre yo bay yon timoun vaksen, timoun nan kapab genyen:

**Yon ti doulè:** Kèk ti bebe kapab gen yon ti doulè piti, yon ti mak wouj, yon ti anfle kote yo ba yo piki a. Men, leplisouvan, sa disparèt nan 1, 2, 3 jou.

**Yon ti lafyèv:** Kèk ti bebe kapab gen yon ti lafyèv apre yo ba yo sèten vaksen.

**Yon ti kòche wouj poutèt vaksen BCG:** Nòmalman lè yo bay vaksen BCG a, yon ti boul parèt kote yo bay piki a, lepilsouvan li disparèt apre 30 minit. 2 semèn apre sa, yon ti kòche wouj parèt. Li gwosè yon bout kreyon yo taye. Ti kòche a rete konsa pandan 2 semèn toujou epi li geri, yon, ti mak 5mm rete. Sa montre timoun nan pran vaksen an byen pran.

**Ti bouton tankou grenn pitimi vaksen pou lawoujòl:** Sou chak 20 timoun, gen youn ki gen ti bouton ki dire 5 jou pou pi piti, 12 jou pou plis. Ti bouton yo abitye dire 2 gressoujòl.

Reyakson sa yo pa gen danje. Sa ki gen plis danje vre se kite yon tibebe san yo pa ba l vaksen, paske sa vle di li kab atrap yon maladi ki mennen lanmò. Antouka, nou dwe eksplike paran an oubyen moun ki okipe timoun nan: se raman vre vaksen kapab lakòz yon dezagreman ki serye. Nou pral repase dezagreman sa yo, kounye a.

3. Mande chak moun chèche tablo ki montre kouman pou nou bay vaksen nan paj 74 liv la. Eksplike tablo a.

Sa bay enfòmasyon sou dezagreman serye pou chak vaksen epi enfòmasyon moun yo deja jwenn sou kesyon bay chak vaksen pou ki sa epi ki lè.

- 4.** Separe moun yo fè pè (pè moun yo p ap menn ak pè ki t ap mennen lòt aktivite diferan).

Afiche kesyon nou prepare yo epi eksplike travay ki pou fèt la.

- 5.** Ansanm ak patnè w ou nan pè a, etidye tablo ki montre kouman pou nou bay vaksen paj 74 liv la. Sèvi ak tablo a pou nou reponn kesyon yo. Nou pa bezwen ekri kesyon yo. Men, pare kò n pou nou pale lè m mande nou reponn kesyon yo. N ap gen 10 minit pou nou travay :

- Ki ti dezagreman chak vaksen kapab lakòz?
- Ki vaksen ki bay dezagreman trè raman?
- Ki dezagreman serye ki konn fêt (raman nèt)?
- Lè n ap bay chak nan vaksen sa yo, kijan nou pral eksplike ni ti dezagreman, ni dezagreman serye ki kab rive dekwa pou paran yo konnen sa pou yo fè si yon moun ta gen yon dezagreman serye, men tou, yon jan pou paran yo pa vin pè dekwa pou yo pa ta vle pitit yo pran lòt vaksen ankò?



10 minit

- 6.** Bay pè moun yo 10 minit pou yo travay. Pandan y ap travay, ale vini. Se pou w sèten pè moun nan konprann travay la e y ap fè pwogrè. Bay pè moun yo avètisman 5 minit epi 1 minit.






15 minit




- 7.** Mande tout moun fè atansyon. Mande yon pè moun ki vle reponn nonmen dezagreman yon premye vaksen epi kijan yo ta eksplike yon paran oubyen yon moun ki okipe timoun sa a.
- 8.** Repete menm aktivite sa a ak lòt vaksen ki rete yo. Chak fwa, rele yon lòt pè moun diferan. Pandan n ap avanse, kontwole koze sou bay vaksen ki pi ba la a.
- 9.** Mande moun yo ki kesyon yo genyen sou dezagreman vaksen yo epi ki jan pou yo enfòme paran ak moun ki okipe timoun sou sa. Bay bon jan repons lan oubyen mande moun ki gen esprynas reponn.

## Vaksinasyon

### TABLO KI MONTRE KOUMAN POU NOU BAY VAKSEN<sup>28</sup>

nan paj 74 liv patisipan an

Vaksen	Konbyen dòz	Laj pou yo pran vaksen	Jan yo bay li	Kote yo bay li	Reyakson segondè	Rapèl vaksen
<b>BCG</b> Pwoteksyon kont Tibèkiloz	Yon sel dòz	Depi tibebe a fèt jiske 11 mwa			Ti Dezagremant Yon ti maleng ki pral geri Ka kite yon mak	—
<b>Polyo (VPO)</b> Pwoteksyon kont Polyo	Dòz 0	Lè tibebe a fet jiska 15 jou			Prèské pa genyen	Enn an apre twazyèm dòz la anvan li antre nan gran lekòl
	Dòz 1	1 mwa ½ ou byen 6 semèn				
	Dòz 2	2 mwa ½				
	Dòz 3	3 mwa ½				
<b>Vaksen Pantavalan</b> Pwoteksyon kont Epattit B/malady nan fwa, Meninjij/gwo maladi nan tèt, Difteri, Tetanòs, ak Koklich	Dòz 1	1 mwa ½			Fyèv, Doulè kote yo pike a, Kakite yon mak, Dyare, Vomisman, Timoun ap kriye, Ti grenn sou po a	Enn an apre twazyèm dòz la
	Dòz 2	2 mwa ½				
	Dòz 3	3 mwa ½				

Swit	Vaksen	Konbyen dòz	Laj pou yo pran vaksen	Jan yo bay li	Kote yo bay li	Reyakson segondè	Rapèl vaksen
Vaksen DTK Pwoteksyon kont Difteri, Tetanòs ak Koklich	Dòz 1	1 mwa ½				Ti Dezagremen Tifyèv Doulè kote yo pike Dezagremen Serye (tré ra) Moun k ap gen kriz lè ap pran premye dòz la	Enn an apre twazyém dòz a anvan li antre nan gran lekòl
Vaksen RR Pwoteksyon kont Lawoujòl ak Ribeyòl	Dòz 2	2 mwa ½					
Vaksen dT (pou gran moun)	Dòz 1	9 mwa rive 4 an 11 mwa				Ti reyakson segondè: Ti fyèv Doulè kote ki pike a Zòn kote yo pike moun nan anfie	—
Pwoteksyon kont Lawoujòl ak Ribeyòl	Dòz 2	3 mwa ½					
Vaksen dT (pou gran moun)	Dòz 1					Ti reyakson segondè: Ti fyèv Doulè kote ki pike a Bò deyò anwo bra gòch pou timoun	Premye rapèl apre 6 mwa apre dezyèm dòz epi 2 lòt rapèl yo chak 1 an
Pwoteksyon kont Difteri ak Tetanòs	Dòz 2	Fann 15–49 an					
Nan vyann						Bò deyò anwo bra gòch pou granmoun	

## SESYON 17

# BAY MANM KOMINOTE YO ENFÒMSYON SOU VAKSINASYON



**Metòd:** Jwèt wòl



**Tan:** 1 èd tan ak 30 minit



**Objektif**

Patisipan yo ap kapab:

- y. Eksplike kouman pou yo fè edikasyon pou fanmi yo chanje konpòtman sou kesyon vaksinasyon pandan vizit lakay ak nan pòs rasanbleman.



**Preparasyon**

- Tounen egzamine wòl moun ki nan gwoup nou an epi chanje sa ki bezwen chanje oubyen gwoup la.
- Tounen egzamine lis nou genyen ak efò pou moun chanje konpòtman ki make pi ba la a.



**Materyèl**

- Ki wòl ki genyen nan paj 108 liv la
- Enfòmasyon ak lis sou kominakasyon (Lis tout sa pou fè pou yon bon jan mwayen pou pale), bay konsèy (Prensip pou bay konsèy), ak chanjman konpòtman nan paj 99 liv la.



## ETAP YO



10 minit

- Eksplike moun yo nan sesyon sa a, yo pral fè kòm si yo pral pran tèt manman ak moun ki okipe timoun pou fè yo chanje konpòtman yo nan afè vaksen pou pitit yo. Pou sa fèt, fòk yo fè yo fè egzèsis tankou moun k ap jwe yon wòl.
- Mande chak moun chèche enfòmasyon sou komuniksyon, bay konsèy, ak chanjman konpòtman nan paj 99 liv la. Repase enfòmasyon an rapid ak moun yo.

**3.** Separe moun yo fè pè (pè moun yo pa p menm ak pè ki t ap mennen lòt aktivite diferan). Si sa kab fêt, mete yon moun ki gen esperyans ansanm ak youn ki pa gen esperyans eksplike ki sa pou yo fè.

- Toutalè, m pral bay chak pè moun yon wòl pou yo jwe.
- Brase-lide ak patnè w la sou kesyon ki konpòtman ki ta pi bon nèt, ki lòt konpòtman ki mwen bon, men ki ta pasab. Men, se pou nou sonje nan afè vaksen, sa nou dwe chèche toutbon se pi bon konpòtman nèt la. Tout timoun ak tout medam ki ansent dwe pran vaksen dapre pwogram nasyonal vaksinasyon an.
- Chwazi ki moun k ap jwe wòl manman an ak kilès k ap jwe wòl ajan ki ede fanmi an.
- Epi chwazi kisa ajan an ak manman an pral di epi kisa yo pral fè.
- Nan preparasyon wòl nou pral jwe a, repase enfòmasyon sou komunikasyon, bay konsèy ak chanjman konpòtman nan paj 99 liv la.
- Fè egzèsis kòm si n ap jwe wòl nou an.
- Wòl n ap jwe pa ta dwe pase plis pase 5 minit.
- N ap gen 20 minit pou nou prepare.



20 minit

**4.** Bay chak pè moun yo esplikasyon kout sou sa pou yo di, sa pou yo fè nan jwe wòl yo. Bay pè moun yo 20 minit pou yo travay. Pandan y ap travay, ale vini, pou w ede yo selon sa yo bezwen. Ba yo 10 minit, 5 minit, 1 minit avètisman.



10 minit

**5.** Mande premye pè moun yo vin devan epi jwe wòl yo. Apre 5 minit si aktè yo pokò fini, mande yo rete jwèt la.

**6.** Apre jwèt wòl la, mande yo bat bravo epi mande pè moun yo ret kanpe pou yo tandé remak lòt moun yo.

**7.** Mande patisipan yo kesyon pi ba yo epi ankouraje moun fè remak ki ede lòt yo epi ba yo kèk lide pou yo jwe wòl yo pi byen. Aktè yo pa gen pou yo eksplike pou ki sa yo jwe wòl yo tèl jan. Sèl bagay se pou yo koute remak yo epi pou y asepte yo:

- Kisa ajan ki ede fanmi an fè ki te byen reyisi?
- Poukisa li te byen reyisi?
- Kisa ajan an te kapab fè yon lòt jan ? Sa li te kapab fè pou l jwenn pi bon rezilta?



1 èd tan (oubyen plis si sa nesesè)

- 8.** Repete aktivite sa a pou plizyè pè moun selon tan nou genyen an. Se 10 minit chak pè moun ta dwe genyen (5 minit oubyen mwens pou wòl yo jwe a, epi 5 minit pou remak lòt moun yo).
- 9.** Sèvi ak anmizman oubyen ak ti pòz kout apre chak prezantasyon pou chofe patisipan yo.
- 10.** Mande ki lòt kesyon oubyen ki lòt lide moun yo genyen sou koze enfòme manm fanmi yo pou afè vaksen. Ankouraje moun nan gwoup la ki gen esperyans bay repons yo.



## LIS TOUT SA POU FÈ POU YON BON JAN MWAYEN POU PALE

*nan paj 99 liv patisipan an*

- Montre respè pou moun yo.
- Eksplike bagay yo aklè epi dousman.
- Poze kesyon pou asire moun yo konprann.
- Poze kesyon ouvè (pou fè moun pale), epi ankouraje de moun pale ansanm.
- Aprann epi rekonèt reyalite ak pwoblèm moun yo.
- Ankouraje moun yo fè konnen eksperyans ak opinyon yo, epi reyaji sou yo.
- Koute avèk anpil atansyon sa moun yo ap di a, epitou montre ou konprann.
- Obsèvre ekspresyon ak langaj kòporèl moun yo pou wè kijan w ap pale avèk yo.
- Montre ou gen konesans teknik (sou manje, vaksinasyon, sante manman, elatriye).
- Ranje sa w ap di a nan sitiyasyon ak reyalite moun nan.
- Pa bougonnen, pa pale anpil, oswa pa enpoze w sou moun yo.
- Aji kòm yon resous, men pa kòm yon otorite.
- Montre ou respekte kilti moun yo.
- Montre ou onèt sou sa ou kapab fè ak sa ou pa kapab fè.



## LIS TOUT SA POU FÈ POU MONTRE RESPÈ

*nan paj 100 liv patisipan an*

- Chache bon jan okazyon pou ou vin konnen chak manm fanmi an apa, epitou pou yo vin konnen w tou. Aprann non tout manm fanmi an, epi toujou site non yo lè w ap pale ak yo.
- Gade moun yo nan zye lè w ap pale avèk yo.
- Pale avèk chak moun apa (pa sèlman nan gwo gwoup).
- Ankouraje moun yo pale.
- Koute lide moun yo, epi fè yo dekouvri pwòp reyalite yo.
- Poze kesyon ouvè (pou fè moun pale) pou ou kapab aprann epi konnen sitiyasyon ak reyalite chak fanmi pi byen.
- Kite moun yo poze kesyon, epi reponn kesyon yo dapre tout sa ou konnen. Si ou pa konnen repons pou yon kesyon, di ou pa konnen, men w ap chèche konnen repons lan.
- Poze kesyon ouvè (pou fè moun pale) sou sa moun yo konnen deja ki gen rapò ak sijè w ap pale a.
- Ankouraje moun yo aprann enfòmasyon tounèf sou sijè w ap pale a. Pou fè sa, mete ti enfòmasyon tounèf nan sa moun nan konnen deja.
- Felisite moun nan sou sa li konnen sou sijè a epi pou fason li pratike.
- Aprann reyalite chak fanmi, epi rekonèt difikilte ak pwoblèm reyalite a.



### 1. Koute San Bay Repons

Moun kap koute sèvi sèlman ak komunikasyon san pale (kontak nan zye, souke tèt li), ak repons kout (uhuh, wi, ummm) pou montre enterè li, epitou pou ankouraje moun k ap pale a kontinye pale.

Teknik sa a ankouraje moun kap pale a pale san pwoblèm ak eksprime lide li yo.

### 2. Poze Kesyon pou Esplikasyon

Moun kap koute a poze moun kap pale a kesyon espesyal pou li kapab eksplike sa moun kap pale a ap di.

Teknik sa a ede moun kap koute a jwenn plis enfòmasyon sou sitiyasyon an pou li kapab konprann moun kap pale a pi byen. Sa ede moun kap pale a konsidere tout aspè sitiyasyon an oswa sijè a lè li reponn kesyon ki asosye avèk lide li yo. Teknik sa a kapab ede moun kap pale a ak moun kap koute a evalye lòt sitiyasyon ak solisyon posib yo.

### 3. Re-espesifye Lide yo

Moun kap koute a repete avèk pwòp mo pa li, sa li te konprann moun ki tap pale a te di.

Teknik sa a ede moun ki tap koute a asire li te konprann sa moun ki tap pale a te di. Sa pèmèt moun ki tap pale a tou eksplike nenpòt bagay moun kap koute a pa t konprann, paske li kapab tandem lide yo repete sou fòm rezime.



**Kenbe sekrè:** Toulède moun yo dakò yo pap pale enfomasyon yo diskite sou yo a ak okenn lòt moun ki nan kominate a.

**San Patipri:** Ajan Kore Fanmi an pa ta dwe kite valè pèsònèl li oswa konviksyon pèsònèl li parèt, epitou li pa ta dwe jije yon konpòtman oswa opinyon ki diferan.

**Konsiderasyon:** Ajan Kore Fanmi an ta dwe eseye konprann opinyon moun nan avèk objektivite san li pa montre pitye oswa san li pa kriye pou sitiyasyon moun nan.

**Onètete:** Ajan Kore Fanmi an ta dwe toujou di laverite ak bay enfòmasyon konplè.

**Respè pou Chwa Malad la:** Ajan Kore Fanmi an pa ta dwe senpleman bay konsèy oswa fè chwa pou moun nan; olye sa, li ta dwe devlope bon jan fason pou moun nan pou fè chwa ki kòrèk yo pou tèt li.

**Bon Kominikasyon:** Ajan Kore Fanmi an dwe montre respè, aprann sou reyalite fanmi yo, koute byen, poze keksyon ouvè (ki ankouraje plis pawòl), e ankouraje dyalòg.



- 1. Pa konnen** – moun nan pa menm konnen konpòtman an.
- 2. Konnen** – Moun nan konnen konpòtman an, men li poko pratike li; menmsi li ka anvizaje li.
- 3. Vle/Dakò** – Moun nan vin konnen konpòtman an, epi li anvizaje pratike konpòtman an; moun nan ka pran yon desizyon, li ka planifye fason pou fè sa, epitou moun nan ka gen bagay li bezwen pare li ka kòmanse pratik la.
- 4. Fè** – Moun nan te kòmanse pratike konpòtman an.
- 5. Temwaye** – Moun nan kontinye pratike konpòtman an pandan lontan.



## ETAP CHANJMAN KONPÒTMAN NEGOSYE

*nan paj 103 liv patisipan an*

### Premye Kontak

1. **Evalye sitiyasyon moun nan** pandan vizit nan kay la. Pou fè sa, obsève epi pale ouvè ki gen rapò ak sa moun nan ap pratike nan moman an. Chèche konnen nan ki etap chanjman moun nan ye.
2. **Identifye konpòtman ki pi bon** moun nan bezwen adopte pou li ka an sante (oswa pou timoun nan ka an sante).
3. **Bay lòt enfòmasyon** sou konpòtman ki pi bon an (avantaj li yo, danje pou pa pratike li, jan pou jwenn sèvis, elatriye) moun nan bezwen.
4. **Pwopoze konpòtman ki pi bon yo**, epi mande si moun nan vle eseye li.

### Dezyèm Kontak (lòt vizit)

1. **Chèche konnen** kijan moun nan ap kontwole tèt li avèk konpòtman pi bon ki tounèf la.
2. Si li gen difikilte avèk konpòtman tounèf la, **pale avèk li**.
3. **Identifye difikilte** li genyen yo.
4. **Ede li jwenn solisyon** pou abòde difikilte yo.
5. **Negosye** pou idantifye yon konpòtman entèmedyè ki abòde difikilte yo, menmsi se pa konpòtman ki pi bon yo.
6. Si li te adopte konpòtman tounèf la, **felisite** li, epi fè lwanj pou li.
7. **Fè yon rekòmandasyon tounèf** selon bezwen moun nan (oswa selon laj timoun nan).



## PLAN DETAYE POU YON PYÈS TEYAT SOU CHANJMAN KONPÒTMAN POU KOZE VAKSINASYON

nan paj 104 liv patisipan an

### Pyès teyat 1

Yon ajan pou kore fanmi ap vizite fanmi Antwanèt ak Fernet depi marasa yo fêt. Alis, manman marasa yo, te fè yo pran vaksen pou BCG lè yo te fêt nan sant sante a, men li an reta pou lòt vaksen yo dwe pran yo. Antwanèt ak Fernet gentan gen 2 mwa.

Kisa Ajan pou kore fanmi an ta dwe di? Kisa li ta dwe fè? Kouman manman an ap reyaji?

### Pyès teyat 2

Yon ajan pou kore fanmi fè premye vizit li kay Edi ak grann li. Se grann Edi ki okipe li. Edi gen ennan men li poko pran tout vaksen li. Grann Edi pa konprann kouman sa empòtan pou li pran vaksen kont lawoujòl.

Ki sa ajan pou kore fanmi an ta dwe di? Ki sa li ta dwe fè? Kouman grann nan ap reyaji?

### Pyès teyat 3

Yon ajan pou kore fanmi vizite Rene ki gen 3 mwa. Li remake dènye vaksen li te pran an gen yon reyaksyon ki pa grav sou li. Reyaksyon segondè yo pa grav men Klodèt, manman Rene, enkyete pou sa.

Kisa ajan pou kore fanmi an ta dwe di? Kisa li ta dwe fè? Kouman manman an ap reyaji?

### Pyès teyat 4

Se 4yèm vizit yon ajan pou kore fanmi ka Selès. Jiskaprezan, Selès fè yon bon travay pou koze vaksen, Lili, pitit li dwe pran. Lili deja pran vaksen BCG, 2 dòz polyo ak DTK men kounye a Selès doute si yon 3zyèm dòz nesesè. Li di li gen twòp travay pou li fè pou li ta jwenn tan pou li ale nan yon pòs rasanbleman.

Kisa ajan pou kore fanmi an ta dwe di? Kisa li ta dwe fè? Kouman manman an ap reyaji?

### Pyès teyat 5

Maksim gen 5 mwa epi li an sante. Mod, Manman li, mennen li nan sant kontwòl devlòpman chak mwa a toule mwa depi li fêt. Pandan yon vizit, Mod di ajan pou kore fanmi an li kòmanse bouke ak gwo liy ki gen nan pòs rasanbleman an. Li pa panse l ap retounen ak Maksim pou pwochen vaksen an.

Kisa ajan pou kore fanmi an ta dwe di? Kisa li ta dwe fè? Kouman manman an ap reyaji?



## **PLAN DETAYE POU YON PYÈS TEYAT SOU CHANJMAN KONPÒTMAN POU KOZE VAKSINASYON**

*swit*

### **Pyès teyat 6**

Yon ajan pou kore fanmi al vizite Ivàn, ki gen 2 timoun ki poko gen 5 an. Okenn nan yo pa resevwa sipleman vitamin A.

Kisa ajan pou kore fanmi an ta dwe di? Kisa li ta dwe fè? Kouman manman an ap reyaji?

### **Pyès teyat 7**

Ajan pou kore fanmi an al vizite Gloriya ki gen 4 mwa ansent. Se premye gwosè Gloriya. Li pa fin konnen sa li dwe fè pou gwosè la ka byen pase epi pou tibebe a ka an sante. Gloriya poko al fè konsiltasyon pandan li ansent lan. Kisa w ap di li pou vaksen li ka bezwen yo?

Kisa Ajan pou kore fanmi an ta dwe di? Kisa li ta dwe fè? Kouman manman an ap reyaji?

### **Pyès teyat 8**

Yon ajan pou kore fanmi an al vizite Idil nan dènye mwa gwosè li a. Se premye bebe Idil epi ajan pou kore fanmi an vle eksplike li ki pi bon fason pou li pwoteje bebe a pou li pa trape maladi grav tankou TB se pou li fè tibebe a pran vaksen.

Kisa Ajan pou kore fanmi an ta dwe di? Kisa li ta dwe fè? Kouman manman an ap reyaji?

### **Pyès teyat 9**

Medyaska mennen tifi li a ki gen 2 an kay ajan pou kore fanmi an. Medyaska enkyete anpil. Tibebe a malad, li gen lafyèv, vyann li yo rèd kòm si li t ap detire epi machwa li sere. Tibebe a pa pran tete depi maten.

Kisa Ajan pou kore fanmi an ta dwe di? Kisa li ta dwe fè? Kouman manman an ap reyaji?

### **Pyès teyat 10**

Yon Ajan pou kore fanmi vizite Mari Woz ki fèk dekouvri li ansent. Ajan pou kore fanmi an mande Mari Woz si li te pran vaksen kont tetanòs. Mari Woz di non.

Kisa Ajan pou kore fanmi an ta dwe di? Kisa li ta dwe fè? Kouman dam nan ap reyaji?

## SESYON 18 PÒS-TÈS 2



**Metòd:** Evalyasyon



**Kantite tan:** 30 minit



**Objektif**

**Patisipan yo ap kapab:**

- Evalye sa yo te aprann yo pandan fòmasyon an.



**Preparasyon**

- Korije pre-tès yo nan kòmansman fòmasyon sa a.
- Prepare pre-tès yo pou remèt patisipan yo.



**Materyèl yo**

- Kreyon oswa plim pou tout patisipan yo
- Fotokopi Pòs-tès la



**ETAP YO**

---



30 minit

1. Fè patisipan yo konnen y ap pran yon “pòs-tès” kounye a. Objektif pòs-tès la se pa pou jije patisipan yo, men pito pou asire fòmasyon sa a te satisfè bezwen yo. Pòs-tès la ap ede evalye si fòmasyon sa a bay bon jan rezulta, epitou l ap fè li vin pi bon pou fòmasyon pi devan yo.
2. Bay chak patisipan yon fotokopi pòs-tès la.
3. Anvan pòs-tès la, mande patisipan yo pou yo mete enfòmasyon anlè chak paj egzamen an, epi pou yo remèt li ba ou. Si yon patisipan pa konnen dat egzat li te vin yon Ajan Kore Fanmi, mande li pou ekri ane li te vin yon Ajan Kore Fanmi, epi note jou a kòm “30” ak mwa a kòm “6” (jen). Enfòmasyon sa yo ta dwe egzat avèk sa yo te ekri nan pre-tès la.

4. Fè patisipan yo konnen ou pral li kèk kesyon byen fò ki gen rapò ak mwayen pou pale. Patisipan yo ap reponn kesyon yo. Pou fè sa, y ap fè yon ti wonn nan pi bon repons lan pou chak kesyon ki nan pòs-tès yo.
5. Di patisipan yo si yo pa konnen repons pou yon kesyon, yo ta dwe kite kesyon an san repons.
6. Eksplike w ap fè premye kesyon an ansanm. Fè patisipan yo konnen kesyon sa a pa nan egzamen an; se sèlman pou pratik.
7. Li premye kesyon an ak repons posib yo byen fò. Mande yon volontè pou reponn, oswa reponn kesyon an poukout ou. Pou reponn kesyon sa a, patisipan yo ta dwe antoure repons ki sou papye yo.
8. Li rès kesyon pòs-tès la ak repons ki posib yo byen fò tou dousman, youn pa youn. Repete kesyon yo ak repons ki posib yo, jan li nesesè. Apre ou fin li chak kesyon, bay patisipan yo tan pou yo antoure repons lan.
9. Fè patisipan yo konnen ou pral konpare pòs-tès ak pre-tès la depi nan kòmansman fòmasyon an. Separe chak pre-tès ki korije bay chak patisipan.
10. Mande patisipan yo pou yo gade pre-tès korije yo ak dènye pòs-tès yo pou wè kote yo vin pi bon ak sa yo aprann nan. Fè patisipan yo konnen yo pa ta dwe fè okenn chanjman nan pòs-tès yo. Sa trè enpòtan.
11. Mande patisipan yo si yo gen nenpòt kesyon ki gen rapò ak egzamen yo, epi bay eksplikasyon yo, si li nesesè.
12. Ranmase pre-tès yo ak pòs-tès yo.



**KONSEY:** Apre fòmasyon an, egzamine rezulta pre-tès la ak pòs-tès la pou wè domèn kote patisipan yo te fè pi move nòt yo. Enfòmasyon sa yo ap ede ou fè fòmasyon bay bon jan rezulta pi devan. Pa egzanp, si anpil patisipan te jwenn yon kesyon patikilye pa bon nan pòs-tès la, ou ka bezwen eksplike yo sijè a nan plis detay lòt fwa w ap fè fòmasyon an.

## POS-TÈS 2

Non w: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Seksyon kominal: \_\_\_\_\_

Depi ki dat ou kòmanse kòm anplwaye sante kominote a oubyen kòm ajan kore fanmi a (mwa/ane)? \_\_\_\_\_

Fè yon wonn alantou lèt ki devan pi bon repons ou chwazi pou chak kesyon.

1. Lè n ap bay yon piki ak yon sereng soloshot, nou dwe:
  - a. Fè piston anndan sereng lan fè bak epi avanse plizyè fwa pou wete lè nan sereng lan.
  - b. Foure pwent egwi a sèlman nan ti boutèy vaksen an epi kenbe egwi a nan tèt ti boutèy la.
  - c. Pike egwi pou vaksen an fè yon ang 90 degré ak bra timoun nan oubyen ak janm li.
  - d. Ranpli sereng lan nan rale piston an fè bak jistan li rete otomatik**
2. Kilè ou ta dwe mete sereng ak egwi ki fin sèvi nan bwat sekirite a.
  - a. Touswit apre chak piki, mete sereng ak egwi ki fin sèvi nan bwat sekirite a. Ranpli bwat la byen ranpli nèt epi fèmen l.
  - b. Touswit apre chak piki, mete sereng ak egwi ki fin sèvi nan bwat sekirite a. Ranpli bwat la  $\frac{3}{4}$  (twa ka) epi fèmen l.**
  - c. Touswit apre chak piki, wete egwi a nan sereng nan epi mete egwi ki fin sèvi a nan bwat sekirite a. Ranpli bwat la rive  $\frac{3}{4}$  (twa ka) epi fèmen l.
  - d. Touswit apre chak piki, wete egwi ki fin sèvi a nan bwat sekirite a. Ranpli bwat la byen ranpli nèt epi fèmen l.
3. Pou n egzante traka egwi ki pike moun, kouman pou nou manyen egwi ak sereng?
  - a. Kouvri egwi a touswit apre ou bay piki a.
  - b. Mete gan lè n ap kenbe kò oubyen pwent yon egwi oubyen lè n ap sèvi ak egwi.
  - c. Pa janm manyen okenn pati egwi ni anvan, ni apre nou bay piki.**
  - d. Wete egwi a nan sereng lan ak anpil prekosyon apre nou bay piki a.

4. Lè n ap mete vaksen polyo a (OPV) nan bouch moun, nou dwe:
  - a. **Ouvri bouch tibebe a tou dousman epi kite 2 gout vaksen an tonbe nan konngout la sou lang tibebe a san konngout la pa touche lang tibebe a.**
  - b. Ouvri bouch ti bebe a tou dousman, fè konngout la touche lang tibebe a, epi peze fè 2 gout vaksen soti.
  - c. Lave bò machwa ak bouch tibebe a epi peze fè 2 gout vaksen tonbe nan bouch tibebe a.
  - d. Mande manman an ouvri bouch ti bebe a tou dousman epi kite 2 gout vaksen an sot nan konngout la tonbe sou lang tibebe a.
5. Lè nou fè tès ajitasyon pou nou kontwole si vaksen an domaje oswa li tounen glas, nou kab sèvi ak vaksen an si:
  - a. Apre souke a, koulè solisyon yo pa menm.
  - b. Apre souke a, poud nan vaksen an desann nan fon ti boutèy la vit menm jan ak sa ki nan ti boutèy kontwòl la ki te tounen glas.
  - c. **Apre souke a, likid la separe de ti poud la lè li fin poze pandan 30 minit.**
  - d. Apre souke a, glas nan vaksen an disparèt.
6. Nan PCV a, kilès ki montre vaksen an pa te twò domaje poutèt chalè a e yo mèt sèvi avèk li?
  - a. **Koulè desen kare ki anndan sèk la pi pal pase koulè rès sèk la**
  - b. Koulè desen kare ki anndan sèk la menm koulè ak rès sèk la
  - c. Koulè desen kare ki anndan sèk la pi fonse pase koulè rès sèk la
7. Lè nou melanje poud vaksen an ak likid la, nou dwe:
  - a. Fè melanj lan lavèy jou reyinyon an.
  - b. **Sèvi sèlman ak likid pou delye fabrik vaksen an bay la.**
  - c. Sere rès melanj ki fè vaksen pou reyinyon mwa pwochen an
  - d. Melanje poud vaksen an ak likid pou delye a, nan souke ti boutèy la pandan 1 minit.
8. Kisa nou dwe fè pou nou kontinye bay piki san okenn danje pòs rasableman an?
  - a. Sèvi ak yon sereng nèf soloshot pou chak piki.
  - b. Pa sèvi ak yon sereng ni ak yon egwi si anvlop ki vlope yo chire oubyen domaje.
  - c. Lave men nou byen lave ak savon ak dlo pwòp anvan nou prepare materyèl pou piki
  - d. **Tou le twa bagay sa yo.**

## Vaksinasyon

9. Ki 3 ti dezagreman vaksen BCG an konn lakòz?
  - a. **Yon ti mak blanch ki bay yon ti maleng ki ap kite yon ti mak, besejit.**
  - b. Yon ti blese wouj vaksen BCG a, dòmi nan je, pa anvi manje.
  - c. Kriye, pa anvi manje, dòmi nan je.
  - d. Yon ti lafyèv, touse lannwit, yon ti blese wouj vaksen BCG a.
10. Konbyen dòz yo bay pou vaksen RR e a kilaj:
  - a. De dòz, yonn a 4 mwa, lòt lan a 8 mwa
  - b. Yon sèl dòz a 9 mwa**
  - c. 2 dòz, yonn a 9mwa lot la a 1 an
  - d. Yon dòz a 6 mwa
11. A ki laj yon timoun dwe pran BCG:
  - a. Lè timoun lan gen 5 an
  - b. Lè timoun nan fèk fèt rive 11 mwa**
  - c. Lè timoun fin gen 1 an
  - d. Lè timoun lan gen 6 mwa
12. Ki kote yo bay vaksen dT:
  - a. Piki byen fon nan vyann.**
  - b. Piki anba po a.
  - c. Nan bouch.
  - d. Piki kole ak po

## SESYON 19

# EVALYASYON AK BWAT KESYON SEKRÈ



**Metòd yo:** Diskisyon an gwo gwoup ak evalyasyon ki ekri



**Tan:** 15 minit



**Objektif**

**Patisipan yo ap kapab:**

- Bay opinyon yo sou fòmasyon an.



**Preparasyon**

- Si ou planifye pou fè evalyasyon ki fèt nan pale, ekri kesyon evalyasyon ki nan etap 3 sou gwo fèy papye a oswa sou papye kaye nòt. Kite espas apre chak kesyon pou ou kapab note repons patisipan yo.
- Prepare Bwat Keson Sekrè yo.



**Materyèl yo**

- Kesyon evalyasyon ki ekri sou gwo fèy papye a oswa sou papye kaye nòt (si w ap planifye pou fè evalyasyon ki fèt nan pale)
- Fòm evalyasyon nan paj 108 Liv Patisipan an (si w ap planifye pou fè patisipan yo fè evalyasyon an alekri)
- Lis Tout Sa Pou Fè nan Fason Granmoun Aprann nan paj 102 Liv Patisipan
- Gwo fèy papye oswa kaye nòt
- Makè



**KONSEY:** Ou kapab fè evalyasyon ki fèt nan pale (etap 1–3), oswa mande patisipan yo pou yo detache ak ranpli fòm evalyasyon ekri a ki nan liv yo a. Men avantaj ki genyen lè ou fè yon evalyasyon ki fèt nan pale l: menm patisipan ki pa gen bon jan fason pou li ak ekri kapab patisipe san pwoblèm; lè ou poze kesyon pou fè moun yo pale sa ka kreye diskisyon ki itil; evalyasyon aloral la ka pran mwens tan pase evalyasyon ki ekri a.

**Men avantaj ki genyen lè ou mande patisipan yo pou fè yon evalyasyon ki ekri:** patisipan ki timid yo pi ka bay opinyon yo alekri pase nan pale; patisipan yo ka bay opinyon yo ki pi onèt si yo bay repons ekri poukонт yo olye yo fè sa pou tout moun ka tandé.



## ETAP YO



15 minit

- 1.** Di patisipan yo mèsi poutèt yo angaje epi aktif nan fòmasyon jodi a.
- 2.** Di patisipan yo ou ta renmen konnen sa yo panse sou fòmasyon sa a. W ap sèvi ak kòmantè epi opinyon sa a yo pou evalye ak rann fòmasyon pi devan pou yo vin pi bon, si li nesesè.
- 3.** Si ou chwazi fè evalyasyon nan pale, poze patisipan yo kesyon ki ekri anba la yo, epi ekri repons yo sou gwo fèy papye a (oswa sou kaye nòt la):
  - Ki aktivite fòmasyon ou te renmen pi plis? Poukisa?
  - Ki aktivite fòmasyon ou te renmen mwens? Poukisa?
  - Kisa ou te aprann ki te enpòtan pou sèvi nan travay ou?
  - Èske te gen yon bagay ou pa t konprann? Bay egzanp espesyal.
  - Ki rekòmandasyon w pou rann fòmasyon sa a vin pi bon? Kisa ou ta chanje? (Pa egzanp, ki aktivite, imaj ak foto, elatriye, ou ta renmen chanje?)
  - Ki lòt kòmantè ou genyen?
- 4.** Si ou chwazi pou fè patisipan yo fè evalyasyon ki ekri, mande patisipan yo pou jwenn fòm evalyasyon an nan paj 108 liv yo, epi pou yo detache li. Li kesyon evalyasyon an byen fò. Mande patisipan yo pou yo fè evalyasyon an. Pandan patisipan yo ap travay, mache nan sal la, epi bay èd, si li nesesè.
- 5.** Note epi konsève repons yo nan evalyasyon ki fèt nan pale a, oswa ranmase ak konsève fòm evalyasyon ki ekri yo.



5 minit

- 6.** Felisite patisipan yo poutèt yo fini sesyon fòmasyon sa a.
- 7.** Mande patisipan yo pou jwenn Lis Tout Sa Pou Fè nan Fason pou Grammoun Aprann ankò nan paj 102 liv yo. Mande patisipan yo ki rès kesyon yo genyen ki gen rapò ak responsabilite yo, epi reponn kesyon yo jan ou ta dwe reponn, oswa mande patisipan ki gen eksperyans yo pou reponn.



5 minit

- 8.** Retire kesyon yo nan Bwat Késyon Sekrè yo, epi reponn yo kòmsadwa (swa avèk tout gwoup la oswa avèk moun yo apa apre fòmasyon an).
- 9.** Di patisipan yo mèsi pou patisipasyon yo nan fòmasyon an. Di yo mèsi pou travay enpòtan y ap fè chak jou a.

## SESYON 20 ESTAJ



**Metòd:** Estaj



**Tan:** 1–2 jou



**Objektif yo**

**Patisipan yo ap kapab:**

- a. Demontre kouman pou yo bay vaksen ak piki avèk sereng ki bloke otomatik selon prensip ak règ ki la pou sa.
- b. Demontre kouman pou yo jete sereng ak egwi san danje.
- c. Demontre kouman pou yo sèvi ak sereng avèk egwi pou egwi a pa blese moun.
- d. Demontre kouman pou yo bay vaksen polyo a nan bouch.



**Preparasyon**

- Fè preparasyon depi davans pou fè patisipan yo vin nan sant sante a epi fè pratik bay vrè pasyan vaksen ak vaksen plasbo. Se pou nou sèten patisipan yo konnen ki lè pou yo rive ak ki kote pou yo vini. Fè preparasyon pou fè patisipan yo vini an ti gwoup epi mete 1 èdtan omwen pou chak ti gwoup, pandan tout 1–2 jou yo.
- Chèche yon lòt enfimyè omwen pou ede w pandan estaj la.
- Fè kopi Lis pou piki vaksen ak lis pou refè vaksen (si patisipan yo ap fè pratik refè vaksen) (omwen 2 kopi pou chak patisipan).



**Materyèl**

- Fè kopi lis pou piki vaksen ak lis pou refè vaksen pou tout patisipan yo
- Ase nan materyèl pi ba yo pou tout patisipan yo dekwa pou yo fè pratik bay vrè pasyan piki:
  - Sereng ak egwi soloshot
  - Savon likid ak aplikatè
  - Vaksen Plasbo
  - Ti boutèy vaksen polyo nan bouch ak konngout (sèvi ak ti boutèy ize ranpli ak dlo pou pratik)
  - Dlo pou delye plasbo, vaksen ki fè glas nan yon tanperati 8 degré, epi sereng melanj pou pratik refè vaksen (si sa nesesè)
  - Bwat sekirite



## ETAP YO

---

- 1.** Pou chak ti gwoup patisipan, demonstre teknik bay piki devan gwoup la.
- 2.** Mande chak patisipan pou yo bay pasyan yo yon vaksen plasbo pandan ou menm ak lòt enfimyè a ap gade.
- 3.** Pandan w ap gade, tcheke lis la pou w make kalite travay chak patisipan.
- 4.** Lè chak patisipan fini, egzamine lis la avèk yo epi evalye pèfòmans yo.
- 5.** Si patisipan an pa fè travay la byen, kite li pratike ankò jiskaske li reyisi. Fè yon nouvo lis pou chak praktik patisipan sa a fè.
- 6.** Fè menm demach la pou pratik refè vaksen an, si sa nesesè. Sèvi ak lis pou refè vaksen an pou ou evalye kalite travay patisipan yo.

## **PIKI VAKSEN**

### **Lis pou obsèvasyon**

*Mete yon tchek nan kare a pou chak etap patisipan an fini byen. Si patisipan an pa byen fini etap la, pa tcheke kare a:*

- Lave men w byen lave ak savon epi ak dlo pwòp.
- Fè manman an oubyen moun k ap pran swen timoun nan chita epi mete timoun nan chita sou janm li. Mande li pou li kenbe men ak pye timoun nan ki pa okipe yo.
- Retire sereng lan ak egwi a nan sachè plastik la (chire sachè a nan bò piston sereng nan) oubyen detache kapichon plastik yo.
- Mete egwi a nan tèt sereng nan si li pa te la deja.
- Retire kapichon egwi a san ou pa touche egwi a.
- Pa deplase piston sereng nan san rezon epi bat pou lè pa antre nan tib la; sa ap gate sereng nan. (Piston sereng nan dwe fè yon sèl va e vyen.)
- Foure egwi a nan ti boutèy vaksen an epi fè pwent egwi a touche dèyè ti boutèy la.
- Rale piston sereng nan pou ou ka ranpli sereng nan. Piston an ap kanpe pou kont li apre li fin pase mak 0.05 ml/0.50 ml la epi w ap tandé yon “klik.”
- Kite pwent egwi a rete nan likid la nèt pou ou ka sèten ou retire tout likid ki nan ti boutèy la.
- Retire egwi a nan ti boutèy la.
- Pou ou retire ti boul lè yo, kenbe sereng nan dwat epi teke kò sereng nan. Apre sa, pouse piston an pou rive nan mak pou bouche li a.
- Chèche kote pou bay piki a.
- Pouse piston sereng nan epi bay vaksen (nan vyann, nan po oubyen anba po, selon kalite vaksen an).
- Pa remete kapichon an nan tèt egwi a.
- Pa eseye sèvi ak sereng ki ka bloke a ankò. (Li bloke pou kont li apre yo fin sèvi avè l yon sèl fwa. Apre sa yo jete li.)
- Jete sereng nan ak egwi a nan yon bwat sekirite.

**Kantite kare ou tcheke:** \_\_\_\_\_

## REFÈ VAKSEN

### Lis remak

- Lave men w byen lave ak savon epi ak dlo pwòp.
- Egzamine anpoul ak dlo pou delye a oubyen ti boutèy la pou ou wè si li pa fann. Si li fann, voye li jete.
- Tcheke etikèt la pou ou ka sèten w ap itilize dlo pou delye konpayi ki fè vaksen an te voye ak vaksen an epi pou ou wè si dat l ap fini an poko pase.
- Sèvi ak si ki te vini ak anpoul la pou ou siye kou anpoul la. Souye li ak koton ak dlo pwòp epi mete anpoul la nan yon twal pwòp epi kase tèt la.
- Pran yon sereng 5.0 ml ki pa gen jèm maladi ak yon egwi 18 ki mezire 76 mm. Mete egwi a nan tèt anpoul la, kote ki ouvri a. Rale piston sereng nan pou ou ka rale tout dlo pou delye a antre anndan sereng nan.
- Kontwòle Pastiy Kontwòl Vaksen an ak dat vaksen an ap fini. Si Pastiy Kontwòl Vaksen an chanje koulè oubyen si dat vaksen an ap fini an pase, jete vaksen an.
- Teke ti boutèy vaksen an oubyen anpoul la pou ou ka sèten tout poud la chita nan fon boutèy la.
- Ouvri ti boutèy vaksen an. Pou ou fè sa, soulve mitan kapichon an metal la epi pliye li. Si ti boutèy la gen yon kapichon an plastik, pouse li soti ak dwèt pou ou.
- Foure sereng melanj lan nan ti boutèy vaksen an epi pouse piston an ak pou ou pou ou ka vide dlo pou delye a nan vaksen an.
- Melanje dlo pou delye a ak vaksen an. Pou ou fè sa, rale yo tou dousman nan sereng nan epi repouse yo nan ti boutèy vaksen an tou dousman. Fè sa plizyè fwa.

Kantite kare ou tcheke: \_\_\_\_\_



Ki aktivite fòmasyon ou te renmen pi plis? Pou kisa?

---

---

---

---

Ki aktivite fòmasyon ou te renmen mwens? Pou kisa?

---

---

---

---

Kisa ou te aprann ki te enpòtan pou sèvi ak yo nan travay ou?

---

---

---

---

Èske te gen yon bagay ou pa t konprann? Bay egzanz espesyal.

---

---

---

---

Ki rekòmandasyon ou pou rann fòmasyon sa a vin pi bon? Kisa ou ta chanje?  
(Pa egzanz, ki aktivite, imaj ak foto, elatriye, ou ta renmen chanje?)

---

---

---

---

Ki lòt kòmantè ou genyen?

---

---

---

---

Mèsi poutèt ou fè evalyasyon sa a.

## ESPLIKASYON POU SESYON REVIZYON



**Metòd:** Jwèt



**Kantite tan:** 30 minit



**Objektif**

**Patisipan yo ap kapab:**

- Revize tout objektif modil la.



**Preparasyon**

- Li kesyon jwèt la davans.
- Si w ap fè chwa 2 a, kreye yon boul lè ou woule yon gwo fèy papye. Ekri chak kesyon revizyon sou yon ti kat oswa sou yon bout papye. Kole kat yo oswa bout papye yo sou boul la avèk Tep.



**Materyèl yo**

- Kesyon revizyon
- Gwo fèy papye
- Makè
- Tep



**KONSEY:** Pou divèsite, ou ka sèvi ak lòt kalite jwèt pou revize olye sa ki anwo a. Pa egzanp: mande patisipan yo pou fè konpetisyon an de (2) alaplas ekip; olye yo poze ekip yo kesyon youn apre lòt, bay lis kesyon yo pou ekip yo, epi wè konbyen kesyon yo kapab reponn kòrèkteman lè yo bay repons yo pou yon moun ki deziyen nan yon sèten kantite tan; ekri kesyon yo sou kat yo, mete yo nan yon sache oswa nan yon bwat, pase sache a oswa bwat la, epi mande patisipan yo pou chwazi kesyon yo, epi pou reponn yo, elatriye.

**Chwa jwèt 1**

- 1.** Separe patisipan yo an 4 ekip. Pou fè sa, fè yo konte tèt yo pa gwoup 4 (1, 2, 3, 4, elatriye).
- 2.** Mande patisipan yo pou re-òganize tèt yo pou tout moun ki gen nimewo 1 yo chita ansanm, tout moun ki gen nimewo 2 yo chita ansanm, epi tout moun ki gen nimewo 3 yo chita ansanm, elatriye.
- 3.** Eksplike règ jwèt la:
  - M ap fè chanjman ant ekip yo, pou poze chak ekip yon kesyon alafwa.
  - Ekip yo ap gen 30 segonn pou diskite sou repons yo.
  - Si ekip la reponn nan fason ki kòrèk, l ap resevwa yon pwen.
  - Si repons premye ekip la pa kòrèk, lòt ekip la gen yon chans pou reponn kesyon an.
  - Si lòt ekip la reponn fason ki kòrèk, l ap resevwa yon pwen.
  - Si repons tout ekip yo pa kòrèk, pèsòn pap resevwa pwen, epi fòmatè a ap bay repons lan.
  - Pwochen kesyon an ap pou pwochen ekip la.
  - Lè jwèt la fini, ekip ki gen plis pwen yo se li ki genyen jwèt la.
- 4.** Kòmanse jwèt la epi jwe jouk lè ekip yo fin reponn tout kesyon yo (oswa jouk lè ou jwe pandan 30 minit konsa).
- 5.** Mete nòt la sou yon gwo fèy papye. Nan fen jwèt la, anonse ekip ki genyen an.
- 6.** Nan dènye jou fòmasyon an, make pwen chak ekip, epi anonse ekip ki genyen an.

**Chwa jwèt 2**

- 7.** Mande patisipan yo pou kanpe pou fòme yon sèk.
- 8.** Montre boul ou te prepare a, epi eksplike règ jwèt la:
  - N ap fè pas avèk boul la jouk lè yon moun lage li atè. Moun ki lage boul la atè dwe pran yonn nan kesyon yo, li kesyon li pran an byen fò, epi reponn kesyon an.

## **Vaksinasyon**

- Si moun nan gen pwoblèm pou reponn, li kapab mande lòt yon èd.
  - N ap kontinye fè pas avèk boul la jouk lè nou poze tout kesyon yo, epi jwenn repons kòrèk pou yo.
- 9.** Kòmanse jwèt la epi jwe jouk lè ou jwenn repons kòrèk pou tout kesyon yo (oswa jouk lè ou jwe pandan 30 minit oswa mwens).

## KESYON POU REVIZYON



**KONSEY:** Nou ka poze kesyon ki gen plizyè repsons yo plizyè fwa (nou mande yon repsons diferan chak fwa). Met sou sa, monitè yo ka chanje kesyon pou revizyon ki la deja yo oubyen tou yo ka prepare pwòp kesyon pa yo pou yo itilize pandan fòmasyon an.

### Kesyon pou revizyon

#### 1. Kisa yon vaksen ye?

(Yon vaksen se kichòy ki ranfose sistèm defans kò yon moun kont tèl maladi. Yon vaksen gen yon ajan ki tankou yon fòm fèb maladi a. Vaksen an ankouraje sistèm defans kò a pou li detwi ajan an epi pou li sonje sa tou dekwa pou sistèm defans kò a ka sonje nenpòt nan ti mikwòb piti yo epi pou l detwi yo pi devan. Sa vle di, si yon moun ta an kontak ak mikwòb ki lakòz maladi a, kò li ap ka konbat maladi a.)

#### 2. Kisa sistèm defans kò a ye?

(Sistèm defans kò a se defans kò nou kont enfeksyon ak maladi. Sistèm defans lan atake mikwòb ak bagay ki anvayi kò nou epi ki lakòz maladi. Sistèm defans lan se yon rezo selil, tisi ak ògàn k ap travay ansanm pou yo pwoteje kò a.)

#### 3. Poukisa vaksen enpòtan?

(Vaksinasyon pwoteje moun kont maladi ki danjere. Yon timoun ki pran vaksen kont maladi sa yo p ap trape yo. Yon timoun ki pa vaksinen gen plis chans pou li vin malad, pou li vin andikape pou tout vi li, pou li soufri malnitrisyon oubyen pou li mouri).

(Vaksinasyon pwoteje timoun ak fi ki nan laj pou yo fè pítit kont maladi ki danjere anpil ki ka gaye nan tout yon kominate epi ki ka touye anpil moun. Lè moun vaksinen, tout kominate a pi byen pwoteje kont maladi sa yo.)

(Fi ansent ki pran vaksen tetanòs p ap trape tetanòs ni yo p ap pase li bay pítit yo.)

#### 4. Kont ki maladi vaksinasyon an Ayiti pwoteje moun?

(Tibèkiloz, polyo, tetanòs, lawoujòl, difteri, koklich (gwo tous), ribeyòl, epatit B / maladi nan fwa, menenjit / gwo maladi nan tét, ak nemoni / gwo maladi nan poumon)

## Vaksinasyon

**5.** Ki moun ki ta dwe pran vaksen?

(*Tibebe ki pokogen ennan, timoun ant 1 an ak 4 an, fanm ansent, tout fi ki gen ant 15 an ak 49 an*)

**6.** Kòman yo bay vaksen?

(*Pa piki oubyen nan bouch*)

**7.** Ki prensipal ladrès Pwogram Vaksinasyn an?

- 1) *Pòs vaksinasyon*
- 2) *Vaksinasyon regilyè nan enstitisyon sante*
- 3) *Vaksinasyon pòt an pòt*
- 4) *Kanpay vaksinasyon*
- 5) *Jounen kominotè*
- 6) *Brigad vaksinasyon*

**8.** Ki gwoup Pwogram Elaji Vaksinasyon an vize?

- 1) *Timoun ki pokogen 1 an*
- 2) *Tout timoun ki gen ant 1 an ak 4 an*
- 3) *Fanm ansent*
- 4) *Tout timoun ki gen ant 15 ak 49 an*

**9.** Ki prensipal siy ak sentòm tibèkiloz?

(*Touse san rete, touse san, doulè lestomak, lafyèv ak lafyèv frison, swe nan nwit, vin mèg, fatig*)

**10.** Ki prensipal siy ak sentòm polyo?

(*Lafyèv, poupou dlo, anvi vomi, mal tèt, mis, ponyèt ak mis janm yo vin fèb, yo lage epi ou pa ka kontwole yo byen epi apre yo vin paralize nèt, gen moun ki trape jèm polyo a men ki pa janm devlope sentòm maladi a*)

**11. Ki prensipal siy ak sentòm tetanòs?**

(Machwa ou ak kou ou rèd, ou gen pwooblèm pou ou vale, mis vant ou rèd epi mis yo vin ratresi, kò ou koube tankou yon pon, w ap swe, ou gen lafyèv; tibebe ki fèk fèt sispann pran tete (manje) ant 3 jou ak 28 jou apre yo fin fèt epi kò yo vin rèd epi yo kontinye, mis yo ratresi plis; yo rele sa tetanòs timoun ki fèk fèt.)

**12. Ki prensipal siy ak sentòm lawoujòl?**

(Gwo lafyèv pandan 1–7 jou, bouton, sa vle di yon kote sou po a ki wouj, ki plat epi kou plen ak yon seri ti boul, dyare, nen fè dlo, je fè dlo, mak blanch anndan bouch yo; ka lawoujòl ki grav konn lakòz moun trape nemoni oubyen yo vin avèg)

**13. Ki prensipal siy ak sentòm difteri?**

(Mal gòj, pèdi apeti, ti lafyèv, feblès, chè ble tire sou blanch oubyen gri nan gòj ak nan lalwèt ou nan 2–3 jou, gòj ou ka senyen, pwooblèm pou vale, kou anfle anpil ki vin lakòz gòj ou bouche)

**14. Ki prensipal siy ak sentòm koklich?**

(Nen w ap fè dlo, je w ap fè dlo, w ap estènen, lafyèv, ti tous òdinè nan kòmansman; tous la vin pi grav apre, li ka dire 1–2 mwa; Lè atak tous yo ou ka tousé anpil nan kòmansman epi apre ou vin fè yon gwo tousé kòm si gòj ou t ap chire alafen (anpil fwa, sa rive leswa); apre atak tous yo, ou ka vomi epi ou ka santi ou fatige anpil; ou ka ratresi epi ou ka gen kriz (latranblad); zorèy ou ka fè w mal anpil (anndan zorèy ou vin anfle); kò a pèdi dlo)

**15. Ki prensipal siy ak sentòm ribeyòl? Kijan li ka frape tibebe a?**

(Ti boul tankou ti grenn pitimi sou tout kò a, dè kou anfle, doulè nan zo, lafyèv, mal tèt, gwo doulè je)

(Nan gwo pwoblèm tibebe a ka genyen gen katarat, pwoblèm kè, pwoblèm fwa, dyabèt, li ka fèt tou mouri, li ka soud, maladi larat)

**16. Ki prensipal siy ak sentòm menenjit/gwo maladi nan tèt? Ki jan li ka frape tibebe a?**

(Pou timoun ki gen plis pase 1 an: doulè nan kou oubyen nan do, mal tèt, vomisman, kou vin red, kriz)

(Pou tibebe ki poko gen 1 an: dòmi twòp refize manje, kriye lè nou eseye kenbel nan bra, kriye san li pa kanpe, mitan tèt la bonbe, konpòtman chanje)

## Vaksinasyon

**17.** Ki prensipal siy ak sentòm maladi nan fwa? Kijan li ka frape tibebe a?

(*Vomisman, fatig, pa vle manje, gratèl sou tout kò a, doulè nan fwa, po ak je vin jòn, pipi vin koulè fonse, poupou vin koulè gris*)

(*Pi souvan nou pa wè sentòm nan timoun.*)

**18.** Ki dokiman ou ka tcheke pou ou konnen ki vaksen ou dwe bay, kilè ou dwe bay li ak ki dòz ou dwe bay?

(*Kalandriye vaksinasyon nasyonal*)

**19.** Pou yon vaksen bay rezulta, konbyen dòz yo dwe bay?

(*Gen vaksen yo bay yon sèl fwa, gen lòt ki mande 2 oubyen 3 dòz.*)

**20.** Kilè yon fi ki gen ant 15 ak 49 an ta dwe resevwa vaksen tetanòs?

(*Kou yo gen laj pou yo fè pitit oubyen kou yo ansent, apre sa yo dwe pran 4 lòt dòz*)

**21.** Ki vitamin yo bay tibebe ak timoun ki poko gen 5 an? Pou ki sa yo ba yo li?

(*Vitamin A; si yon moun pa resevwa kont vitamin A, li ka vin pa wè nan nuit oubyen tou li ka pa wè jan li ta dwe wè nan nuit ak nan zòn ki pa byen klere. Timoun ki poko gen 5 an pi an danje toujou paske je yo ap devlope toujou.*)

**22.** Kilè yo bay Vitamin A?

(*Dòz la depann de laj timoun nan epi si timoun nan nan tete ak si li pa nan tete (si li poko gen 6 mwa)*)

**23.** Nan yon pòs rasanbleman, ki sa ou ta dwe fè pou ou konnen ki vaksen yon timoun dwe resevwa?

1) *Gade kat vaksen timoun nan pou w konn laj li, mande paran yo, eksetera.*

2) *Chèche konnen ki vaksen timoun nan déjà pran nan kat vaksinasyon li, mande paran an oubyen tcheke kaye vaksinasyon an.*

3) *Tcheke kalandriye vaksinasyon nasyonal la pou ou gade ki vaksen timoun nan bezwen.*

- 24.** Si paran an pa konnen si timoun nan te vaksinen, epi si sa pa make nan kaye vaksinasyon an, ki vaksen ou ta dwe ba li?

(*Ba li dòz tout vaksen li bezwen.*)

- 25.** Kouman ou ta dwe motive moun yo pou yon seyans vaksinasyon nan yon pòs rasanbleman?

(*Chwazi yon kote pou moun reyini; chwazi yon dat ak yon lè; kontakte lidè kominate a ak òganizasyon kominate a epi mande yo pou yo pale tout manm kominate a de pòs rasanbleman ou pral fè a; òganize yon reyinyon nan kominate a 2 ou 3 jou anvan pòs rasanbleman an epi envite tout manm kominate a. Nan reyiyon an, eksplike enpòtans vaksinasyon ak ki moun ki dwe pran vaksen.*)

- 26.** Ki materyèl ou bezwen pou yon seyans vaksinasyon nan yon pòs rasanbleman?

(*Savon ak sèvyèt pou laven men, tèmòs ki gen brikèt glas ak vaksen ladan yo, sereng soloshot, aplikatè, savon likid, si pou ouvri anpoul yo, bwat sekirite, bwat fatra, kat vaksinasyon, rejis vaksinasyon ak kaye vaksinasyon, fèy enskripsiyon, papye ak kreyon oubyen plim, Vitamin A, medikaman pou vè*)

- 27.** Lè w ap prepare espas pou ou bay vaksen nan yon pòs rasanbleman, ki bagay ki pi enpòtan ou dwe fè?

(*Rive bonè.*)

(*Tèmòs la ta dwe nan lonbraj.*)

(*Bagay pou moun lave men yo ta dwe bò kote ajan kore fanmi k ap bay vaksen an.*)

(*Ajan pou kore fanmi k ap bay vaksen an ta dwe chita oubyen kanpe ant timoun nan ak tout egwi oubyen tout bagay ki file.*)

(*Ajan pou kore fanmi k ap bay vaksen an ta dwe chita oubyen kanpe pou li ka wè twou bwat sekirite a fasil epi pou men li ka touche li fasil dekwa pou li pa pike lè l ap jete egwi ki déjà sèvi yo.*)

(*Ajan pou kore fanmi k ap bay vaksen an ta dwe chita oubyen kanpe pou li ka jete sereng ak egwi ki déjà sèvi yo san li pa bezwen ni mete yon lòt kote ni monte desann kote li lage yo a.*)

(*Ajan pou kore fanmi an ta dwe kite yon sèl timoun ak yon sèl paran oubyen [moun k ap okipe timoun nan] antre nan espas vaksen an an menm tan.*)

## Vaksinasyon

(*Si gen plis pase yon ajan pou kore fanmi k ap bay vaksen, chak ajan pou kore fanmi dwe gen pwòp bwat sekirite pa yo.*)

(*Chak ajan pou kore fanmi k ap bay vaksen ta dwe gen rejis vaksinasyon ak kaye vaksinasyon an sou men pou yo ka make enfòmasyon yo touswit apre chak timoun oubyen chak fi fin vaksinen.*)

- 28.** Ki mesaj ki pi enpòtan ou dwe bay paran yon timoun k ap pran vaksen oubyen moun k ap ba li swen an oubyen tou fi k ap pran vaksen pou tetanòs?

(*Montre ou gen respè pou yo.*)

(*Eksplike ki dòz vaksen timoun nan pral pran, ki dezagreman sa ka lakòz, sa pou yo fè si ta gen dezagreman epi ki lè ak ki kote pou yo ale pou pwochen dòz vaksen an.*)

- 29.** Kouman ou ta dwe jele brikèt glas yo?

*Ranpli brikèt glas yo ak dlo men kite yon ti espas pou lè pase nan tèt brikèt glas yo epi bouche yo byen yo bouche.*

*Kenbe chak brikèt glas tèt anba epi peze li pou ou ka sèten li pa koule.*

*Mete brikèt glas yo kanpe oubyen kouche nan frizè a pou chak brikèt glas ka touche plato evaporatè a epi fèmen pòt frizè a byen fèmen.*

*Kite brikèt glas la nan frizè pandan 24 èd tan omwen pou li ka tounen glas.*

*Apre pòs rasanbleman an, remete brikèt glas yo nan frizè a (Ou pa bezwen replen brikèt glas yo ak dlo chak fwa ou fin sèvi ak yo. Sèvi ak menm dlo a ankò.)*

- 30.** Kouman epi poukisa ou ta dwe prepare brikèt glas yo?

(*Lè ou prepare brikèt glas, sa ap anpeche vaksen ki jele fasil pou yo pa jele.*)

(*Lè brikèt glas yo fin jele, kite yo rete nan tanperati nòmal kay la jiskaske glas la kòmanse fonn epi li kòmanse fè dlo. Souke brikèt glas yo epi koute si yo gen dlo pou ou wè si yo prepare.*)

- 31.** Kouman w ta dwe ranpli yon tèmòs?

1. *Pran tout brikèt glas ki jele ou bezwen yo nan frizè a epi fèmen pòt la byen fèmen.*

2. *Kite brikèt glas yo chita nan tanperati nòmal kay la jiskaske yo kòmanse fè dlo pou yo ka prepare.*
3. *Mete brikèt glas ki prepare nan toule 4 bò tèmòs la.*
4. *Mete vaksen yo ak dlo pou delye yo nan mitan tèmòs la.*
5. *Mete yon endikatè friz nan sache a ak vaksen an.*
6. *Mete sache ki pou anpeche vaksen yo an kontak ak brikèt glas yo.*
7. *Fèmen tèmòs la byen fèmen.*

**32. Kouman pou yo jete bwat sekirite ak fatra nan seyans vaksinasyon yo?**

(*Mete chak egwi ak sereng nan yon bwat sekirite touswit apre w fin sèvi ak yo.*)

(*Lè bwat sekirite a  $\frac{3}{4}$  plen, fèmen li.*)

(*Nou dwe jete tout bwat sekirite ak tout fatra byen. Nou ka mete yo anba tè, oubyen nou ka boule yo nan twoou pou jete fatra, nan twoou pou nou jete vaksen, nan twoou pou n ou boule fatra, nan yon doum an fè pou jete fatra oubyen yon ensineratè.*)

**33. Ki eleman tanperati ki pèmèt moun konsève vaksen, epi ki wòl ou jwe nan konsève eleman sa yo?**

(*Chenn tanperati frijidè = konpayi ki fè vaksen, ayewopò nasyonal, prensipal kote yo konsève vaksen yo, dezyèm kote yo konsève vaksen, sant sante, ajan pou kore fanmi, timoun ak fi k ap pran vaksen.*)

(*Wòl ajan pou kore fanmi an se kenbe vaksen an nan yon tanperati ki ant  $+2^{\circ} - +8^{\circ}$  santigrad pandan y ap pote li soti nan sant sante ale nan pòs rasableman an, jiskaske yo bay yon timoun oubyen yon fi chak vaksen yo.*)

**34. Kisa w ta dwe fè lè w ap bay vaksen pou ou pwoteje tèt ou kont piki epi pou evite pou egwi yo pa pike ou?**

(*Pa touche okenn pati nan egwi a oubyen adaptè a; touche kò egwi a ak tèt piston an sèlman.*)

(*Mete yon bwat sekirite bò kote tout moun k ap bay vaksen dekwa pou yo ka jete tout sereng ak egwi ki déjà sèvi touswit.*)

(*Pa retire egwi ki déjà sèvi ak dwèt ou.*)

(*Pa mache ak sereng oubyen egwi ki déjà sèvi nan zòn iminizasyon an oubyen nan espas vaksen an.*)

(*Pa remete kapichon nan tèt egwi yo.*)

## Vaksinasyon

(Rale vaksen an, bay vaksen an, epi mete sereng nan nan bwat sekirite a san ou pa depoze li okenn kote anvan ou fini.)

(Fèmen bwat sekirite a lè li  $\frac{3}{4}$  plen.)

(Pa netwaye fatra medikal ak dwèt ou.)

(Byen lave men ak po ki te kontamine ak san oubyen ak lòt likid ki soti nan kò moun touswit.)

### 35. Kouman ou ta dwe bay vaksen polyo pa bouch la?

(Mande paran an oubyen moun k ap bay swen an pou li kenbe tibebe a epi pou li kenbe tèt li yon ti jan kage dèyè.)

(Ni manton tibebe a, ni de bò figi li ta dwe sèch. Konsa sa vaksen polyo pa bouch la gen mwens chans pou li gaye.)

(Ouvri bouch tibebe a tou dousman, swa ak pouss ou oubyen peze bò figi tibebe a ant dwèt ou.)

(Kite 2 gout vaksen an tonbe sou lang tibebe a. Pa kite konngout la touche tibebe a.)

### 36. Ak ki 3 mwayen ou ka sèvi pou ou bay yon vaksen ak piki?

(Nan vyann (ang  $90^\circ$ ); anba po (ang  $45^\circ$ ); anba po (ang  $15^\circ$ )).

### 37. Kijan ou ta dwe tcheke si jèl pa gate yon vaksen?

(Fè tès souke a avèk ti boutèy kontwòl la epi ak chak ti boutèy tès yo. Apre ou fin souke yo, mete chak ti boutèy chita yon kote ki plat epi ki pa souke epi gade yo pandan poud ki nan vaksen yo ap poze. Mete toude ti boutèy yo kòtakòt nan limyè epi konpare yo. Si poud ki nan vaksen w ap teste a poze pi dousman pase sa nou te jele espre a, sèvi ak vaksen ki nan ti boutèy tès la. Si poud ki nan boutèy tès la poze vit menm jan ak sa ki nan boutèy nou te jele espre a, pa sèvi ak vaksen sa a. Jete li. Si ou pa ka fè tout melanj lan gen menm koulè nan ti boutèy w ap teste a malgre ou souke li anpil, pa sèvi ak vaksen an. Jete li.)

### 38. Kouman ou ta dwe tcheke si chalè pa gate yon vaksen?

(Tcheke Pastiy Kontwòl Vaksen an. Si kare ki anndan an pi klè pase sèk ki deyò a, ou mèt sèvi ak vaksen an. Si kare ki anndan an menm koulè ak sèk ki deyò a oubyen li pi fonse pase li, pa sèvi ak vaksen an. Si kare anndan an kòmanse vin fonse menm si li pi klè toujou pase sèk deyò a, sèvi ak vaksen sa a anvan ou sèvi ak lòt sa ki gen kare ki pi klè yo.)

- 39.** Anplis lè ou jete vaksen jèl oubyen chalè gate, ki lòt lè ou ta dwe jete yon vaksen?

(*Si dat pou vaksen an fini déjà pase, si etikèt la soti, si ti boutèy vaksen an koule oubyen si li gen fant, si vaksen an gen yon seri ti kras k ap flote ladan.*)

- 40.** Ki prensipal dezagreman vaksen an lakòz?

(*Kote ki pran vaksen an ka on ti jan fè mal oubyen li ka anfle; kò moun nan ka grate li pandan 1–2 jou apre vaksen kont lawoujòl; yon maleng wouj apre yo pran vaksen BCG a.*)

- 41.** Ki dezagreman vaksen lakòz ki mande pou ou mennen yon timoun nan sant sante touswit?

(*Kriz, gwo lafyèv.*)



**NÒT**

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

## PRE-TÈS 1

Non w: \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_

Seksyon kominal: \_\_\_\_\_

Depi ki dat ou kòmanse kòm anplwaye sante kominote a oubyen kòm ajan kore fanmi a (mwa/ane)? \_\_\_\_\_

**Fè yon wonn alantou lèt ki devan pi bon repons ou chwazi pou chak kesyon.**

1. Timoun ak fi, ki nan laj pou fè ptit, ta dwe pran vaksen paske?
  - a. Vaksinasyon pwoteje moun kont yon seri maladi ki kapab kokobe oswa touye moun.
  - b. Vaksinasyon bay vitamin ki ede kò moun gen fòs, ki ede yo ret an sante.
  - c. Vaksinasyon pwoteje moun kont Viris Sida epi nemoni.
  - d. Vaksinasyon ede moun egzante malnitrisyon.
  
2. Ki estrateji Program Elaji Vaksinasyon itilize?
  - a. Ti liv ak anons vaksinasyon nan radyo.
  - b. Vaksinasyon nan pòs rasanbleman, pase bay vaksen nan chak kay, kanpay nasyonal, epi jounen vaksinasyon nan komin.
  - c. Edikasyon sou kesyon vaksinasyon nan lekòl, nan legliz epi edikasyon nan kominote a.
  - d. Program Elaji Vaksinasyon nan lopital, nan lekòl tou.
  
3. Ki prensipal siy ak sentòm maladi tetanòs?
  - a. Tous pase 2 semenn, swe anpil pandan lannuit, epi lafyèv.
  - b. Gòj ak kou anfle. Moun mal pou vale. Gwo tèt fè mal.
  - c. Ti bouton tankou grenn pitimi sou tout kò a. Dèyè kou anfle. Gwo tèt fè mal.
  - d. Machwa a rèd, ak kò li rèd epi kriz.
  
4. Siy ak sentòm maladi lawoujòl:
  - a. Dyare ak gwo lafyèv.
  - b. Tach wouj parèt sou tout kò moun epi yo gen gwo lafyèv.
  - c. Ti bouton tankou ti grenn pitimi, je ak nen kouri dlo.
  - d. Gwo tous ki depase yon mwa. Doulè nan poumon. Krache san.

5. Le w'ap vaksinen yon timoun oswa yon fanm ki premye bagay ou dwe fè?
  - a. Mande paran oubyen fanm nan ki vaksen li pran deja
  - b. Gade wè si gen yon mak vaksen BCG nan bra timoun nan
  - c. Verifye kat vaksen moun nan
  - d. Bay tout vaksen ki bon pou timoun nan oubyen pou fanm nan selon laj yo
6. Nan ki dokiman w dwe gade pou w jwenn a ki laj pou ou bay chak vaksen?
  - a. Bwat Imaj fòmasyon an
  - b. Kalandriye Vaksinal la
  - c. Kat sante fi yo
  - d. Esplikasyon sou ti boutèy vaksen yo
7. Ki pi bon mwayen ki genyen pou nou sèten paran ap mennen timoun yo pran vaksen nan pòs rasanbleman?
  - a. Afiche yon gwo afich nan kominate a pou anonse pòs rasanbleman an.
  - b. Blame paran ki pa te vini nan dènye reyinyon mwa nan pòs rasanbleman an.
  - c. Distribye fèy anons legliz ki nan kominate yo.
  - d. Fè vizit nan kay pou fè yo sonje epi òganize yon reyinyon katye.
8. Ki materyèl kap itil nan yon pòs rasanbleman?
  - a. Sereng soloshot, tèmos ak vaksen, bwat sekirite, kousinè, rejis ak kaye vaksinasyon, sache poubèl, koton, dlo, savon.
  - b. Sereng soloshot, bwat vaksen chaje ak vaksen ak kaye vaksinasyon.
  - c. Sereng soloshot, kat vaksinasyon, bonbon pou timoun, boul koton.
  - d. Sereng soloshot, bwat vaksinasyon chaje ak vaksen, rejis ak kaye vaksinasyon.
9. Ki mezi sekirite pou nou pran lè n ap bay vaksen nan yon pòs rasanbleman?
  - a. Ajan kore fanmi yo dwe rete kanpe.
  - b. Ranje tout sereng yon kote timoun pa ka manyen yo.
  - c. Chak ajan kore fanmi yo ki pral bay vaksen dwe kapab bay 2 oubyen 3 timoun piki ansanm.
  - d. Bwat sekirite pou moun mete sereng ak egwi ki sèvi yo, se pou yo mete l yon kote ki lwen ak kote yo bay vaksen yo.

- 10.** Ki enfòmasyon enpòtan ajan kore fanmi dwe bay responsab timoun yo?
- Pou ki maladi vaksen sa yo bon, ki jan yo pral bay tèl vaksen, sa ki pral rive si timoun nan manke tèl dòz vaksen
  - Ki sa ki pral rive si timoun nan manke kèk dòz vaksen, ki pwoblèm vaksen yo kapab bay, ki jan pou nou fè pou timoun nan sispann kriye.
  - Ki dòz vaksen y a bay timoun nan, ki malèz vaksen an ka bay, sa pou nou fè lè gen malèz, ki lè epi ki kote pou timoun nan tounen pou lòt dòz vaksen yo.
  - Malèz vaksen yo kapab bay, sa pou fè si vaksen yo bay malèz, ki jan yo pral bay tèl vaksen, kisa ki pral rive si timoun nan manke kèk dòz vaksen.
- 11.** Ki 3 premye bagay ou ta dwe fè pou w bay yon timoun yon vaksen?
- Mande pou w wè kat vaksinasyon timoun nan. Blame responsab timoun nan si li potko pran vaksen. Bay timoun nan vaksen li bezwen yo.
  - Di paran an mèsi paske li vini. Bay timoun nan vaksen li bezwen yo. Make kat vaksinasyon timoun nan.
  - Mande pou w wè kat vaksinasyon timoun nan. Bay timoun nan vaksen li bezwen yo. Eksplike ki maladi vaksen yo pral fè li egzante.
  - Di paran an mèsi paske li vini. Mande pou w wè kat vaksinasyon timoun nan. Eksplike pou ki maladi w ap bay vaksen an.
- 12.** Ki jan ou ta dwe prepare brikèt pou mete nan tèmos vaksen?
- Ranpli brikèt yo ak dlo. Pa plen brikèt la nèt. Kontwole brikèt yo pou w wè si yo pa koule. Pa mete brikèt yo pil sou pil, kite yon ti espas pou lè pase. Kite brikèt yo tounen glas pandan 24 èd tan pou pi piti. Lè brikèt yo fin fè glas, kite kouch nèj ki sou li fè yon ti fonn tou piti anvan w mete l nan tèmòs.
  - Ranpli brikèt yo ak dlo. Kite brikèt yo tounen glas pandan 24 èd tan pou pi piti. Retire brikèt yo nan frizè a epi mete yo nan tèmos vaksen an touswit.
  - Ranpli brikèt yo ak dlo, pa fin plen yo. Kite brikèt yo tounen glas vre pandan 24 èd tan omwen. Retire sache glas yo nan frizè a epi mete yo nan tèmos vaksen an touswit.
  - Ranpli brikèt yo ak dlo. Kite brikèt yo tounen glas pandan 12 èd tan pou pi piti. Kite yo fonn nèt.

## **Vaksinasyon**

- 13.** Ki materyèl nou dwe mete nan yon tèmos vaksen?
- a. Brikèt glas. Vaksen ak ti dlo pou deleye yo. Sereng soloshòt. Savon likid. Boulèt koton.
  - b. Brikèt glas. Vaksen ak ti dlo pou deleye yo. Tèmomèt pou mezire fredi. Savon likid, boulèt koton.
  - c. Brikèt glas. Vaksen ak ti dlo pou deleye yo. Tèmomèt pou mezire fredi. Yon kousinè.
- 14.** Lè w ap sèvi ak yon tèmos vaksen nan yon pòs rasanbleman. Ki sa ou dwe fè?
- a. Retire kousinè a konsa ou kapab pran vaksen yo fasil.
  - b. Mete tèmos vaksen an nan solèy pou ou ka wè vaksen yo fasil.
  - c. Bouche tèmos vaksen an avèk kouvèti a epi mete vaksen yo sou li.
  - d. Mete ti boutèy vaksen yo nan fant kousinè a ki parèt lè tèmos la ouvri.
- 15.** Pou w debarase w ak fatra san pwoblèm apre yon aktivite vaksinasyon, kisa w dwe fè?
- a. Pran bwat biyosekirite, pote l nan sant sante a pou yo brile li.
  - b. Pote bwat fatra a epi depoze l nan biwo sipèvizè a.
  - c. Pote bwat fatra a lakay ou epi boule li.
  - d. Asire w ke ou fouye yon twou byen fon pou w mete bwat de sekirite a oubyen yon kote ki fèt pou sa menm.

### **Pou kesyon 16, sèvi ak Pwogram Elaji Vaksinasyon nasyonal la:**

- 16.** Ranpli kat, rejis, ak kaye vaksinasyon apati enfòmasyon sa yo:

#### **Istwa**

Siyati: Pyè

Non: Asefi

Laj li ak ki vaksen li pran deja jiska jodiya: 2 mwa edmi; li resevwa tout vaksen ki fèt pou li jis jodia

L ap bay ti bebe a tete

Non manman an: Ifemi

Adrès li: Ba simityè 165323

Kote pòs la ap fêt: Difayi

## POS-TÈS 1

Non w: \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_

Seksyon kominal: \_\_\_\_\_

Depi ki dat ou kòmanse kòm anplwaye sante kominote a oubyen kòm ajan kore fanmi a (mwa/ane)? \_\_\_\_\_

**Fè yon wonn alantou lèt ki devan pi bon repons ou chwazi pou chak kesyon.**

1. Timoun ak fi, ki nan laj pou fè pitit, ta dwe pran vaksen paske?
  - a. Vaksinasyon pwoteje moun kont yon seri maladi ki kapab kokobe oswa touye moun.
  - b. Vaksinasyon bay vitamin ki ede kò moun gen fòs, ki ede yo ret an sante.
  - c. Vaksinasyon pwoteje moun kont Viris Sida epi nemoni.
  - d. Vaksinasyon ede moun egzante malnitrisyon.
2. Ki estrateji Pwogram Elaji Vaksinasyon itilize?
  - a. Ti liv ak anons vaksinasyon nan radyo.
  - b. Vaksinasyon nan pòs rasanbleman, pase bay vaksen nan chak kay, kanpay nasyonal, epi jounen vaksinasyon nan komin.
  - c. Edikasyon sou kesyon vaksinasyon nan lekòl, nan legliz epi edikasyon nan kominote a.
  - d. Pwogram Elaji Vaksinasyon nan lopital, nan lekòl tou.
3. Ki prensipal siy ak sentòm maladi tetanòs?
  - a. Tous pase 2 semenn, swe anpil pandan lannuit, epi lafyèv.
  - b. Gòj ak kou anfle. Moun mal pou vale. Gwo tèt fè mal.
  - c. Ti bouton tankou grenn pitimi sou tout kò a. Dèyè kou anfle. Gwo tèt fè mal.
  - d. Machwa a rèd, ak kò li rèd epi kriz.
4. Siy ak sentòm maladi lawoujòl:
  - a. Dyare ak gwo lafyèv.
  - b. Tach wouj parèt sou tout kò moun epi yo gen gwo lafyèv.
  - c. Ti bouton tankou ti grenn pitimi, je ak nen kouri dlo.
  - d. Gwo tous ki depase yon mwa. Doulè nan poumon. Krache san.

## Vaksinasyon

5. Le w'ap vaksinen yon timoun oswa yon fanm ki premye bagay ou dwe fè?
  - a. Mande paran oubyen fanm nan ki vaksen li pran deja
  - b. Gade wè si gen yon mak vaksen BCG nan bra timoun nan
  - c. Verifye kat vaksen moun nan
  - d. Bay tout vaksen ki bon pou timoun nan oubyen pou fanm nan selon laj yo
6. Nan ki dokiman w dwe gade pou w jwenn a ki laj pou ou bay chak vaksen?
  - a. Bwat Imaj fòmasyon an
  - b. Kalandriye Vaksinal la
  - c. Kat sante fi yo
  - d. Esplikasyon sou ti boutèy vaksen yo
7. Ki pi bon mwayen ki genyen pou nou sèten paran ap mennen timoun yo pran vaksen nan pòs rasanbleman?
  - a. Afiche yon gwo afich nan kominate a pou anonse pòs rasanbleman an.
  - b. Blame paran ki pa te vini nan dènye reyinyon mwa nan pòs rasanbleman an.
  - c. Distribye fèy anons legliz ki nan kominate yo.
  - d. Fè vizit nan kay pou fè yo sonje epi òganize yon reyinyon katye.
8. Ki materyèl kap itil nan yon pòs rasanbleman?
  - a. Sereng soloshot, tèmos ak vaksen, bwat sekirite, kousinè, rejis ak kaye vaksinasyon, sache poubèl, koton, dlo, savon.
  - b. Sereng soloshot, bwat vaksen chaje ak vaksen ak kaye vaksinasyon.
  - c. Sereng soloshot, kat vaksinasyon, bonbon pou timoun, boul koton.
  - d. Sereng soloshot, bwat vaksinasyon chaje ak vaksen, rejis ak kaye vaksinasyon.
9. Ki mezi sekirite pou nou pran lè n ap bay vaksen nan yon pòs rasanbleman?
  - a. Ajan kore fanmi yo dwe rete kanpe.
  - b. Ranje tout sereng yon kote timoun pa ka manyen yo.
  - c. Chak ajan kore fanmi yo ki pral bay vaksen dwe kapab bay 2 oubyen 3 timoun piki ansanm.
  - d. Bwat sekirite pou moun mete sereng ak egwi ki sèvi yo, se pou yo mete l yon kote ki lwen ak kote yo bay vaksen yo.

- 10.** Ki enfòmasyon enpòtan ajan kore fanmi dwe bay responsab timoun yo?
- Pou ki maladi vaksen sa yo bon, ki jan yo pral bay tèl vaksen, sa ki pral rive si timoun nan manke tèl dòz vaksen
  - Ki sa ki pral rive si timoun nan manke kèk dòz vaksen, ki pwoblèm vaksen yo kapab bay, ki jan pou nou fè pou timoun nan sispann kriye.
  - Ki dòz vaksen y a bay timoun nan, ki malèz vaksen an ka bay, sa pou nou fè lè gen malèz, ki lè epi ki kote pou timoun nan tounen pou lòt dòz vaksen yo.
  - Malèz vaksen yo kapab bay, sa pou fè si vaksen yo bay malèz, ki jan yo pral bay tèl vaksen, kisa ki pral rive si timoun nan manke kèk dòz vaksen.
- 11.** Ki 3 premye bagay ou ta dwe fè pou w bay yon timoun yon vaksen?
- Mande pou w wè kat vaksinasyon timoun nan. Blame responsab timoun nan si li potko pran vaksen. Bay timoun nan vaksen li bezwen yo.
  - Di paran an mèsi paske li vini. Bay timoun nan vaksen li bezwen yo. Make kat vaksinasyon timoun nan.
  - Mande pou w wè kat vaksinasyon timoun nan. Bay timoun nan vaksen li bezwen yo. Eksplike ki maladi vaksen yo pral fè li egzante.
  - Di paran an mèsi paske li vini. Mande pou w wè kat vaksinasyon timoun nan. Eksplike pou ki maladi w ap bay vaksen an.
- 12.** Ki jan ou ta dwe prepare brikèt pou mete nan tèmos vaksen?
- Ranpli brikèt yo ak dlo. Pa plen brikèt la nèt. Kontwole brikèt yo pou w wè si yo pa koule. Pa mete brikèt yo pil sou pil, kite yon ti espas pou lè pase. Kite brikèt yo tounen glas pandan 24 èd tan pou pi piti. Lè brikèt yo fin fè glas, kite kouch nèj ki sou li fè yon ti fonn tou piti anvan w mete l nan tèmòs.
  - Ranpli brikèt yo ak dlo. Kite brikèt yo tounen glas pandan 24 èd tan pou pi piti. Retire brikèt yo nan frizè a epi mete yo nan tèmos vaksen an touswit.
  - Ranpli brikèt yo ak dlo, pa fin plen yo. Kite brikèt yo tounen glas vre pandan 24 èd tan omwen. Retire sache glas yo nan frizè a epi mete yo nan tèmos vaksen an touswit.
  - Ranpli brikèt yo ak dlo. Kite brikèt yo tounen glas pandan 12 èd tan pou pi piti. Kite yo fonn nèt.

## Vaksinasyon

- 13.** Ki materyèl nou dwe mete nan yon tèmos vaksen?
- a. Brikèt glas. Vaksen ak ti dlo pou deleye yo. Sereng soloshòt. Savon likid. Boulèt koton.
  - b. Brikèt glas. Vaksen ak ti dlo pou deleye yo. Tèmomèt pou mezire fredi. Savon likid, boulèt koton.
  - c. Brikèt glas. Vaksen ak ti dlo pou deleye yo. Tèmomèt pou mezire fredi. Yon kousinè.
- 14.** Lè w ap sèvi ak yon tèmos vaksen nan yon pòs rasanbleman. Ki sa ou dwe fè?
- a. Retire kousinè a konsa ou kapab pran vaksen yo fasil.
  - b. Mete tèmos vaksen an nan solèy pou ou ka wè vaksen yo fasil.
  - c. Bouche tèmos vaksen an avèk kouvèti a epi mete vaksen yo sou li.
  - d. Mete ti boutèy vaksen yo nan fant kousinè a ki parèt lè tèmos la ouvri.
- 15.** Pou w debarase w ak fatra san pwoblèm apre yon aktivite vaksinasyon, kisa w dwe fè?
- a. Pran bwat biyosekirite, pote l nan sant sante a pou yo brile li.
  - b. Pote bwat fatra a epi depoze l nan biwo sipèvizè a.
  - c. Pote bwat fatra a lakay ou epi boule li.
  - d. Asire w ke ou fouye yon twou byen fon pou w mete bwat de sekirite a oubyen yon kote ki fèt pou sa menm.

### Pou kesyon 16, sèvi ak Pwogram Elaji Vaksinasyon nasyonal la:

- 16.** Ranpli kat, rejis, ak kaye vaksinasyon apati enfòmasyon sa yo:

#### Istwa

Siyati: Pyè

Non: Asefi

Laj li ak ki vaksen li pran deja jiska jodiya: 2 mwa edmi; li resevwa tout vaksen ki fèt pou li jis jodia

L ap bay ti bebe a tete

Non manman an: Ifemi

Adrès li: Ba simityè 165323

Kote pòs la ap fèt: Difayi

## PRE-TÈS 2

Non w: \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_

Seksyon kominal: \_\_\_\_\_

Depi ki dat ou kòmanse kòm anplwaye sante kominote a oubyen kòm ajan kore fanmi a (mwa/ane)? \_\_\_\_\_

**Fè yon wonn alantou lèt ki devan pi bon repons ou chwazi pou chak kesyon.**

1. Lè n ap bay yon piki ak yon sereng soloshot, nou dwe:
  - a. Fè piston anndan sereng lan fè bak epi avanse plizyè fwa pou wete lè nan sereng lan.
  - b. Foure pwent egwi a sèlman nan ti boutèy vaksen an epi kenbe egwi a nan tèt ti boutèy la.
  - c. Pike egwi pou vaksen an fè yon ang 90 degré ak bra timoun nan oubyen ak janm li.
  - d. Ranpli sereng lan nan rale piston an fè bak jistan li rete otomatik
2. Kilè ou ta dwe mete sereng ak egwi ki fin sèvi nan bwat sekirite a.
  - a. Touswit apre chak piki, mete sereng ak egwi ki fin sèvi nan bwat sekirite a. Ranpli bwat la byen ranpli nèt epi fèmen l.
  - b. Touswit apre chak piki, mete sereng ak egwi ki fin sèvi nan bwat sekirite a. Ranpli bwat la  $\frac{3}{4}$  (twa ka) epi fèmen l.
  - c. Touswit apre chak piki, wete egwi a nan sereng nan epi mete egwi ki fin sèvi a nan bwat sekirite a. Ranpli bwat la rive  $\frac{3}{4}$  (twa ka) epi fèmen l.
  - d. Touswit apre chak piki, wete egwi ki fin sèvi a nan bwat sekirite a. Ranpli bwat la byen ranpli nèt epi fèmen l.
3. Pou n egzante traka egwi ki pike moun, kouman pou nou manyen egwi ak sereng?
  - a. Kouvri egwi a touswit apre ou bay piki a.
  - b. Mete gan lè n ap kenbe kò oubyen pwent yon egwi oubyen lè n ap sèvi ak egwi.
  - c. Pa janm manyen okenn pati egwi ni anvan, ni apre nou bay piki.
  - d. Wete egwi a nan sereng lan ak anpil prekosyon apre nou bay piki a.

## Vaksinasyon

4. Lè n ap mete vaksen polyo a (OPV) nan bouch moun, nou dwe:
  - a. Ouvri bouch tibebe a tou dousman epi kite 2 gout vaksen an tonbe nan konngout la sou lang tibebe a san konngout la pa touche lang tibebe a.
  - b. Ouvri bouch ti bebe a tou dousman, fè konngout la touche lang tibebe a, epi peze fè 2 gout vaksen soti.
  - c. Lave bò machwa ak bouch tibebe a epi peze fè 2 gout vaksen tonbe nan bouch tibebe a.
  - d. Mande manman an ouvri bouch ti bebe a tou dousman epi kite 2 gout vaksen an sot nan konngout la tonbe sou lang tibebe a.
5. Lè nou fè tès ajitasyon pou nou kontwole si vaksen an domaje oswa li tounen glas, nou kab sèvi ak vaksen an si:
  - a. Apre souke a, koulè solisyon yo pa menm.
  - b. Apre souke a, poud nan vaksen an desann nan fon ti boutèy la vit menm jan ak sa ki nan ti boutèy kontwòl la ki te tounen glas.
  - c. Apre souke a, likid la separe de ti poud la lè li fin poze pandan 30 minit.
  - d. Apre souke a, glas nan vaksen an disparèt.
6. Nan PCV a, kilès ki montre vaksen an pa te twò domaje poutèt chalè a e yo mèt sèvi avèk li?
  - a. Koulè desen kare ki anndan sèk la pi pal pase koulè rès sèk la
  - b. Koulè desen kare ki anndan sèk la menm koulè ak rès sèk la
  - c. Koulè desen kare ki anndan sèk la pi fonse pase koulè rès sèk la
7. Lè nou melanje poud vaksen an ak likid la, nou dwe:
  - a. Fè melanj lan lavèy jou reyinyon an.
  - b. Sèvi sèlman ak likid pou delye fabrik vaksen an bay la.
  - c. Sere rès melanj ki fè vaksen pou reyinyon mwa pwochen an
  - d. Melanje poud vaksen an ak likid pou delye a, nan souke ti boutèy la pandan 1 minit.
8. Kisa nou dwe fè pou nou kontinye bay piki san okenn danje pòs rasableman an?
  - a. Sèvi ak yon sereng nèf soloshon pou chak piki.
  - b. Pa sèvi ak yon sereng ni ak yon egwi si anvlòp ki vlope yo chire oubyen domaje.
  - c. Lave men nou byen lave ak savon ak dlo pwòp anvan nou prepare materyèl pou piki
  - d. Tou le twa bagay sa yo.

- 9.** Ki 3 ti dezagreman vaksen BCG an konn lakòz?
- a.** Yon ti mak blanch ki bay yon ti maleng ki ap kite yon ti mak, besejit.
  - b.** Yon ti blese wouj vaksen BCG a, dòmi nan je, pa anvi manje.
  - c.** Kriye, pa anvi manje, dòmi nan je.
  - d.** Yon ti lafyèv, touse lannwit, yon ti blese wouj vaksen BCG a.
- 10.** Konbyen dòz yo bay pou vaksen RR e a kilaj:
- a.** De dòz, yonn a 4 mwa, lòt lan a 8 mwa
  - b.** Yon sèl dòz a 9 mwa
  - c.** 2 dòz, yonn a 9mwa lot la a 1 an
  - d.** Yon dòz a 6 mwa
- 11.** A ki laj yon timoun dwe pran BCG:
- a.** Lè timoun lan gen 5 an
  - b.** Lè timoun nan fèk fèt rive 11 mwa
  - c.** Lè timoun fin gen 1 an
  - d.** Lè timoun lan gen 6 mwa
- 12.** Ki kote yo bay vaksen dT:
- a.** Piki byen fon nan vyann.
  - b.** Piki anba po a.
  - c.** Nan bouch.
  - d.** Piki kole ak po

## POS-TÈS 2

Non w: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Seksyon kominal: \_\_\_\_\_

Depi ki dat ou kòmanse kòm anplwaye sante kominote a oubyen kòm ajan kore fanmi a (mwa/ane)? \_\_\_\_\_

**Fè yon wonn alantou lèt ki devan pi bon repons ou chwazi pou chak kesyon.**

- 1.** Lè n ap bay yon piki ak yon sereng soloshot, nou dwe:
  - a.** Fè piston anndan sereng lan fè bak epi avanse plizyè fwa pou wete lè nan sereng lan.
  - b.** Foure pwent egwi a sèlman nan ti boutèy vaksen an epi kenbe egwi a nan tèt ti boutèy la.
  - c.** Pike egwi pou vaksen an fè yon ang 90 degré ak bra timoun nan oubyen ak janm li.
  - d.** Ranpli sereng lan nan rale piston an fè bak jistan li rete otomatik
- 2.** Kilè ou ta dwe mete sereng ak egwi ki fin sèvi nan bwat sekirite a.
  - a.** Touswit apre chak piki, mete sereng ak egwi ki fin sèvi nan bwat sekirite a. Ranpli bwat la byen ranpli nèt epi fèmen l.
  - b.** Touswit apre chak piki, mete sereng ak egwi ki fin sèvi nan bwat sekirite a. Ranpli bwat la  $\frac{3}{4}$  (twa ka) epi fèmen l.
  - c.** Touswit apre chak piki, wete egwi a nan sereng nan epi mete egwi ki fin sèvi a nan bwat sekirite a. Ranpli bwat la rive  $\frac{3}{4}$  (twa ka) epi fèmen l.
  - d.** Touswit apre chak piki, wete egwi ki fin sèvi a nan bwat sekirite a. Ranpli bwat la byen ranpli nèt epi fèmen l.
- 3.** Pou n egzante traka egwi ki pike moun, kouman pou nou manyen egwi ak sereng?
  - a.** Kouvri egwi a touswit apre ou bay piki a.
  - b.** Mete gan lè n ap kenbe kò oubyen pwent yon egwi oubyen lè n ap sèvi ak egwi.
  - c.** Pa janm manyen okenn pati egwi ni anvan, ni apre nou bay piki.
  - d.** Wete egwi a nan sereng lan ak anpil prekosyon apre nou bay piki a.

4. Lè n ap mete vaksen polyo a (OPV) nan bouch moun, nou dwe:
  - a. Ouvri bouch tibebe a tou dousman epi kite 2 gout vaksen an tonbe nan konngout la sou lang tibebe a san konngout la pa touche lang tibebe a.
  - b. Ouvri bouch ti bebe a tou dousman, fè konngout la touche lang tibebe a, epi peze fè 2 gout vaksen soti.
  - c. Lave bò machwa ak bouch tibebe a epi peze fè 2 gout vaksen tonbe nan bouch tibebe a.
  - d. Mande manman an ouvri bouch ti bebe a tou dousman epi kite 2 gout vaksen an sot nan konngout la tonbe sou lang tibebe a.
5. Lè nou fè tès ajitasyon pou nou kontwole si vaksen an domaje oswa li tounen glas, nou kab sèvi ak vaksen an si:
  - a. Apre souke a, koulè solisyon yo pa menm.
  - b. Apre souke a, poud nan vaksen an desann nan fon ti boutèy la vit menm jan ak sa ki nan ti boutèy kontwòl la ki te tounen glas.
  - c. Apre souke a, likid la separe de ti poud la lè li fin poze pandan 30 minit.
  - d. Apre souke a, glas nan vaksen an disparèt.
6. Nan PCV a, kilès ki montre vaksen an pa te twò domaje poutèt chalè a e yo mèt sèvi avèk li?
  - a. Koulè desen kare ki anndan sèk la pi pal pase koulè rès sèk la
  - b. Koulè desen kare ki anndan sèk la menm koulè ak rès sèk la
  - c. Koulè desen kare ki anndan sèk la pi fonse pase koulè rès sèk la
7. Lè nou melanje poud vaksen an ak likid la, nou dwe:
  - a. Fè melanj lan lavèy jou reyinyon an.
  - b. Sèvi sèlman ak likid pou delye fabrik vaksen an bay la.
  - c. Sere rès melanj ki fè vaksen pou reyinyon mwa pwochen an
  - d. Melanje poud vaksen an ak likid pou delye a, nan souke ti boutèy la pandan 1 minit.
8. Kisa nou dwe fè pou nou kontinye bay piki san okenn danje pòs rasableman an?
  - a. Sèvi ak yon sereng nèf soloshot pou chak piki.
  - b. Pa sèvi ak yon sereng ni ak yon egwi si anvlop ki vlope yo chire oubyen domaje.
  - c. Lave men nou byen lave ak savon ak dlo pwòp anvan nou prepare materyèl pou piki
  - d. Tou le twa bagay sa yo.

## **Vaksinasyon**

- 9.** Ki 3 ti dezagreman vaksen BCG an konn lakòz?
- a.** Yon ti mak blanch ki bay yon ti maleng ki ap kite yon ti mak, besejit.
  - b.** Yon ti blese wouj vaksen BCG a, dòmi nan je, pa anvi manje.
  - c.** Kriye, pa anvi manje, dòmi nan je.
  - d.** Yon ti lafyèv, touse lannwit, yon ti blese wouj vaksen BCG a.
- 10.** Konbyen dòz yo bay pou vaksen RR e a kilaj:
- a.** De dòz, yonn a 4 mwa, lòt lan a 8 mwa
  - b.** Yon sèl dòz a 9 mwa
  - c.** 2 dòz, yonn a 9mwa lot la a 1 an
  - d.** Yon dòz a 6 mwa
- 11.** A ki laj yon timoun dwe pran BCG:
- a.** Lè timoun lan gen 5 an
  - b.** Lè timoun nan fèk fèt rive 11 mwa
  - c.** Lè timoun fin gen 1 an
  - d.** Lè timoun lan gen 6 mwa
- 12.** Ki kote yo bay vaksen dT:
- a.** Piki byen fon nan vyann.
  - b.** Piki anba po a.
  - c.** Nan bouch.
  - d.** Piki kole ak po

## CHANTE SOU VAKSEN DT

### Refren:

Fanm yo, fanm yo soti 15 an pou rive 49 an

Fanm ansent yo annou pran vaksen dT

(2 fwa)

### Kouple yo:

- 1.** Pou pwoteje tibebe yo kont tetanòs neonatal
- 2.** Nou dwe resevwa pou pi piti de dòz vaksen DT
- 3.** Apre 2 doz vaksen dT nou ta dwe pran 3 doz rapèl
- 4.** Nou dwe resevwa pou pi piti 1 dòz rapèl chak ennan

## **METÒD YO**

### **DISKISYON AN GWO GWOUPE**

Yon diskisyon an gwo gwoup se yon dyalòg ant fomatè a ak tout gwoup patisipan yo, ak repons patisipan yo sou kesyon fomatè a te prepare alavans. Pandan diskisyon an, nouveau kesyon ka parèt tou. Pou kòmanse diskisyon an, fomatè a dwe bay enstriksyon yo klè. Pandan diskisyon an, fomatè a dwe kontwole diskisyon an, tankou kenbe patisipan yo konsantre, ankouraje repons patisipan yo, epi limite patisipan ki renmen pale anpil yo.

Pou facilite yon diskisyon gwo gwoup, kisa ou ta dwe fè?

- Mete yon tan limit epi kenbe peryòd tan sa.
- Eksplike patisipan yo si yon moun ta vle pale se pou li leve men l.
- Kenbe diskisyon an sou sijè a.
- Kenbe diskisyon an san lage.
- Ankouraje tout moun patisipe.
- Gade nan sal la, epi sèten ou bay tout moun ki te leve men pou mande lapawòl yo pale.
- Limite patisipan ki renmen pale anpil yo.
- Kontwole chenn diskisyon san rete yo.
- Si patisipan yo pa reponn yon kesyon, eseye poze kesyon an yon lòt fason.
- Poze kesyon ankouraje plis repons pou yon kesyon, pa egzanp: “Ki lòt bagay?” “Ki lòt lide nou genyen?”
- Mete fen a diskisyon an; repete epi fè rezime pwen enpòtan yo.

Ki avantaj ki genyen lè w sèvi ak diskisyon gwo gwoup?

- Tout moun gen chans pou yo patisipe.
- Tout moun tandé lide tout lòt moun.
- Tandé anpil lide ka ankouraje plis diskisyon.
- Patisipan ki pa santi li alèz pou pale nan yon gwo gwoup kapab patisipe nan koute pito.

Kisa ki defi lè w sèvi ak diskisyon gwo gwoup?

- Patisipan ki renmen pale anpil yo ka gen tandans domine diskisyon gwo gwoup la.
- Patisipan ki timid oswa san eksperyans ka santi yo mal alèz pou yo pale nan yon diskisyon gwo gwoup.
- Diskisyon gwo gwoup ka vin yon baz gwo kesyon si gen anpil lide ki an konpetisyon.

## DISKISYON AN TI GWOUP

Yon diskisyon an ti gwoup se yon dyalòg nan mitan yon ti gwoup patisipan (an jeneral 3–6 patisipan pou chak gwoup), kote patisipan yo reponn kesyon fòmatè a te prepare alavans. Pandan diskisyon an, nouvo kesyon ka parèt. Pou kòmanse diskisyon an, fòmatè a dwe bay enstriksyon ki klè anvan li divize patisipan yo an ti gwoup. Pandan ti gwoup yo ap diskite, fòmatè a dwe sikile nan mitan gwoup yo pou li sèten yo kenbe diskisyon an sou sijè a ak ankouraje patisipasyon tout manb nan gwoup la.

Pou facilite yon diskisyon ti gwoup, kisa ou ta dwe fe?

- Anvan w divize patisipan yo an ti gwoup, bay enstriksyon ki klè sou kisa patisipan yo dwe diskite alekri epi afiche enstriksyon yo sou Gwo fèy papye an se yon bon fason pou fè sa.
- Enstwi ti gwoup la pou asire w tout mamb nan gwoup la patisipe.
- Mande ti gwoup yo pou chwazi yon fasilitatè ak yon moun ki pou kontwole lè pou gwoup yo a.
- Kenbe espas tan an epi bay ti gwoup yo mwatye tan, 5-minit, ak 1-minit avètisman.
- Pandan ti gwoup yo ap travay, pase de gwoup an gwoup pou asire w patisipan yo gen bon konprann sou travay la, ke y ap fè pwogrè.

Ki avantaj ki genyen lè w sèvi ak diskisyon ti gwoup?

- Anpil moun santi yo pi alèz pale ak patisipe nan ti gwoup pase nan yon gwo gwoup, kidonk ti gwoup yo gen tandans pwovoke plis lide ak patisipasyon tout moun.
- Pou sijè ki sansib yo, patisipan yo ka plis pataje lide nan yon ti gwoup men yo t'ap ezite pataje l' si yo te nan yon gwo gwoup.

## Vaksinasyon

Kisa ki defi yo lè w sèvi ak diskisyon ti gwooup?

- Pèfòmans diskisyon ti gwooup yo depann de mamb nan gwooup la k'ap fasilité epi k'ap patisipe, kèk ti gwooup ka fè sa pi byen pase yon lòt.
- Diskisyon ti gwooup la ka dejenere si manb gwooup pa kontwole diskisyon an byen.

## PAKOU REFLEKSYON

Se yon vwayaj refleksyon ki gide panse ak refleksyon sou eksperyans pèsonèl. Fòmatè yo itilize pakou refleksyon an pou pèmèt patisipan yo reflechi sou eksperyans nan tan pase oubyen evènman nan tan prezan, sitiayson, moun yo, oswa santiman yo ki konekte ak sijè fòmasyon an. Pakou Refleksyon travay pi byen, lè patisipan yo santi yo alèz ak an sekirite epi mete konfyans youn nan lòt ak nan fasilitatè a.

Pou fasilité yon Pakou refleksyon, kisa ou ta dwe fè?

- Mande patisipan yo pou yo rilaks epi fèmen je yo.
- Sèvi ak yon seri deklarasyon tou kout, kesyon, oswa yon istwa kout pou gide pakou refleksyon an.
- Li chak deklarasyon oubyen kesyon dousman epi byen klè, epi fè yon ti poz pou plizyè segonn ant chak deklarasyon, pou patisipan yo ka gen tan panse ak reflechi.
- Tou depan de sijè a, yon pakou refleksyon kapab okazyone reyakson emosyonèl ki fò. fasilitatè a dwe okouran de sa a epi reponn avèk sansibilite.
- Pafwa apre yon pakou refleksyon, patisipan yo kapab vle ekri panse yo oswa pataje panse yo avèk yon patnè oswa yon gwooup moun.

Ki avantaj ki genyen lè w sèvi ak pakou refleksyon?

- Patisipan yo aprann pi byen si yo kapab konekte nouvo enfòmasyon avèk eksperyans pa yo.
- Pakou Refleksyon pèmèt patisipan yo reflechi sou eksperyans yo nan yon fason òganize.
- Pakou Refleksyon kapab itilize pou rantre yon sijè, idantifye pwoblèm oswa defi, oswa pou vini nouvo lide.

Kisa ki defi yo nan sèvi ak pakou refleksyon?

- Pakou Refleksyon ka okazyone emosyon ki fò. Li enpòtan pou fasilitatè yo okouran de sa epi reponn avèk sansibilite.
- Patisipan ki te renmen pale anpil yo ka twouve li difisil pou yo rete trankil pandan plizyè minit.

## **PREZANTASYON FASILITATÈ**

Fòmatè a ap prezante enfòmasyon nan pale ak tout gwoup la, pafwa li sèvi avèk materyèl tankou retropwojektè, afich, foto, oswa yon tablo prezantasyon. Prezantasyon Fasilitatè a se yon ansèyman ak yon metòd tradisyonèl pou fòmasyon. Pifò moun ki al lekòl yo abitye anpil ak prezantasyon fasilitatè paske pifò pwofesè nan klas primè, segondè, ak nivo inivèsitè yo anseye nan fason sa a. Prezantasyon sèvi byen pou entwodwi nouvo enfòmasyon yo, men yo dwe kout epi akonpaye ak sa moun ka wè epi diskisyon.

Pou fè yon prezantasyon fasilitatè, kisa ou ta dwe fè?

- Prepare epi òganize prezantasyon ou davans konsa l ap pi klè epi fasil pou swiv.
- Tcheke tout ekipman (retropwojektè, bwat imaj) davans pou asire w yo travay byen.
- Fè prezantasyon an kout, ant 5 ak 15 minit si sa posib.
- Sèvi ak yon langaj ki senp, klè patisipan yo ka konprann byen.
- Itilize kesyon pandan prezantasyon an pou ka gen patisipasyon nan sa wap prezante a.
- Fè jès epi itilize yon langaj ak yon ton vwa ki klè.
- Gade patisipan yo pandan prezantasyon an; si w ta remake yo pa sousa oswa raz, poze kesyon oswa fè pi rapid.
- Deplase toutotou sal la pandan w ap prezante a (si sa posib).
- Gade patisipan yo lè w ap eksplike yon imaj (se pa imaj la pou w ap gade).
- Fini prezantasyon-an, rezime epi repete pwen enpòtan yo.

Ki avantaj ki genyen lè w sèvi avèk prezantasyon fasilitatè?

- Prezantasyon sèvi byen pou entwodwi nouvo enfòmasyon byen vit.
- Pafwa patisipan yo bezwen gen nouvo enfòmasyon yo prezante yo anvan yo ka itilize oswa pratike li.

## Vaksinasyon

- Pifò nan patisipan ki te ale nan lekòl yo abitye epi santi yo alèz ak prezantasyon.

Kisa ki defi yo lè w sèvi ak prezantasyon fasilitatè?

- Prezantasyon yo pa aktif ni angaje tankou aktivite an ti gwoup, pyès teyat, oswa lòt aktivite ki konn mande plis patisipasyon.
- Pafwa patisipan yo konn sispann swiv.
- Si fasilitatè a pa byen òganize, patisipan yo pap aprann enfomasyon an jan yo ta dwe a.

## BRASE-LIDE

Brase-lide se yon metòd kote fòmatè a poze yon kesyon oswa poze yon pwoblèm epi mande patisipan yo bay plis lide ak repons yo kapab. Fòmatè yo ka itilize brase-lide ak gwo gwoup yo oswa ti gwoup. Brase-lide se yon bon fason pou jenere anpil novo lide byen vit. Lè yo fè brase-lide se pa sèlman pou jwenn yon sèl repons a kesyon an oswa pwoblèm nan, men brase anpil lide jan sa posib.

Pou facilite brase-lide, kisa ou ta dwe fè?

- Eksplike ke bi brase-lide a se pa pou rive nan yon sèl repons kòrèk, men se pou jenere anpil lide jan sa posib.
- Pandan brase-lide a, pran yon lide nan men chak patisipan, youn apre lòt.
- Aksepte tout lide epi pa jije oswa kritike youn ladan yo.
- Ankouraje patisipan yo pou kite ide yo koule.
- Kenbe brase-lide a an mouvman.
- Ankouraje tout patisipan yo bay lide. Pa baze sou yon sèl ti gwoup patisipan ki pou bay lide pa yo.
- Yon moun ta dwe facilite brase-lide a epi yon lòt moun ta dwe anregistre lide yo.
- Apre brase-lide a, fòmatè a ak patisipan yo kapab sèvi ak lis la pou rezoud yon pwoblèm, priyorize lide, mete lide nan kategori, elatriye.
- Pa egzanp, si patisipan yo gen yon solisyon posib nan yon pwoblèm patikilye a pati de brase-lide, pwochen etap yo ka pou revize chak solisyon posib, chwazi 3 tèt solisyon yo (tankou yon gwoup), diskite yo pi lwen, e petèt finalman chwazi solisyon ki pi apwopriye a.

Ki avantaj ki genyen nan brase-lide?

- Patisipan yo bwase anpil lide byen vit.
- Refleksyon yo ka angaje epi chofe.
- Paske pa gen okenn repons kòrèk oswa enkòrèk, patisipan yo an jeneral santi yo alèz pou bay lide.

Kisa ki defi yo nan brase-lide?

- Kèk patisipan ka bay lide ki pa apwopriye.
- Patisipan ki renmen pale anpil yo ka gen tandans domine.

## PYÈS TEYAT

Yon pyès teyat se yon pèfòmans kout enfòmèl kote patisipan pyès teyat yo nan lide pou montre yon sitiyasyon patikilye ak santi sa yo ta dwe fè nan wòl ak sitiyasyon sa a. Pyès teyat yo enfòmèl patisipan yo pa bezwen memorize “liy” oubyen jwe pafètman. Objektif la se montre yon pwoblèm, yon sitiyasyon, oswa lide epi aji. Pyès teyat bay patisipan yo opòtinite pou yo aji sou yon sitiyasyon lavi reyèl ak pratike kijan pou fè fas avè l. Patisipan yo ka itilize pyès teyat pou ilistre lide ak enfòmasyon pou pasyan yo ak mamb kominate yo. Pyès teyat ede patisipan yo tou pou yo aprann epi pratike komunikasyon ak konsèy teknik, konpòtman antipatik, ak fason apwopriye pou apwòche mamb kominate yo. Yon ti pyès teyat kapab fèt san repetisyon pyès la, epi ka fèt ant ti gwoup oswa gwo gwoup.

Pou facilite yon pyès teyat, kisa ou ta dwe fè?

- Planifye ase tan pou patisipan yo prepare ak fè pyès teyat la.
- Eksplike klèman sa ki nan pyès teyat la, kijan patisipan yo ap prepare, ak kisa pyès teyat la dwe montre.
- Si patisipan yo pa abitye ak pyès teyat la, jwe yon wòl modèl pou ka montre yo kijan pou yo fè.
- Mete yon tan limit pou pèfòmans pyès teyat la epi kontwole tan an byen.
- Fè patisipan yo sonje pyès teyat yo pa oblige pafè, men se pito yon opòtinite pou pratike ak kontwole sitiyasyon patisipan yo ka rankontre nan reyalite. Se pa yon pwoblèm si yo fè erè pandan yo ap pyès teyat yo.
- Apre yon pèfòmans pyès teyat, mennen yon diskisyon sou lide yo te montre nan pyès teyat la. Konsantre diskisyon an sou pwoblèm enpòtan ki te soti nan pyès teyat yo, pa aji sou ladrès patisipan yo.

## Vaksinasyon

Ki avantaj ki genyen lè w sèvi ak pyès teyat?

- Pyès teyat angaje patisipan yo epi ba yo opòtinite pou yo panse, santi, ak aji.
- Pyès teyat bay patisipan yo yon chans pratike ladrès yo nan yon anviwònman ki san danje epi jwenn repons.
- Ou ka sèvi ak 2 pyès teyat tou kout pou montre 1) move fason pou kontwole yon sitiyasyon; epi 2) fason ki bon pou kontwole yon sitiyasyon.
- Pyès teyat la ka fè parèt anpil pwoblèm, epi mennen nan diskisyon ki itil.

Kisa ki defi yo lè w itilize pyès teyat?

- Pyès teyat yo pran anpil tan.
- Kèk patisipan ka pa alèz pou jwe devan gwoup la.
- Patisipan yo ka pa abitye avèk fè pyès teyat.

## AKTIVITE AN GWO GWOUPE

Fòmatè a mennen gwoup la an antye nan yon aktivite ansanm. Egzanp nan aktivite gwo gwoup yo gen vòt, Fouye foto, aprann chante, elatriye. Aktivite an gwo gwoup yo souvan reyisi pi byen ak gwoup 10–25 patisipan yo, men avèk bon planifikasyon ak òganizasyon, fasilitatè yo ka kontwole pi fasilman aktivite gwo gwoup ak pi gwo gwoup.

Pou fasilite yon aktivite gwo gwoup, kisa ou ta dwe fè?

- Fikse yon tan limit epi kenbe tan an.
- Si patisipan yo bezwen deplase nan sal la pandan aktivite a, asire w chèz ak tablo yo te deplase.
- Eksplike aktivite a byen klè.
- Kenbe aktivite san lage.
- Ankouraje tout moun patisipe.
- Mete aklè pwen kle yo pandan tout aktivite a si sa apwopriye.
- Fini ak aktivite a, repete epi rezime pwen enpòtan yo.

Ki avantaj ki genyen lè w sèvi avèk aktivite an gwo gwoup?

- Aktivite an gwo gwoup mande patisipasyon tout moun epi yo ka chofe.

- Aktivite an gwo gwooup mande mwens efò pou patisipasyon pase aktivite ti gwooup, epi li kapab altène ant aktivite an ti gwooup pou patisipan yo pa santi yo twò fatige.

Kisa ki defi yo nan aktivite gwo gwooup?

- Kèk patisipan ka pa patisipe aktivman jan yo te konn fè l nan yon gwooup ki pi piti.
- Aktivite gwo gwooup mande anpil enèji pou fasilitatè a.
- Aktivite gwo gwooup ka difisil pou kontwole si gwooup la gwo anpil.

## **AKTIVITE AN TI GWOUP**

Fòmatè a divize patisipan yo an ti gwooup pou fè yon aktivite. Egzanp nan aktivite ti gwooup yo li gen ladan yo ti gwooup diskisyón, istwa, planifikasyon pou pyès teyat, rezoud pwoblèm yo, epi gade nan istwa foto yo. Ti gwooup yo pèmèt chak moun patisipe pi plis pase lè yo nan yon aktivite gwo gwooup. Aktivite ti gwooup yo tou ede patisipan yo konnen youn lòt ak eksperyans travay avèk moun diferan.

Pou fasilité yon aktivite an ti gwooup, kisa ou ta dwe fè?

- Eksplike aktivite an ti gwooup la byen klè.
- Di ti gwooup yo kijan yo pral pataje travay ti gwooup la ak gwo gwooup la. Pa egzanp, yo pral ekri enfòmasyon sou papye tablo pou pataje l ak gwooup la, rapòte enfòmasyon aloral, oswa fè yon pyès teyat?
- Divize patisipan yo an ti gwooup. Ti gwooup 4–6 patisipan yo travay pi byen, men kèk aktivite ka mande pou gwooup 3 moun, oswa pi gwo gwooup 10–12 moun.
- Divize patisipan yo an ti gwooup dapre travay yo dwe fè a. Pa egzanp, pou sijè seksyèl ki sansib tankou sante repwodiksyon, ou ka gwoupe gason ak gason, fanm ak fanm.
- Si sijè a pa egzije yon gwoupmán an patikilye, ou ka divize patisipan yo nan mande yo konte an “1, 2, 3, 4, elatriye.” Aprè sa a, gwoupe 1 ansanm, 2 ansanm, elatriye.
- Gwoupe patisipan yo pou yo pa toujou ap travay ak moun yo konnen byen. Konte a se yon bon fason pou fè sa.
- Si aktivite ti gwooup la egzije li oswa ekri, asire w omwen youn nan patisipan nan chak gwooup yo gen ase konpetans alfabetik.
- Di gwooup yo konbyen tan yo pral genyen pou yo travay. Epi, ede gwooup yo

## Vaksinasyon

kontwole tan an nan bay avètisman detanzantan, pa egzanp, yon avètisman nan mwatye tan, avètisman 5-minit, ak avètisman 1-minit. Si ou wè lè a prèske rive e gwoup yo poko fini, ou ka bay gwoup yo plis tan pou yo travay si orè w pèmèt ou fè sa.

- Pandan ti gwoup yo ap travay, sikile toutotou sal la, obsève travay la e asire-w gwoup yo konprann travay la e y ap fè pwogrè, ede yo, epi reponn kesyon yo si sa nesesè.
- Kontrole lè-a pandan ti gwoup yo ap rapòte oswa fè prezantasyon. Pa egzanp, bay chak ti gwoup 5 minit pou prezante ak kèk minit pou reponn kesyon oswa kòmantè.

Ki avantaj ki genyen lè w sèvi avèk ti gwoup?

- Ti gwoup yo pèmèt tout moun patisipe pi plis pase nan yon gwo gwoup.
- Anpil moun santi yo pi alèz pou pale an ti gwoup.
- Ti gwoup yo souvan pèmèt plis aprantisaj an pwofondè ak diskisyon paske tout moun santi yo angaje.

Kisa ki defi yo lè w sèvi ak ti gwoup?

- Travay ti gwoup pran tan plis pase kèk metòd.
- Gen kèk ti gwoup ki ka twouve li difisil pou travay ansanm oubyen rete sou travay. Si ou remake yon ti gwoup ki gen difikilte, ede yo rekonsantre, bay egzanp, eksplike travay la ankò, elatriye.

## ISTWA

Yon istwa se yon senaryo kout ki prezante yon sitiyasyon reyalis pou patisipan yo diskite ak analize. Etid ka bay patisipan yo chans pou yo itilize konesans yo fèk pran yo epi diskite, analize, ak rezoud pwoblèm ki an relasyon ak sijè fòmasyon an. Pa egzanp, yon istwa ta ka dekri sentòm yon moun ki malad, epi li mande patisipan yo idantifye sentòm yo epi diskite sou sa yo ta dwe fè pou moun malad la. Tou depann de kantite moun ki nan gwoup la, istwa ka diskite ak analize de pa de, ti gwoup, oubyen yon gwo gwoup. Objektif itilize istwa se ede patisipan yo jenere solisyon posib nan pwoblèm ki ka parèt pandan travay yo.

Pou facilite yon istwa, kisa ou ta dwe fè?

- Li istwa a byen fò (oswa mande yon volontè pou li byen fò) pou menm patisipan avèk ladrès alfabetizasyon limite yo ka rive konprann istwa a.
- Eksplike klèman kisa patisipan yo ta dwe fè avèk istwa a (diskite sou kesyon istwa yo, oubyen rezoud yon pwoblèm ki reprezante nan istwa a, elatriye).

- Si ou ekri pwòp istwa pa ou, fè yo senp. Ekri yon sitiyasyon ki reyèl tou kout pou l ka sanble ak sitiyasyon patisipan yo ka rankontre. Bay enfòmasyon ki enpòtan yo. Pa mete twòp detay ki pa nesesè. Bay kesyon pou gide patisipan yo nan analize istwa a.

Ki avantaj ki genyen lè w sèvi ak Istwa?

- Istwa bay patisipan yo chans pou yo itilize enfòmasyon yo te aprann ak bon jijman.
- Istwa bay patisipan yo opòtinite nan pratike epi manyen pwoblèm yo ta ka rankontre pandan travay yo.

Ki sa ki defi yo itilize seyans Istwa?

- Istwa mande pou rezoud pwoblèm, ki kapab difisil epi mande plis tan pase prezantasyon tradisyonèl oswa diskisyon senp.
- Patisipan ak ladrès alfabetizasyon limite yo ka entimide ak istwa a.

## DEMONSTRASYON

Fòmatè a oubyen yon patisipan ki gen eksperyans montre ak di patisipan yo kijan pou yo fè bagay yo etap pa etap, epi mande patisipan yo pratike etap yo poukонт yo. Egzanp, yon demonstrasyon ka gen ladan yo kijan yo sèvi ak kapòt gason owsa kapòt fanm, kijan pou prepare lèt pou tibebe, kijan pou fè mezi ak (MUAC), oswa kouman melanje sewòm Oral.

Pou fè yon demonstrasyon, kisa ou ta dwe fè?

- Anvan fòmasyon an, ranmase tout materyèl ak ekipman ou pral bezwen pou sèvi pandan demonstrasyon an.
- Asire w tout patisipan yo pral kapab wè demonstrasyon an. Mande yo kanpe ak avanse oswa rasanble toutotou ou, si sa nesesè.
- Eksplike chak etap dousman epi byen klè pandan w ap demontre li.
- Demontre 2 oswa 3 fwa si sa nesesè.
- Apre demonstrasyon an, mande yon volontè repeète demonstrasyon an devan gwoup la an antye. Animatè a ak lòt patisipan yo ka fè kòmantè pozitif ak korije volontè a si sa nesesè.
- Apre sa a, separe patisipan yo an ti gwoup oswa pè epi mande yo pratike sa ou menm ak volontè a fèk demontre a.
- Pandan patisipan yo ap pratike, sikile nan sal la epi ede oubyen reponn kesyon si sa nesesè.

## Vaksinasyon

Ki avantaj ki genyen lè w sèvi ak demonstrasyon?

- Demonstrasyon se meyè fason yo anseye kapasite yo.
- Demonstrasyon bay patisipan yo opòtinite pratike ladrès yo anvan yo al fè li nan lavi reyèl.

Kisa ki defi yo nan sèvi ak demonstrasyon?

- Nan gwo gwoup yo, li ka difisil pou fè yon demonstrasyon tout moun pral kapab wè ak tandem byen. Si sa nesesè, divize gwo gwoup yo an 2 oubyen 3 gwoup ki pi piti epi fè demonstrasyon nan chak ti gwoup yo.
- Nan gwo gwoup yo, li ka difisil pou ranmase ase materyèl ak ekipman pou tout moun de pa de yo oswa yon ti gwoup pratike an menm tan. Si sa rive, mande pè oubyen ti gwoup yo pou fè woulman jiskaske tout moun pratike.

## ISTWA FOTO

Yon istwa foto se yon seri foto tou kout ki dekri yon istwa oswa yon sitiyasyon. Istwa Foto an jeneral pa gen mo. Istwa Foto ka itilize pou evalye konesans patisipan yo oswa idantifye pwoblèm oswa defi ki an relasyon ak yon sijè yo bay yo.

Pou itilize yon istwa foto, kisa ou ta dwe fè?

- Bay esplikasyon ki klè pou patisipan yo konprann kisa yo sipoze fè ak kouman yo dwe fè li.
- Asire w patisipan yo konprann sekans nan foto yo ak kouman nan “li” istwa yo (pa ekzanp, kouman distenge ant yon tèks panse ak yon tèks pale).
- Apre patisipan yo fin “li” istwa a, ouvè yon diskisyon, poze yo yon seri kesyon gide.

Ki avantaj ki genyen lè w sèvi avèk istwa foto?

- Istwa foto angaje patisipan yo vizyèlman.
- Menm patisipan avèk ladrès alfabetizasyon trè limite yo kapab “li” istwa foto.

Kisa ki defi yo lè w itilize istwa foto?

- Si foto yo pa klè, istwa foto a ka pa transmèt mesaj la byen.

## FÒMASYON ANT KAMARAD

Fòmatè a mande patisipan yo aprann kontni an, an ti gwoup epi prezante l bay patisipan parèy yo (olye se fòmatè a ki prezante matyè a). Patisipan yo ka itilize retropwojektè oswa bwat imaj pandan prezantasyon yo, oswa yo ka prepare enfòmasyon yo sou gwo fèy papye.

Ki avantaj ki genyen lè w sèvi ak fòmasyon ant kanmarad?

- Fòmasyon ant kanmarad ede patisipan yo aprann epi sonje pi byen plis enfòmasyon paske yo te aprann li anvan yo te anseye l bay lòt moun yo.
- Fòmasyon ant kanmarad bon paske patisipan yo pataje menm istwa ak eksperyans.

Kisa ki defi yo lè w sèvi ak fòmasyon ant kanmarad?

- Fòmasyon ant kanmarad pran plis tan pase prezantasyon fasilitatè paske patisipan yo bezwen tan pou prepare.
- Si kontni an pa klè e senp, patisipan yo ka gen pwoblèm pou konprann li byen epi anseye l.
- Kèk patisipan ka pa santi yo alèz pou prezante devan gwoup la.

## BRIZ GLAS

Yon Briz glas se yon aktivite kout ki sèvi pou ede patisipan yo rilaks epi pou youn aprann konnen lòt oswa abitye travay ansanm. Briz glas yo an jeneral fèt nan kòmansman fòmasyon an. Yo souvan itilize tèm oswa kontni fòmasyon an. Egzanp briz glas mande patisipan yo pou prezante moun ki chita kote yo a, dekri kisa yo pi renmen nan travay yo, oubyen di kisa y ap atann de fomasyon an.

Pou facilite yon Briz glas, kisa ou ta dwe fè?

- Eksplike enstriksyon Briz glas yo klè.
- Bay yon egzanp nan sa ou ta renmen patisipan yo fè pandan Briz glas la.
- Kenbe sijè a an mouvman.
- Fè Briz glas la tou kout, pa plis pase 15–20 minit.
- Pa mande patisipan yo pou pataje enfòmasyon ki trè pèsonèl pandan Briz glas la.

Ki avantaj ki genyen lè w sèvi avèk Briz glas la?

- Briz glas la ede patisipan yo rilaks, pataje yon bagay sou tèt yo, epi aprann yon bagay sou lòt patisipan yo nan kòmansman yon sesyon fòmasyon.
- Nan gwoup kote patisipan yo youn pa konnen lòt byen, Briz glas la ka ede patisipan yo santi yo pi alèz youn ak lòt.

Kisa ki defi yo lè w itilize Briz glas la?

- Patisipan ki timid yo ka pa santi yo alèz pou prezante tèt yo devan yon gwo gwoup.
- Si gwoup la gwo anpil, Briz glas la ka vin twò long. Si gwoup ou a gwo anpil, konsidere sa, divize patisipan yo an ti gwoup pou fè yon Briz glas. Apre sa, chak ti gwoup yo ka pataje 1 oswa 2 atik ak gwo gwoup la si gen tan.

## TI SOUKE KÒ

Yon Ti souke kò se yon ti amizman tou kout, yon aktivite ki ka enplike mouvman fizik. Ti souke kò yo itilize pou ogmante nivo enèji patisipan yo lè yo fatige oubyen lè yo gen dòmi, oswa lè yo bezwen yon ti repo apre yon aktivite ki te long. Ti souke kò a pa bezwen an relasyon ak kontni fòmasyon an. Ti souke kò ka ede bati rapò nan mitan patisipan yo paske yo te enplike nan plezi ansanm. Egzanp ti souke kò yo danse, chante, bat men, imite mouvman yon fòmatè, fè yon ti detire, ak jwèt fizik.

Fasilitatè yo dwe fè plan pou omwen 4 ou 5 ti souke kò chak jou nan fòmasyon an. Manyèl sa a pa vrèman gen egzanp ti souke kò, men fasilitatè yo ka jwenn anpil bon egzanp nan *100 Fason Enèjize Gwoup yo: Jwèt yo itilize nan atelye, reyinyon ak kominote a*, International HIV/AIDS Alliance fè, [www.aidsalliance.org](http://www.aidsalliance.org), pibliye nan Progression, [www.progressiondesign.co.uk](http://www.progressiondesign.co.uk). Ti souke kò yo kapab trè senp, tankou mande yon patisipan pou dirije gwoup la nan yon chante oswa yon dans.

Pou facilite yon Ti souke kò, kisa ou ta dwe fè?

- Eksplike enstriksyon Ti souke kò yo klè.
- Kenbe vitès la an mouvman.
- Sèvi ak bon imè epi ankouraje moun ri.
- Sispenn lè tout moun antrene, 5–10 minit maksimòm.
- Sèvi ak Ti souke kò souvan, omwen chak inèd tan konsa.

- Chwazi Ti souke kò ki pa pral fè patisipan yo mal alèz oswa jennen. Pa egzanp, pa chwazi Ti souke kò ki gen ladan l touche lòt moun, pou si patisipan yo pa alèz ak sa.
- Chwazi Ti souke kò tout moun ap kapab fè, pa egzanp, mouvman ki pa konplike oswa difisil.
- Asire w patisipan yo gen ase espas pou fè Ti souke kò a. Deplase chèz ak tablo yo si sa nesesè.

Ki avantaj ki genyen lè w sèvi avèk Ti souke kò?

- Ti souke kò ogmante nivo enèji patisipan yo.
- Ti souke kò ede patisipan yo remèt yo epi santi yo pare pou aprann plis.
- Ti souke kò fè fòmasyon an amizan.

Kisa ki defi yo lè w itilize Ti souke kò ?

- Si gwoup ou a gwo anpil, ou ka pa gen ase espas pou fè kèk kalite Ti souke kò. Planifye fè Ti souke kò ki ka fèt nan espas ke w genyen an.

## JWÈT

Aktivite Fòmasyon an detanzantan mete jwèt ladan l, an jeneral, pou ede patisipan yo revize sa yo te deja aprann. Jwèt la an jeneral mande pou divize patisipan yo an ti gwoup, poze gwoup yo kesyon, e anregistre nòt yo. Si pa gen jwèt nan Manyèl Fòmatè a, fòmatè yo ka prepare pwòp jwèt pa yo epi kreye yon lis kesyon ki baze sou kontni modil la.

